Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

5/2020
сентябрь - октябрь





Гъуниб районалъул Гьонода росуги гьелда тIаде къулун КвилимегIерги

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

# 5

# 2020

**сентябрь - октябрь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов,
МухIамадрасул ГIумаров.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

НОМЕРАЛДА РУГО:


**МУХIАМАД АХIМАДОВАСЕ – 65 СОН**

**М.ПатахIов.** Гъунаралъ вахана борхалъуде..................................................3
**М.МухIамадов.** Дир гьудул – МухIамад АхIмадов....................................6
**М.ХIамзаев.** Гьудуласул хIакъалъулъ рагIи................................................7
**М.-Р. ГIумаров.** АхIмадов дида кечI гьечIеб дунялалда цеве чIезавизе кIоларо.............................................................................................9
**ХI.ГIизудинов.** «ЦIумазул азбука – аваразул мацI»..................................14
**Т.Зургьалова.** АхIмадовасул нухда дир адабалъул гIеретI.......................16
**М.АхIмадов.** Нусго кечI..................................................................................19
**М.АхIмадов.** МугIрузул васасул рекIелаб дугIа........................................35

**ИСКУССТВОЯЛЪУЛ ЦIВАБИ**

**ХI.ГIабдулгъапуров.** Театралъул эмен......................................................71

**МУИ ХIАСАНОВА ГЬАЮРАЛДАСА – 90 СОН**

**А.ХIасанов.** Хасаб гьунаралъул кочIохъан................................................76

**ТАРИХ**

**Ш.ГIисаев.** Имам Шамилил умумул киса рукIарал?................................87

**ВАГIЗАБИ, ГIАКЪЛАБИ, НАСИХIАТАЛ**

**ГIуриса ГIалил МухIамад-хIажи.** Берцинаб хабар.................................94


*Жилдазул 1-себ гьумералда: Россиялъул мустахIикъав художник, Дагъистаналъул халкъияв художник ГIали МухIамадовас халкъияв шагIир ГIабасил МахIамадил росулъ – ЛъагIилухъ гьесие лъураб памятник.*

---


Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография:** **ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №5 2020 г.**
*сентябрь - октябрь*
*На аварском языке*

Выход в свет 5.10. 2020 г.
Тираж 825 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ №761 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# МухӀамад АхӀмадовасе – 65 сон

## ГЬУНАРАЛЪ ВАХАНА БОРХАЛЪУДЕ

*Расул ХIамзатовасул поэзиялъул тIокIлъиги, тIадегIанлъиги, хаслъиги бихьун, араб къарнуялъул кIикъоялда анцIабилел, лъабкъоабилел соназда, гьесда релълъун хъвазеян лъугьуна гьесда хадусеб гIелалъул Дагъисталналъул гIемерал поэтал. Хадубккун гьезул цо-цоязда жидерго нух батула. БатичIелги хутIиларищха. Гьебго жо лъугьана нилъер литератураялда ункъоабилел соназул авалалдаги. Гьанжего гьанже хъвадаризе байбихьулел дунги дир гIелцоялги битIахъе МухIамад АхIмадовасул поэзиялъул асаралъукье кканин абизе бегьула. МагIарул поэзиялъул гIорхъаби гIатIид гьаризе, тIад ургъани, пикру бегIер гьабизе, кочIол гIуцIиялъул цIи-цIиял къагIидаби ратизе рес букIин бихьана нижедаги гьесул кучIдулги поэмабиги цIалидал.*



*Байбихьуда гьесда релълъун хъвадаризеги хIалбихьана гIемерисеца. Хадуб жиде-жидер нухал ратаралги ккана, ратичIого, салулъе араб лъим гIадин тIагIаралги ккана.*

*ХIакъикъаталдаги, ракIалде ккезе бегьулаан дунялалъул бокьараб халкъалъулалдаса нахъе ккечIеб халкъияб поэзияги бугеб, Инхоса ГIалихIажияв, БакьагьечIиса ЧIанкIа, ХъахIабросулъа МахIмуд, ЦIадаса ХIамзат, Расул ХIамзатов гIадал шигIрабазул цIвабиги рахъараб, тIадеги цоги-цоги гьунар бугел поэталги рижараб магIарул халкъалъул поэзиялда цIияб рагIи абизе, цебеккун рагIичIеб цIияб пикру загьир гьабизе, кинабго рахъалъ щвалде щвараб нилъер шигIрияб дунялалда хасаб хатI, цIияб къагIида батизе рес гьечIилан. Аллагьас кIудияб гьунарги кьурав, гьунар цIубазабизе цIалун дунялалъул адабияталъул гIелмуги рагIа-ракьанде щун босарав, гьеб кIиябго цIунизе таваккалги гIурав АхIмадовас, жиндирго къагIидаялъ дуниял бихьиялдалъунги, кечI хъваялъул цIи-цIиял хаслъабиги нухалги ратиялдалъунги гIатIид гьаруна аваразул поэзиялъул гIорхъаби. Цогияз бокъинабураб, ругьунаб нухдасан инчIого, гьесда кIвана бокьарав чиясда жив ватIа вахъизе кIолеб жиндирго нухги, хаслъиги, хатIги,*

*къагIидаги батизе. Гьединлъидалин, гьеб кинабго унго-унголъунги бичIчIунин, жиндирго гIумруялъул ахир гIагарлъулеб заманалда Расул ХIамзатовас васият гIадин гьадаб «Дица дуй кьолеб буго, дица дуй толеб буго…» абун байбихьулеб кечI МухIамадие сайгъат гьабурабги. КIудияв шагIирас авалияб тIанчида гьеб кечIги хъван кьураб кIудияб блокноталда хъвана АхIмадовас, гьесул творчествоялда цIи-цIиял рахъал рагIи гуребги, магIарулазулги, Дагъистаналъулги литератураялда абураб цIияб рагIилъунги, магIнаяб пикрулъунги, гьелъул хасаб гьумерлъунги рикIкIине мустахIикъаб «Поэт» абураб тIехь. Гьеб тIехьалда гIатIидго рагьун буго магIарул адабияталъул тарихги нилъер литератураялъул классиказул творчествоги. Гьелдаго цадахъ жибго литературиялъул хIакъалъулъ пикрабаздасан гIуцIараб, тIехьалъе цIар кьураб «Поэт» абураб бутIа цIиял кицабаздасан данде гьабураб бугин абизе бегьула.*

*Доб Советияб заманалда гIадин хIакъикъияб къадру-къиматалда нилъер адабиятги букIарабани, гьадабго бичIчIиялъул цIалдолелги рукIаралани, АхIмадовасул «Поэталъ» Дагъистаналъул гуребги, Россиялъулго литератураялда хасаб, бихьулеб бакIги кквезе букIараблъиялда щаклъи гьечIо.*

*Гьаниб чанго рагIиялдалъун ракIалде щвезабун бажариларо, кIиго батIияб заманги бихьарав, кIиго гIасруялъул гIорхъода гIумруялъул карачелазулъги лъедолев, гьезул гьулчиялъ пикрабиги гьарзалъизарурав МухIамад АхIмадовасул гIемер рахъазулаб, гIемер кьеразулаб, гIемер жанразулаб творчество. ГIемер батIи-батIиял темабазда хъварал кучIдул, ункъжугьаби, микьжугьаби, кьер-кьерал сонетал, диалогаздасан гIуцIарал, жалги цебеккун магIарул адабияталъе хасияталлъун рукIинчIел поэмаби, инсанасул ракI Аллагьасде гIагар гьабиялъе квербакъулел цогидалги шигIрабигун къасидатал – гьеле батIи-батIияб заманалда гьесул къалмикьа къватIире арал асарал. Гьенибги, гьитIинаб-кIудияб батIалъи гьечIого, щибаб асаралъул аслияв геройлъун живго автор вихьулев вукIиналъ ракI цIала гьел цIализе, гьесул бакIалда нилъгоги лъун хIисаб гьабидал, бичIчIула жакъасеб къоялъул къисмат, тIамула гьаб заман насиблъарал нилъерго гIумруялъулги пикру гьабизе.*

*КIикъогогIан соналъ лъала дида МухIамад АхIмадов. ШагIир хIисабалда жеги чанго соналъги цеве лъалаан газетаздагун журналазда ва «Сардил кагътал» абураб гьесул тIоцебесеб тIехьалда рахъарал кучIдуздасан.*

*Жакъа гIадин ракIалда буго, культураялъул училищеялда цIалулев дир, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул Союзалъул правлениялъул секретарь МухIамад АхIмадовасулгун лъай-хъвай ккараб доб хасалил къо. МухIамад Москваялда гIумру гьабун вугел соназда цIалулев вукIана*

*дун гьенив Литературияб институталда. Гьев гIемер вихьулаан Владимир Соколов, Роберт Рождественский, Юрий Кузнецов ва цогидалги гIурусазул цIар рагIарал поэталгун. Гьез АхIмадовасул, поэтги гIаданги хIисабалда, гьабулеб адаб-хIурмат бихьидал, рохалил асарги лъугьунаан рекIелъе. Гьедин букIуна нилъер чиясдехун къадруял гIадамазул унго-унголъунги лъикIаб бербалагьи бихьидал.*

*Цоги гьанибго абичIого гIоларо, анцIила анкьгогIан сон буго Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъе нухмалъи гьабизе МухIамад АхIмадов вищаралдаса. ГIемерисезда кколеб букIун батила, Расул цевеса индал гьеб союз, щив гьениве кканиги, гьесухъа хIалтIиги бажаричIого, биххилин. ГIадамасда гIамал рекъезабизе лъалеб хасияталь МухIамадида кIвана киналго миллатазул хъвадарухъаби цоцалъ гъункизаризе. Гьединго загьирлъана гьев лъикIав гIуцIарухъан вукIинги. Рихьизе бокьаразда рихьулел ратила Хъвадарухъабазул союзалъул цебехъанлъиялда МахIачхъалаялдаги республикаялъул цогидал бакIаздаги щибаб анкьалъ гIадин тIоритIулел батIи-батIиял тадбиралги, дагьалниги чIахIиял гьединал тадбиразда гIахьаллъизе Москваялдасаги улкаялъул цоги-цоги бакIаздасаги машгьурал хъвадарухъаби рачIунел рукIинги.*

*Дица гьанир рехсолел гьечIо цохIо магIарул мацIалда гурелги, Москваялдаги, улкаялъул цоги регионаздаги, улка бахун къватIибехунги батIи-батIиял мацIазде руссинарун рахъарал МухIамадил тIахьалги, гьесие щварал цIар рагIарал премиялги цогидалги шапкъаталги. Гьелъул хIажалъи букIинаро. Гьеб гьадингоги бичIчIулеб жо буго. Щайгурелъул, жакъа МухIамад АхIмадов вуго Россиялъул литератураялъул гьанжесел хъвадарухъабазул аслияздаса, халкъалъ рикIкIунездаса, жидер творчествоялъул цебетIей тIадегIанлъиялда бугездаса цоявлъун.*

***МухIамад ПАТАХIОВ.***

## ДИР ГЬУДУЛ – МУХIАМАД АХIМАДОВ

Исана 65 сон тIубала дир лъикIав гьудул, Дагъистаналъул халкъияв шагIир, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъул нухмалъулев АхIмадов МухIамад АхIмадович гьавуралдаса.

Гьев вуго унго-унгояв халкъияв шагIир, таржамачи, публицист, гIемерал мажмугIазул автор. МухIамад АхIмадов вуго кIудияб пагьму-гьунар БетIергьанасдасан насиблъарав, гIакъилав, таваккалав, лебалав, хIалтIулъ кIвахI гьечIев, жиндир къалмикьан бачIунеб щибаб рагIулъ бихьинчилъи-бахIарчилъи бессизе бажарарав чи. ШагIирасул цIикIкIараб гьунар буго жинца хъвалебщиналъулъ щибаб рагIи кколеб бакIалда, устарас къадалъ гамачI гIадин, рекъезабун лъезе.

МухIамад АхIмадовасул шигIрияб хIаракатчилъиялъул дунял буго жиндирго гимнгун, байрахъгун, мацIгун, кучIдулгун жибго жиндаго чIараб пачалихъ.

Гьаб захIматаб заманалдаги гьесул поэзиялъ гIадамазул ракIазулъе хинлъи лъугьинабула. Бокьарав тохтурасулалдаса цIикIкIараб бажари буго гьесул жиндирго шигIрияб рагIудалъун инсан гIумруялдаса ракIбуссиналъул гIузруялдаса хвасар гьавизе.

Махщел ва хIалбихьи бугев устарас гIадин тIадчIун, яхI бахъун ва цIикIкIараб сабругун гIуцIун буго шагIирас жиндирго поэзиялъул низам. Гьесул асараз инсанасулъ лъугьуна ТIадегIанасулгун гьоркьоса къотIи гьечIеб бухьен.

МухIамад АхIмадов вуго халкъалъ къабул гьавурав, мустахIикъаб машгьурлъи щварав шагIир. БатIи-батIиял соназда хъварал гьесул кучIдулгин поэмаби цIияб гIасруялдаги мустахIикълъана Россиялъул ва халкъазда гьоркьосел тIадегIанал литературиял премиябазе.

Дагъистаналъул халкъияв шагIирас жиндирго асаразулъ рорхулел руго инсанасул, жамгIияталъул, абадияталъул кIвар бугел масъалаби. ШагIирасда гIемерго лъикI бичIчIула кинаб заман бачIун бугебали ва, гьелъул хIисабалги гьарун, шигIрабалъ бессула гIумру.

ШагIирасул гIамал-хасияталъул гIажаибаб рахълъун рикIкIине бегьула, жиндир хIаракатчилъиялъе кигIан цIикIкIараб ва тIадегIанаб къимат кьолеб бугониги, гьелдаса чIухIунгутIи, гIамал кIодолъун лъугьунгутIи.

Гьесул буго гьваридаб лъайги, камилаб гIакълуги, гьев ккола берцинаб гIамал-тIабигIаталъул унго– унгояв интеллигентги.

Гьев магIарул росулъа вас улкаялъул адабияталде гъорлъе лъугьун вачIана, халат рахъун ралел цIадазул ихх гIадин, рорхатал мугIруздасан пулеб гьури гIадин, хIалуцун ва жив вачIаравлъи лъазабизе гIураб бажариялда. Школалъул партаялда нахъа вукIаго тIамуна гьес кIудияб поэзиялде гали.

МухIамад АхIмадов кидаго вукIана ва вуго жиндирго хаслъи бугевлъун, жив лъицаниги такрар гьавулаoriginal ревлъун. Жидела цIилъиги, хаслъиги, хинлъиги, рацIцIалъиги букIиналъ нух бахъана гьесул асараз цIалдолезул ракIазулъе.

*МухIамад МУХIАМАДОВ,*
*филологиял гIелмабазул доктор, профессор.*

## ГЪУДУЛАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ РАГIИ

Дида киданиги кIочон толаро МухIамад АхIмадовасулгун дир лъай-хъвай ккараб 1986 соналъул хаслихълъидул къо. Школалда цIалулеб мехалдаго «КучIдул» ва «Заманаялъул балладаби» абурал гьесул тIахьалги цIалун, шагIиргун дандчIвазе гъираялда вукIана дун. Хасго дие кIудияб асар гьабун букIана Инхоса ГIалихIажиясде гьабураб МухIамадил поэмаялъ. Доб советияб заманги букIун, ГIалихIажиясул хIакъалъулъ къанагIатги чияс хъвалароан. Жеги мунагьал чураяв ЖабрагIил ХIасановас гIемер бицунги лъалаан дида МухIамад магIаруллъи бокьулев, ракI гIатIидав ва гIадамал хирияв инсан вукIин. Хъвадарухъабазул союзалъул секретарлъунги хIалтIарав, чанго тIехьги бахъарав магIарулазда рагIарав шагIир МухIамад АхIмадовги, гьанжего гьанже армиялдаса вачIарав, Дагъистаналъул университеталъул филологияб факультеталъул тIоцебесеб курсалда цIалулев, гьоркьо-гьоркьор цо-цо кучIдулги хъвалев дунги. ТIоцебесеб къоялъго ккана нижер гьудуллъи. Гьарунов СагIидил цIар лъураб къотIноб дица ккураб рокъоре ана ниж. Къаси рогьинегIан цIалана нижеца цоцазе кучIдул. Гьелдаса нахъе МухIамадгун дандчIвачIеб къо дир къанагIатги букIинчIо. Щибаб къойил къаденахъе цIалулеб бакIалдаса щвейгун, дица нух босулаан Буйнаксиясул къотIнобе шагIирзабигун дандчIвазе. Доб мехалъ МухIамадица дир лъай-хъвай гьабуна машгьурав магIарул шагIир, гIаданлъи бергьарав инсан мунагьал чураяв ГIумархIажи Шахтамановасулгун.

Къойилго гIадин хис-хисун кколел дир къваридалго рукъзалги, ракIал гIатIидал шагIирзабазул цIураб сверухълъиги. ЦIакъ аваданаб заман букIана. ГIумархIажиги вачун вачIунаан МухIамад кидаго дица ккураб рокъове. РакIалда буго, Шахтамановас гьелда цIар лъун букIана шигIрабазул рукъ (сакля поэзии) абун. Киданиги кIочон толаро АхIмадовги, Шахтамановги, ЖабрагIилги дунги Батирайил къотIноб букIараб дир гьитIинабго рокъор, щивас цо-цо мухъги хъван, цоцахъе кьолеб тIанчида кечI гьабулел рукIараб сордо. Жеги цебе чIола Морская улицаялда ралъдал рагIалда букIараб дир рокъов, доб заманаялъ жеги гьукъарал, Гумилевасул кучIдул шавкъалда цIалулев АхIмадов. Гьесул цIалиялъ битIахъе цIа лъолеб букIана гьадинги каранда бакI къварилъараб гIолохъанаб дир ракIалда. МухIамадица гIемер абулаан, кигIан квешав чияс хъваниги, лъикIаб кечI лъикIаб кечIлъун букIунилан. Данделъанщинахъе нижее АхIмадовас ракIалдасан цIалулаан МахIмудил, ГIалихIажиясул, Расулил, Пушкинил, Блокил, Пастернакил, Шекспирил ва цогидалги классиказул кучIдул. Абизе бегьула доб мехалъ дир гьитIинабго рокъоб шагIирзабазул кружок рагьун букIанилан. Гьенире гIемер рачIунаан ГIумархIажи Шахтаманов, ЖабрагIил ХIасанов, ТубхIат Зургьалова, ГIумаржан ХIажигIалиев, ГъазимухIамад ГъалбацIов, Набигула Жаватханов, МухIамадрасул ГIумаров, ГIибранил ХIажияв ва цогидалги хъвадарухъаби.

Цо къоялъ ГIумархIажиги рокъов тун, гонораралда хадур арал дунги АхIмадовги къасиялде гурони тIадруссун щвечIо. Къоялъ нижехъ балагьун чIезе ккедал, дагьалъ ракI бакъварав гIадинги вукIун, Шахтамановас нижер

сурав босулеб гьитIинабго пьеса хъван батана имам Шамилги, МахIмудги, Пушкинги ва Лермонтовги, нижее тамихI гьабиялъул бицун, иргадал кIалъазарун. Гъезул суратал рукIана дир рукъалъул къадада ран. Жакъаги ракIалда буго гьеб пьесалъул ахир – имам Шамилица абулеб: «Щиб гьабилеб, наиб ГIумархIажияв, гIундул кьуре гьел гIолохъабазул, гьелда гIайибги къокълъизабе», – ян.

ГIемер ракIалде щола 1988 соналъул риидал Фазу ГIалиевалъ «МагIарулай» журналалда жиндиего кьураб кIиго гьумер АхIмадовас дирги ЖабрагIилилги кучIдузе кьураб къо. Гьелдаса ниж рохун рукIараб куц! Доб заманаялъ гьеб бокьа-бокьарав шагIирас гьабулеб жо букIинчIо. ХIакъикъаталдаги жакъа тIубараб тIехь бахъиялдасаги доб мехалъ журналалда гьумер кьей нижее кIудияб ва ракIбалеб жолъун букIана.

АхIмадов вукIана кидаго гIадамазе кумек гьабизе хIадурав чилъун. МухIамадица батIи-батIиял хъвадарухъабиги шагIирзабиги «кIалъазарун» магIарухъа рачIарал гIисинал гIолохъабазул анцI-анцI чи цIализе лъуна дол соназ нилъерго вузазда. Гьединго АхIмадов кидаго вукIунаан гIолохъанал хъвадарухъабазе кумек гьабулев, гьезул кучIдул гIурус мацIалде руссинарулев (подстрочникал гьарулев). Гьелдаса нахъе лъебералда ункъго соналъ гьоркьоса къотIичIо АхIмадовасулги дирги гьудуллъи. МухIамад – Москваялде, дун ГIарабиялъе ккана, амма кир рукIаниги нижер цоцазулгун рекIелаб бухьен тIечIо. МухIамадица гIемерал шигIрабазул тIахьал хъвана, гьесие гIемерал премиялги шапакъаталги щвана, гьесул асарал анцI-анцI батIиял мацIазде руссинаруна. Цоги асаразул бицинчIого, АхIмадовасул цохIо «Поэт» абураб тIехьги «ГIарафат» абураб поэмаги гIела гьесул творчествоялъул унго-унгояб къимат лъазе.

Долдаса нахъе гIезегIан сонал ана, гIемерав жо хисана, гIемерисел нижер гьудулзаби, гьаб дунялги тун, абадияб рокъоре ана. Амма хисичIо МухIамад. Дагъистаналъул халкъияв шагIир, рикIкIен гIемерал премиязул лауреат, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул председатель, жамгIияв хIаракатчи, дир гьудул МухIамад АхIмадов къойилго гIадин батIи-батIиял сиясиял данделъабазда ва сессиязда вукIуна. Амма гьев хутIана довго, рагIуе ритIухъав, магIаруллъи хирияв, лъица хъваниги, лъикIаб кечI бокьулев унго-унгояв магIарул шагIир МухIамад АхIмадовлъун.

***МухIамад ХIАМЗАЕВ,***
***Дагъистаналъул халкъияв шагIир.***

## АХIМАДОВ ДИДА КЕЧI ГЬЕЧIЕБ ДУНЯЛАЛДА ЦЕВЕ ЧIЕЗАВИЗЕ КIОЛАРО

* * *

*Дир гьудул МухIамадрасулие.*

**Щиб дида рагIараб, щиб дида лъараб?**
**Лъарлъун лълъаранибе чвахxана чагъир.**
**Гьираялда дица къабул гьабуна**
**Къоял чIвазе тIолеб чогърол гъалмагъир.**

**Гьир бакIлъулеб буго дир пикрабазул,**
**Зулмуяб заманалъ зар буго букъун.**
**Рекъон гьечIо жакъа гьекъон вукIине,**
**Гьукъараб бокьараб кьураб щай дий ракI?**

**МатIуялда цеве эхетун вуго:**
**Иххал хаселазде сверун рихьула.**
**Сверун ккун вуго дун квешал гьаркьаца,**
**Гьаб ракьалъе кьолел кьогIал гIазабаз.**

**ГIазу балеб буго дир пикрабалъе,**
**Балъголъидул болъо бахунеб мехалъ.**
**Вахунев вуго дун дирго мугIрузде,**
**МагIарулал ругеб борхалъиялде.**

**РагIула Бакълъухъе ахIулеб гьаракь,**
**Гьардарав БетIергьан, цIуне гьеб росу.**
**Гьениса гьудулас бачIараб кагьат**
**Ругънада чIортолъун чIван буго дица:**

**«Гьаниса Гьоноде чапар витIани,**
**Чугун, рогьалида нахъ вуссинадай?**
**Унтарав гьудулас ахIи банани,**
**АхIмадил МухIамад рокъов вугодай?»**

**Щиб дида рагIараб? Щиб дида лъараб?**
**Лълъаранибе ине биччачIо пикру.**
**РухIалъул хIухьелалъ хъахIил зобазда**
**ХъахIал накIкIал тана керен бухIарал.**

Вахъа сапаралде, МухIамадрасул,
Росулъа босе дий яхIалъул гIанса,
ГIанси тIаде тIурал тIолго ургъелал
Гъугъазе гьаризе кочIол мухъазулъ.

КочIол зинаялъул шагIир гуро дун,
ШаргIалъул шигIрулъун лъугьана гIумру.
Даимлъиялъул цIва даимаб зодихъ,
Дихъ балагьун, гьанже нечезе гьечIо.

Чапар витIиларо дица Бакълъухъе,
Бакъуда къвал базе дунго вачIина.
Дуниялги кIочон, КIудиясул хоб
Зоб гIадин каранде бачина дица.

«ЦIечIел цIурахинкIал» гIемераб дунял,
ГIемеразда гуро бичIчIараб, лъараб.
Бакълъухъ бакъ букъараб ГохIдеги вахун,
«ГурхIа, БетIергьан», – ин гьабила гьари.

Цинги Сулейманил МухIамадихъе
ЯхI борцунеб роцен босизе щвела.
Щвараб гIор гIадинав магIаруласухъ
МагIу тIурал мугIрул тIаде къулила.

БахIарчи холаро тушбабаз чIванин,
Тушбаби гьев чIвараб къоялъго хола.
Хвел гьечIолъиялъул цIияб цIва тана
ЦIар борхатав васас Дагъистаналда.

«Бице, аваразул ахирав шагIир,
Щиб хIал дур бугеб?» – ин гьимулаан дов.
Гьими, досул гIадаб, дида бихьичIо,
Бихьинал, дов гIадал, гIемер рижичIо.

Дир расги лъикIаб хIал гьечIо, МухIамад,
ХIалихьалъиялъул цIуна Дагьистан,
Амма, мун гIадинал васал гьарураб,
Гьеб кидаго чIаго букIине буго.

**Дун вачIине вуго ЖабрагIилихъе,**
**Жаниб жа букIараб бокалги бекун:**
**БеканагIан кантIи лъалареб бетIер**
**БетIергьанасухъе кин босилебин.**

**Нилъер гьудуллъидул хIухьел гIадинав**
**ХIамзаев зобазухъ валагьун чIчIела.**
**Гьунаралъул чIчIваби звангьезе гьарун,**
**Зобалазул чIумал кочIолъги рахчун.**

**Гьудуллъидул рокъов ункъавго гьудул,**
**Ункъабго бокIнида гIодор кIусила.**
**Ункъабго рахъалда чирахъ бакила,**
**Ункъго ицц гIадинан, цадахъ кунчIила.**

**Чапар витIиларо дица Бакълъухъе,**
**Бакъуда къвал базе дунго вачIина.**
**Бакълъухъ бакъ букъараб ГохIдеги вахун,**
**«ГурхIа, БетIергьан», – ин бетIер къулила.**

Гьаб «Бакълъухъе кагъат» абураб кечI АхIмадовасул цониги тIехьалда бахъичIо. Гьаб буго шагIирас гьудуллъиялъул гьа гIадин, ракI рагьун, къоло цо соналъ цебе росулъ школалда хIалтIулев вугев дихъе битIун бачIараб рисалат. Дихъго цIунун хутIиялъ къватIибе бахъичIогоги хутIун батила. Гьеб кечI дица гIицIго рисалат гIадин къабул гьабичIо – МухIамадил жиндирго рекIелъ бугеб ургъелги, каранзул хIалуцинги, заманаялъ лъолел ругъналги загьир гьабулеб, дунял тун арал гьудулзабазухъги гIакъилзабазухъги унтараб ракIалъул къватIибе биччараб хIухьеллъун бихьана. Жиндирго гIумруялъе суал кьолеб гIадин кIалъалев вуго гьев. Гьеб суал дандерижи гIадин доб хIалихьалъиги, зулмуги, чIвай-хъвейги, хъамалчилъиги гIемерлъараб заманаялъе кьолеб буго шагIирас. Гьелдаго цадахъ гьес бихьизабулеб буго жив вацIцIадго, кигIан гьетIарал нухаз ва гьалагал чаххияз рахъ-рахъалде реханиги, магIаруллъи хирияв, росу-ракь бокьулев, рацIцIадал иццазул чил-чили рекIелъ хъублъизе биччачIого вугевлъи. Гьелдаса хадув чанцIулго щвана МухIамад Бакълъухъе, гьесие хириял: Бакълъухъа КIудиясухъе, Сулейманил МухIамадихъе, ГIабдулгъапурил МухIамадихъе ва ЖабрагIил ХIасановасухъе – цозулгун рекIел гар-гаралда вукIине, цогиязул заназухъ гIенеккун чIезе, гIумруялъул хIисаб гьабун пашманлъизе…

МухIамад живго лъалелде дида гьесул кучIдул лъалаан. I985 соналъ армиялде унев чияс дица чанго магIарул тIехь босун букIана цIализе цадахъ. Гьезда гьоркьоб букIана «Заманаялъул балладаби» абулеб МухIамадил гьитIинабго тIехьги. Расулил ва цоги нилъер магIарул шагIирзабазул

асаразде ругьунлъарав дида гьеб тIехьалда ругел кучIдул цо киналиго батIаго ургъизе тIамулел, авар адабияталда рукIинчIел гIадинал рихьана. Ругизеги руго гьел, цIи бахъараб нух гIадин, гIадан жиндего ругьунлъизе тIамулеб хIалалда хъварал. Гьесул цо гъварилъиги, пасихIлъиги, цо жиндиего хассаб философияги – кинабго данде гьабун, гьаркьикъал хIарпаз бакъан бачунел гIадал кучIдуз дие батIияб асар гьабун букIана. Гьелдаса хадув ЖабрагIилидасан ва ХIамзаевасдасан лъана живго МухIамадги. Лъараб къоялдаса нахъе жакъа къоялде щвезегIан, абизе кIвела дида АхIмадов ватанин тIолго гIумру шигIруялъе кьурав чи. Гьесдасаги дунялалъулго адабият лъалев, гьелдаго цадахъ магIарул адабият ва фольклор хирияв, гьелъул къимат гьабулев, щибаб каламалъ пана гьавулев чи дида жеги дандчIвачIо. Гьесие квенги лъимги буго поэзия. Чанги сордо рогьун батулаан ниж, гьудулзаби, гIодор чIун, кучIдул цIалулаго. ГIажаибаб гьунар буго МухIамадил гIадамасе шигIру бокьизабизе. ЛъикIаб кечI гьес къабул гьабула, дунялалде бачIараб лъимер гIадин, недегьго, адабалда, рокьиги кьун. ГIемерав чи хилиплъана дида лъалезул кочIое, поэзиялъе, адабияталъе. АхIмадов дида кечI гьечIеб дунялалда цеве чIезавизе кIоларо. Гьесда кIола чед гьечIого вукIине, амма кечI гьечIого вукIине кIоларо. АхIи-хIуралъ цIураб шагьаралда гьесда аскIове щведал батIияб, тIадегIанаб магIарул мацIалъ бессараб дунял батула. РакIалъе парахалъи кьолеб цо магIарул кициги тIамун, кинабго рукIалиде ккезабула.

МухIамадил творчествоялда гьечIо лъие бугониги рецц гьабулел гьурмал, гьес киданиги хъвачIо хIакимзаби яги тIадчагIи реццараб кечI. Гьев гьединал «сариназдаса» кидаго тIадегIанав вукIана. МухIамадил героял – гьел руго магIарулазул тарихалда ругел бахIарзал ва адабияталъул классикал. Поэзиялъул байрахъ киданиги гIодобе биччачIо гьес, «учузал» мухъалги хъван. Гьесул гIакълучагIи руго имам Шамил, ГIали-ХIажи, МахIмуд, ХIамзат– гьездасаги ритIухъаб нух бихьизабулел чагIи нилъерги гьечIо. МухIамадица магIарул адабияталда дозул нух такрар гьабичIо– гьес жиндирго цIияб нух лъуна. Гьеб букIине бегьула цоязе бокьулареб, цогидазе рекIее гIолареб, амма гьеб буго нух – поэзияги адабиятги бечед гьабулеб.

МухIамадида кIвана тарихалда букIараб кинаб бугониги лъугьа-бахъиналъе битIараб къимат кьезе, цIаралда цIар абун цеве вахъине ва гьеб хIужа халкъалъухъе кьун баян гьабизе. Гьесул асараздаса бихьула жиндирго герой гьесда кигIан лъикI вичIчIулев вугевали.

Босун нилъеца анализ гьабуни, АхIмадовасул творчествоялъул чанги чияс диссертация хъвазе гIураб гъварилъиги бечелъиги буго.

Юбилеялде МухIамадил гIумруялъулги, творчествоялъулги, хIалтIулги хIисаб гьабураб мехалъ дида гьев вихьулев вуго, цере СССРалъул заманалда рукIарал кIудиял шагIирзабаздаги гьеб биххун хадуб рахъарал гьанже ругел шагIирзабаздаги гьоркьоб кьоги лъун, гьеб цIунулев чилъун. Расул, Фазу, МухIамад Сулиманов, ГIумар-ХIажи, ГIабасил, Муса МухIамадов ва цогиги нилъер адабият цебе бачарал церехъабазул дарсалги мисалги жакъа гьес кьолеб буго цIи гIолезухъе. МухIамадица, живго вачIиналдалъун цIияб хIухьел биччараб гIадин, цIилъизабун бачIана гIолохъанаб нилъер адабият. Гьесда хадур рачIана цIияб гIел: ЖабрагIил ХIасанов, ХIамзаев, ПатахIов, ГъалбацIов, ТубхIат, ГIайшат ГIалиева, ГIайшат Малачиева, Сабигат МухIамадова, ва цогиги гIемерал, магIарулазул рагIудалъун

цIияб кунчIи нилъее кьурал магIарулал. Гьезие кумекалъе кидаго ватарав чи вуго АхIмадов. МухIамад жакъа нилъер шагIирзабазул цевехъанги, цIикIкIаравги вуго. Гьесие цIакъ захIмат буго гьаб гьетI-гьетIараб нухдасан адабияталъул байрахъ босизе. Нилъ киналго кумекалъе чIезе рекъараб буго гьесул хьолбода. МухIамад, сахлъи дуе ва халатаб гIумру.

## ЩУАБИЛЕБ АПРЕЛЬ

*МухIамад АхIмадовасе*

**Жакъа Табукалде цIад бана дагьаб, —**
**Дагъистан кин бугеб ихдалил гIужалъ?**
**ГIараб авлахъалде накIкI лъолеб бугин, –**
**Бокьулеб Шурабе щенолеб бугищ?**

**Щиб хIалалда вугев, дир лъикIав гьудул,**
**Лъимал гIолел ругищ, гIумру кин бугеб?**
**Гъурбаталда ругел гьудулзабазул**
**Гьабулларищ пикру, кин ругояли?**

**Кинаб асар бугеб, авар шагIир, дур,**
**РикIкIадаса щварал нижей цIализе?**
**ЩIияб гIасруялде некIсияб сарин**
**Босиларищ цадахъ, намус кинигин?..**

*2001 с.*

***МухIамадрасул ГIУМАРОВ,***
***Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член,***
***Авар басмабазул цолъиялъул нухмалъулев.***

## «ЦӀУМАЗУЛ АЗБУКА – АВАРАЗУЛ МАЦӀ»

*Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв поэт МухӀамад АхӀмадовас 65 сон тӀубаялде дагьалго пикраби.*

МагӀарулазул, Дагъистаналъул ва тӀолабго Россиялъул адабияталда жаниб такрарлъи гьечӀеб, хӀикматаб, гъваридаб лъалкӀ толеб буго МухӀамад АхӀмадовасул асараз.

Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, республикаялъул халкъияв поэт МухӀамад АхӀмадов вуго миллатги хирияв миллаталъеги хирияв шагӀир.

Гьев вуго унго-унгояв рагӀул устар. Пикру гьабизе бажарулев, дунялалъухъ батӀиял бераздалъун валагьулев гьесул цӀалдолезда гурони, тӀаса-масагояб бербалагьиялъул гӀадамазда гьесул мухъал тӀубан гъорлъе унаро. Гьесул асаразул гъварилъиялъул гъатазулъе нух бахъизе ккани, гӀедегӀичӀого, пикру гьабун, цӀализе ккола гьел.

Унго-унгояб поэзия ккола тӀадегӀанаб даражаялъул, инсан асир гьавулеб гьунаралъул къуват. Жагъалаб цониги рагӀи батуларо АхӀмадовасул асаразда жаниб. Гьесул рухӀияб дунял буго бацӀцӀадаб, эркенаб, нилъер халкъалъул къисмат жанисан бихьулеб.

**РукӀана халкъалъул некӀсиял сиял,**
**Сиязда цӀаяца гьабулеб ахӀи:**
**ЯхӀ-рухӀалъул гьаракь цоцазухъе кьун,**
**Кьуна тушбабазе дир ракьалъ жаваб.**
**Гьаниб хвел гьечӀого цӀунун букӀана**
**ЦӀумазул азбука – аваразул мацӀ,**

– абун хъвана МухӀамад АхӀмадовас.

Къоялдаса къоялде цӀи-цӀиял рахъал загьирлъулел руго МухӀамадил гьунаралъул. Гьесухъе рачӀунел руго рекӀелъе роргулел, нилъер халкъалъул хӀал загьир гьабулел, камилал рагӀаби. Нилъер миллаталъул чӀахӀиял хъвадарухъабазул кьерда, гьезул ирс босун, халкъалъул аралъулги, жакъаселъулги, букӀинеселъулги ургъалида нилъеда гьоркьов МухӀамад АхӀмадов вукӀин ккола кӀудияб икъбал ва талихӀ.

«Мискинчи» абураб кочӀолъ гьадин хъвалеб буго МухӀамад АхӀмадовас:

**… КьуртӀа гьотӀол гӀадинаб**
**ГӀумру букӀана, гьудул,**
**Гьуригун гӀазу ва цӀад**
**Даим тӀаса унареб.**

**… Дуцаго пикру гьабе:**
**– Кинав нилъер мискинав?**
**Мусруги гӀун, вугев дун,**
**Дунялго гӀоларев мун.**

Гьединал философиял, гIумрудулги хвалилги, лъикIлъиялъулги квешлъиялъулги бицунел, гьел цIадирабазда лъолел жугьаби гIемер руго МухIамад АхIмадовасул.

ЦIакъго кIудиял пикраби жанир ругеб, шагIирасул бищун лъикIал асаразда гъорлъ жиб рехсезесеб поэма ккола «ГIарафат». Гьединаб магIнаялъул, кIваралъул, бухIиялъул, киналго рахъал рекъараб асар авар адабияталда къанагIат дандчIвала. Инхоса ГIали-хIажияс ва цоги магIарул рагIул устарзабаз тIадегIанаб даражаялде бахинабураб рухIияб литератураялъул дунялалда бараб цIияб кIалгIа ккола «ГIарафат» поэма. Гьелда жанир руго, цохIо диниял гурелги, киналниги темаби ва суалал. КигIан гьекъаниги, жеги тIадеги гьекъезе бокьулеб замзам иццул гIадаб тIагIам буго гьеб асаралъул.

**…Дуниял батана батулареб жо,**
**Бортани, кодобе тIокIаб щолареб.**
**Щибго хутIуларо, как гуронани,**
**Каранда цIар хъварав Аллагь гурони.**

**…Дида цебе буго ГIарафат мегIер,**
**ГIарас майданалъул сурат кинигин.**
**Сурав босула гьелъ, дихъги балагьун:**
**– ГьечIо, Аллагь гурев, цогиги Аллагь.**

МагIарул мацIалъул цIвайилаб чирахъ МухIамад АхIмадовасул асаразул хIакъалъулъ ва гьес Дагъистаналъул ва кинабго Россиялъул литератураялда кколеб бакIалъул цебеккунго бицана, жеги бицина.

Хасал дарсал, семинарал гIуцIун, къалмил хIалбихьулел гIолохъабазеги кIудияб кумек гьабулеб буго АхIмадовас. Гьаб къокъабго макъалаялъул ахиралдаги рачIа цIализе АхIмадовасул, рекIелъ къалам ччун, хъварал рагIаби:

**Росулъ бакун буго цого-цо чирахъ,**
**Чияр ракьалда гьелъ канлъи кьола дий:**
**Эбелалъул чирахъ – дир рекIел чирахъ,**
**РекIараб кидаго ссунареб чирахъ.**

**…Эбелалъул чирахъ – мугIрузул чирахъ,**
**МагIарул мацIалъул цIвайилаб чирахъ.**

***ГIИЗУДИНИЛ ХIамзат.***

## АХIМАДОВАСУЛ НУХДА ДИР АДАБАЛЪУЛ ГIЕРЕТI

Хъвадарухъабазул Союзалде, кодор тIинчIал кучIдулгун, ракIчIей гьечIел галабигун тIоцее дун жание лъугьана гьенив доб мехалъ секретарьлъун хIалтIулев вукIарав, адабияталде вачIинго баракатаб ккарав, инсул цIар жиндирго цIаралда цадахъ ахIун гурони, жинда аскIое ине дихъа бажаруларeб доб мехалъ, гьунаралъ гуревги, гIелалъги дидаса цIакъго цевегIан вугевин дида кколеб букIарав, гьелдаго цадахъ, дир ракьцояв вукIиналъ цо батIияб, гIагарлъиялъул гIадаб асар жиндехун дир рекIелъ бугев, дир шигIруялъе мугIалимлъи гьес гьабиялъе кIудияб хьулгунги боржелгунги дие, доб мехалъ гуребги, жакъа къоялъги вугев МухIамад АхIмадов вукIиналъ.

Гьесул баракаталъ гьание щун йигоха… Амма МухIамадида аскIоб инсул цIар дица ахIаниги, гьев бицине гIурал соназ кIудиявги ватичIо, доб мехалъ магIарулазе гIезегIан машгьурлъарав шагIир вукIин гурони. Гьесул «Чанил кечIалъ» асир гьавичIев чиги вукIун ватиларо. Амма дирго рекIелъ гьеб киналдаго цадахъ рещтIараб доб гIагарлъиялъул асаралъ, гьесда хаду-хадуй уней, гьев квешлъиялдаса цIунулей, йихьуларей яц гIадин, гьесул тIалаб-агъаз гьабизе ракIалъ ахIулей ракьцояйлъун йикIанилан ккола дун. Нагагь гьесул хIакъалъулъ бокьилареб калам рагIани, ракI къварилъулаан, ракI гьесда гьечIел чагIаз гьев рехун таравщинахъе, гьесда гьеб бичIчIизабизе бокьулаан… Гьеб заманалда хъван букIана дица «МухIамад АхIмадовасе» цIаралда гъоркь гьеб кинабго гъорлъе бачараб кечI (1988 с.) Бахъизеги гьеб битIана нижерго районалъул «ЦIияб канлъи» газеталде («БагIараб байрахъалъ» бахъиялде хьул букIинчIо…).

### МУХIАМАД АХIМАДОВАСЕ

**Щай мун къварид вугев,**
**Къарнудал шагIир,**
**Щулияб хъалалъун**
**Лъугьараб къоялъ?**
**Хвезе рижаразулъ**
**Даимлъи щвараб**
**РагIул бетIергьанлъун**
**Вахъараб къоялъ?**

**Мун – нилъер векалъул**
**Лъелав чодулав –**
**Чу свакан хадувги**
**Вилълъинин ккола.**
**Мун – гьал перроназул**
**Рогьелазул нугI –**
**ГIумрудул каранда**
**РакIилан ккола.**

**ГIагарал мугIрузул**
**МутагIил гIадин,**
**Мун ракьул нухазда**
**Чапарлъун вуго.**
**Дир гIадал ракIазул**
**МугIалим гIадин,**
**Мун – заманаялъул**
**Хазина вуго.**

**Дур мугъалда баччун**
**Буго инсул ракь,**
**Каранда цIа гIолеб**

**Буго дурго ракI.**
**Дурго соназдаса**
**Ссиялъ борхатаб,**
**Бахилаб рагIиги**
**РагIул къисматги…**

**Багьанаби жакъа –**
**ЖахIдадул кьалбал,**
**Бажарилищ гьезда**
**Гьунаргун рагъун?!**
**Мунги – гьал къоязул**
**Къебелъуда махх,**
**Маххуда кидаго**
**ХутIанищ ругъун?**

**ЦохIо рагIи абун,**
**ГIисинлъи хъаме,**
**Рогьалил сариналъ**
**КIкIурбузул тIеллъун.**
**АхIмакъзабазда гъорлъ**
**АхIмадов вуго,**
**Лилипутазда гъорлъ**
**Дов Гулливерлъун.**

**Щай мун къварид вугев,**
**Къарнудал шагIир,**
**Шагьра сухъмахъазда**
**Гурищ батулеб?**
**БетIер, кIиго гуреб,**
**ЦохIо кверalъ ккве,**
**Квараналъ векалъул**
**Ахир цIезабе…**

**ЦIияб гIасруялда**
**ЦIар лъолеб къоялъ**
**Къалам ккуразда гъорлъ**
**Мунги рещтIина, –**
**ГIагарал мугIрузул**
**МутагIил гIадин,**
**Парнасалъ ахIарав**
**Альпинист гIадин…**

Ана заман. Щуго соналъ цере доб дир рекIел асаралъ ахIарал гIадин, ниж унго-унгоги гIагарал чагIи лъугьана. Щуго соналъ цебе букIана АхIмадовасул 60-сонилаб юбилеялда хурхараб вечер Гъунибги. АхIичIониги, унаан дун гьение. Нижерго ракьалда гьесда баркулелъул дир каламалъулъ рукIана гьадинал рагIабиги: «МухIамад, нилъер лъай-хъвай ккаралдаса нахъе дур тIалаб рекIелъ цIунарай яцлъун хутIун йиго дун. Лъица щиб биcаниги, щиб щайтIан нилъеда гьоркьобе бачIаниги, залалда гIодор чIун ругел нилъер ракьцоял руччабазулалдаса, дур Гьонодаса руччабазулалдаса, гьагъай, кIияйго дур яцазулаздасаги МухIамад АхIмадовасул нухда бищун цебе лъураб Гъуниб магIардаса лълъел цIураб ТубхIатил гIеретI батизе буго дуда.

Нижер ХIажимурадица, ХIамзатил Расулида хьолбохъ чIун бахъараб дир суратги нахъе гьабун, лъола киса-кибго хъахIаб мегежгун вугеб Расулил сурат. РакIги бакъван, щайин гьикъидал, гьес жаваб кьуна: «КIудияб цIаралъул Расулида аскIой яц кIодо гьайи рекъон букIунаро»… ГIурусалъ тIадеги жубана: «Обойдешься»,– йилан.

Дие мунги кIодолъана, Расулго гIадин, дида гурони, лъидаго халлъуларебин кколеб, дулъ бугеб лъимадулаб ракIалъ, гьелъулъ бахчараб лъимадулаб бацIцIалъиялъ, «Алло, поч!» – илан дур кабинеталде ячIиндал, берал гьетIарал щайтIабиги тIагIун, унго-унгояб, шагIирлъиялъул гьоркьоблъиялъ, ракIгъурал харбаздеги, ракIалдещвеяздеги руссун, заманаги, гIумруги, гIелги, дунялги, гIарацги, хIели-реццги хIурудахъ ун, рещтIунеб унго-унгоялъиялъ.

ХӀажимурадица жинцаго бахъараб сураталдаса нахъе къотӀаниги, Расулиеги бокьулаан дун жиндихъе яккизе, цӀаразе жеги гӀун ятичӀониги, дир асарал рехсезе… Дуда цадахъги руго дир суратал. Гьенир нилъ цоцада кӀалъалаго гьимулел руго. Дуда цадахъго дунги гӀедал кӀудияй… Дуца дун нахъе къотӀуге. Яцалъул гӀадин, вац вукӀиналдаса бацӀцӀадабги йохарабги гьими букӀунаро…

Дур шигӀруялъ дир пикрабазе ахирал соназ гьабураб асар лъун букӀана гьаб микьго мухъалъулъ:

**Устарасул баркаталъ**
**Дагьабги камиллъараб,**
**Даимлъиялде унеб**
**АхӀмадовасул шигӀру…**
**Жиндего досде хъвараль**
**ХъвагӀан рехараб дунял…**
**ШагӀир-мурид! Мун вукӀун,**
**АлхӀамдулиллагь щукру…**

*ТубхӀат ЗУРГЬАЛОВА.*





**МухIамад АХIМАДОВ**

## НУСГО КЕЧI

**1.**

**Дуца ургъел бикьуге ургъел гьечIел чагIазде,**
**Ургъел гьечIелщиназда щибниги бичIчIуларо.**
**Рокьи кьоге кидаго балагьал тушбабазе,**
**Багьа дурго гIумрудул борхалъуда хутIизе.**

**2.**

**МоцIрол канлъиялъул камилаб мацIалъ**
**ЦIалула мугIрузе сардида кучIдул.**
**Сагьвиллъарал тIогьал тIуркIизарула**
**ТIадегIанал зобаз кьолеб хIикматалъ.**

**3.**

**КучIдул цIалулев чи хутIулев гьечIо,**
**ЧIобого буго нух кочIохъанасул.**
**Ссунел руго цIваби гьесул зобазда, –**
**Амма кечI бачIуна, гIумру борчIула.**

**4.**

**Пикраби гIемераб ракI букIана дир,**
**РекIел кIутIиялъулъ заз буго бижун.**
**Божилъи гьечIеб гьаб заманаялда**
**Дие божилъи кьун бижула шигIру.**

**5.**

**Апараглъиялда къоял арасда**
**Къисматалъ бицуна ватIан щибали.**
**Рокъове вуссиндал, росдал рагIалда**
**ГIодуларев гIадан гIадада хола.**

6.
Дун рикIкIаде ана – сардал рукIкIана,
Рокъове вуссана – сардал рогьана.
Рагьараб рекIелъе буссунеб буго
Ссун букIараб цIадул меседилаб нур.

7.
Аллагьасда цеве эхетун чIезе
АхIулеб буго как – воре, кватIуге.
Кверал рорхе дуца БетIергьанасде
БатIияб балъголъи рекIеда лъазе.

8.
Гьабго кинаб заман, ургъел бикьизе
Кьолбол чи хутIичIеб, гьудул ватичIеб,
ВатIанги, щибго дур ургъел гьечIого,
Ургъел гьечIез гуккун гIадада хвараб?

9.
Васасда инсул росу рекIелъ букIине ккола,
Васасда инсул сурат кIочене бегьуларо.
Вас – инсул матIу вуго, ватIаналда хутIарав,
Хвел гьечIолъи кьола гьес инсуе дунялалда.

10.
Дун, рокъоб ракIги тун, нухде вахъуна,
Нахъа тараб ватIан цебе батула.
Дун сапараздаса свакан вуссуна,
Ссун букIараб гъастIа рохел рещтIуна.

11.
Дир ракI къварилъула къасиги къадги,
Къадарал гIадамал данде чIваралго.
ЧIагояб гIумрудул божилъи хола,
Хириялин тараз хиянат гьабун.

12.
Къуватав вукIана, гьанже къулана.
Къоларев вукIана, хIал лъугIун буго…
ГIумру – рагъул авлахъ батана дида,
Вагъана дун, къуна, амма къуркьичIо.

**13.**

**ТIугьдузда гьоркьоб тIегь дирги букIана,**
**ЦIвабзазда гьоркьоб цIва дирги букIана…**
**РекIел тIегьги бечIан, заз бижун буго,**
**Божидул цIва боржун, цIар пашман буго.**

**14.**

**ТIогьол авлахъалъул тIегьлъун тIегьала,**
**Зазил авлахъалда зазлъун лъугьуна –**
**Гьеб буго ватIаналъ дие кьураб дарс,**
**Кьурулъа гIодобе гIумру бортидал.**

**15.**

**РекIине чу гьечIеб, аскIов чи гьечIеб,**
**Чияраб дуниял дунгун багъула.**
**Гъугъадула рекIелъ магIарул зобал**
**МагIарухълъи хвараб гьаб шагьаралда.**

**16.**

**– Мун киве вахъарав, ватIан щай тараб?**
**– ТалихI балагьизе вуго дун унев.**
**– ВатIаналъцин дуе кьолареб талихI**
**Кьолеб бакI киб дуда батулеб, пакъир.**

**17.**

**ГIагараб ракьги тун, дунял тирулев**
**Дунялалъул рокъов гIабдаллъун вуго.**
**ВатIаналъул иццул тIагIам кIочани,**
**КIотараб хьуцIцIил лъим гьекъезе ккола.**

**18**

**Мун, дихъги валагьун, гьимулев вуго,**
**Гъумер, гьудуллъидул маскIа бан, буго.**
**Дун цевеса индал къиркщулел цабзаз**
**Бицуна дур диде бугеб рокьукълъи.**

**19.**

**Дуца гьабуралда рекъараб гуреб,**
**Рокъобги къватIибги дуе щоларо.**
**Дунялалда дуца гьабураб гIумру**
**Дове щведал лъала кин арабали.**

20.
Квешлъиялъ лъукъана, хиянат лъана,
Хиялал гуккана, анищ щущана…
Квешал гІадамаца лъикІал гІадамал
Дир рекІелъ кидаго хисизе гьечІо.

21.
Апараглъиялда къоял арасда
Къосине рес гьечІо росулъе сухъмахъ.
Сундухъго кьолареб рокьилъун буго
Ракьалда цо бугеб ватІаналъул нур.

22.
МугІрузде вахунеб эхеде нухда
Нухлулал гьечІого хутІун вуго дун.
Дица ахІи бала: «Кив вугев, гьудул?»
Дида гьесул жаваб рагІулеб гьечІо.

23.
Чияр мухъ-рахъалда алжан батилин,
Рижараб ракьги тун, уна гІадамал.
Амма, заман индал, къан бетІерги ккун,
ВатІан, ватІанилан инагьдула гьел.

24.
Халкъалда рекъараб бакъан бугони,
Бакъулаб рахъалда букІуна шигІру.
ШагІирас гьерсилаб свери босани,
Сурула халкъалда шагІирги кечІги.

25.
БахІарчилъи буго битІараб бицин,
ВатІан тІадчагІазул малакье ккедал…
Кьили чодаги лъун, рагьде гІадинан,
ГІадамаз ахІидал къватІиве вахъин.

26.
ЛъикІазулъцин квешлъи бугел тІадчагІаз
ТІадегІанасул нух хвезе гьабула.
Халкъалъул биги цІцІун, магІуги бичун,
Бечелъун ругел гьел Бичас рачаги.

**27.**
**ТалихI балагьулев талихIав вуго,**
**ТалихI батаниги, батичIониги.**
**ГьечIо гьесий рахIат, рухI чIаго буго,**
**ЧIагояб гIумрудулъ лъедолев вуго.**

**28.**
**Гьанже мадугьалас мадугьаласе**
**«Ма дуе» бачунеб заман лъугIана.**
**ЛъагIалида жаниб цо нухалъниги**
**Цоцазухъе щвани – гьеб хIикмат буго.**

**29.**
**«Дун» абураб рагIи рихун вуго дун,**
**«Дун, дун» бачунеца вуго сверун ккун.**
**Нилъилан абулел лъугIулел руго,**
**ЛъугIанагIан «дуналъ» дунял хун буго.**

**30.**
**Гьудулзаби дагьлъун, тушбаби цIикIкIун,**
**РикIкIунел руго дир ккарал гъалатIал.**
**ГъалатIал чIагояв чиясул ккола,**
**Амма хилиплъичIо тушманасецин.**

**31.**
**МагIарул ракьалда, гIурдада вегун,**
**ГIемер валагьана дун сардил цIвабзахъ,**
**ЦIваби авар мацIалъ кIалъана дида,**
**Авар мацIалъ кьуна гьезие жаваб.**

**32**
**Жакъа къварилъиялъ къвал бараб дунял**
**Дунгун гаргадула, гирун магIугун:**
**МагIарулаз тарал цIудул бусаби –**
**Росаби рихьула хьул къотIун хутIун.**

**33.**
**Суалазул цIураб сурараб заман,**
**Мунагьал гIемерал гIумрудул къоял.**
**Къоло цоабилеб векалъ бекараб**
**РакI буго каранда даим унтулеб.**

34.
Мискинзабазул чорхолъ жеги цIцIузе би бугин,
Буго бечедал чагIаз чагъана къойил хъвалеб.
Чакъалазул тIел буго тIаделъун гIадамазде,
ГIорцIи гьезда лъаларо, рахIму кIочон тун буго.

35.
ГIумруялъул камиял карандаса унаро,
Соназул зазал гIадин, рекIеда къан хутIула.
ВатIан тIаде кколарел, лъималазда лъаларел,
Ругъназде тIаде къулун къварид хутIула шагIир.

36
МагIарухъ гIодана МахIмудил тIамур,
ТIох-тIохазде бахун, Муил цIар ахIун…
Муил росугицин гьечIо ракьалда,
Рокьул кечI хутIана шагIирас тараб.

37.
РагIабазул гIомо бигъараб заман,
ГIумруялъул магIна билараб заман.
ЗахIмалъанагIан дий бигьа гьабизе
Аллагьас кьун буго дие рахьдал мацI.

38.
ХвелгьечIолъи дуца гьаб ракьалда те,
Ракьалде арабго кумек букIине.
ДугIаялда хадуб дур цIар рехсезе
Рохел гIадамазе кье дунялалда.

39.
ШагIирасул гIумру цIунулеб лахIзат:
Рокьи гьечIониги, гьелъухъ гIащикълъи,
Щибаб къойил гьелъухъ валагьунги чIун,
ЧIумаллъун, берцинлъи данде бакIари.

40.
Сон ритIухъаб букIараб жакъа гьереси буго,
Жакъа мекъаблъун бугеб метер битIараб буго.
ВатIаналда рекъолеб бакъан баче, гьинал ракI,
Гьунар кидаго ккезе гьечIо къосараб нухде…

41.
Дида лъан букIинчIо дур рекIелъ букIин
КIудияб жужахIги жахIтагун зазги…
Зарги борхун хадув векерулев мун
Бекун бохгун вуго нахъа хутIулев.

42.
ЛъикIав чи вачIана квешаб хабаргун,
Хабар квеш рихана – рохел лъугIана.
Квешав чи вачIана лъикIаб хабаргун,
Рохел тIадбуссана – тIасалъугьана.

43.
Гьинал ракI, каранде дуца ракIарун
РукIуна гIумрудул ракIалдещвеял:
Щун бихьула сордо цояб рахъалде,
Цогидаб рахъалда бакъ буго къалъун.

44.
Рохьор гъутIби руго гъункун эхетун,
Аххаде бакъул чIор биччаларого:
Пачалихъалда гьел релълъун рихьула,
Хьул къотIарал халкъал бакъухъ урхъараб.

45.
Нух къосараб сардилъ канлъи бихьани,
Каранда батIияб къуват рещтIуна.
БатIияб асаралъ асир гьавула,
Аллагьас бакараб чирахъин ккола.

46.
РекIел балъгояб каву киназго рагьуларо,
Ругьунлъула гIадамал гIадада къоял ине…
Къасигун къад чIечIого хачалеб бугеб дунял
Хечлъун лъугьунеб буго, рекIел ритIухълъи чIвалеб.

47.
Кинабго рахъалде рахъу хьвагIулеб
ГIасруялъул авал – ахир замана.
Мунагьазул гудур гIумру кквезе гъун,
Гъапул гьарун руго хутIарал къоял.

**48.**

**Воржине бугеб хиял холаро инсанасул,**
**ГIасрабаз гIасрабахъе кьолеб буго гьеб анищ,**
**Кверал хьвагIун воржарав жеги гIадан вижичIо,**
**Вижана божилъиялъ борхалъуде воржарав.**

**49.**

**ГIумруялъ гIадамал гуккун ругьунал**
**Лъугьуна, мех-мехалъ, Аллагь гуккилин.**
**Ккола гьезда гьебги бажаранилан, –**
**Гьеб бажарарав чи жеги вижичIо.**

**50.**

**Эбел йихьарайго лъимер кинигин,**
**Кидаго вохана ватIан бихьидал.**
**ВатIан букIинчIо дий лъикIабгун квешаб,**
**Гьеб Аллагьас кьураб ватIан букIана.**

**51.**

**Гьанже годекIанир чагIи дагьлъана,**
**Чиякъал ганчIазда хараби гьечIо.**
**Хирияб ракьалъул маргьуги мацIги**
**БацIцIадаб рекIелъан чвахулеб гьечIо.**

**52.**

**Инсул рагIабазул магIна бичIчIизе**
**ГIумрудул магIарде вахине ккола.**
**Дурго лъимал гIедал бичIчIула дуда:**
**Балъголъи лъалев чи вукIана эмен.**

**53.**

**Ана дирги гIумру гIадамазда гъорлъ,**
**ГIодов дун ккаравго, рохун релъулел.**
**Къапилабаз гIуцIун буго пачалихъ,**
**Цо чиясул гIумру гIадахъ босичIеб.**

**54**

**КIудияб дуниял сверун вуссана,**
**Сапаразда ана гIемерал сонал:**
**ГIумрудул борхалъи магIарухъ буго,**
**Рохелгун пашманлъи кибго цо буго.**

55.

Кибениги инчIо кинидул канлъи,
Кинабго рахъалъан бецIлъи чIаниги,
БацIцIадаб ицц гIадин, букIана рекIелъ
РикIкIада хутIараб ватIаналъул кечI.

56.

ГъечIо цойги гIумру, гIумру хисулеб,
ГъечIо цойгиги хвел, дур хвел хисулеб.
Халатаб нухалъул ахир цо буго:
Хирияб ракьалда хутIулеб зани.

57.

ГIурухъе щваравго, магIарде бокьун,
МагIарде вахиндал, гIурухъе бокьун,
ГIумру унеб буго, анищги дунги
Анир киданиги данде кколаро.

58.

ЗаргIанасеб ракI буго заманагун багъулеб,
Гъугъай буго каранда киналго ургъелазул.
Ургъел гьечIелщиназе босун буго тIадчилъи,
ТIаде гурун рихьула гьезде жанисел лагъзал.

59.

ЗахIматаб хIал буго жахIдачагIазул,
ЖужахIалъул гуреб хIухьел чIваларел.
ХIалхьи толеб гьечIо гьезие цIараз,
ЦIвабилъун кенчIолел, канлъи бикьулел.

60.

ГIумруялъул нухда цере унезда
Нахъа хутIун ругел данде чIваларо.
Амма, цо-цо мехалъ, нахъа хутIарал,
РукIаралъур гьел тун, церехун уна.

61.

Нужер эркенлъи цо, рекIел пикраби,
Бидул кIутIиялъулъ роржунел ругел.
Нужер хIинкъи, унго, ботIрол пикраби,
Кинабго рахъ цIехон, хаган чIун ругел.

62.
РекIел гIумру херав магIаруласул
ГIелмуялдасаги гъваридаб буго.
Бихьун лъараб буго гьесда балъголъи:
Бокьараб суал кье – гьес жаваб кьола.

63.
Хераб гьоко гIадин, къасиги къадги
Къаркъала къиркъилеб буго гIумрудулъ.
Гьелъул кьориниб ракI, хIинчI гIадин, буго
ГIолохъанлъиялъул бакънал рачунеб:

64.
Дица лъиданиги гIайиб чIваларо,
ГIайибазул бетIер – цохIо дун вуго.
Дир гъалатIазулги мунагьазулги
БетIергьан – дун вуго, цогидал гуро.

65
Аллагьас кьуралда рекъоларев чи
Рокъовги къватIивги къварид вукIуна.
БукIунаро гьесий кидаго хIалхьи,
ХIал хьублъизабулеб жахIда гурого.

66.
Дир рекIел кIутIиялъ кIутIбузе кьолеб
Рокьул гьаракь буго рагIи абизе.
ГIищкъуги шигIруги цолъизабулеб
Цо бакъан рагIула магIарул кочIол.

67.
ГьотIода хIанчIил бусен бесдалго хутIун буго,
ГьветI бакъван, тIанхалги гьун, гьаримго
бихьула гьеб.
Гьаргъар базе гьабулеб буго гьелъ пикрабазда:
Дида ракIалде щола рехун тун бугеб росу.

68.
Гьанже къеркьеялъул къуват лъугIана,
Къун буго къадруги, намусги, яхIги.
РухIалъул къвакIиялъ цIунарал мугIрул
ГIадамаз нечезе гьарулел руго.

69.

**МагIарухъ рукIана гIадамал– иццал,**
**Рецц-бакъ хIажат гьечIел, хIели лъаларел.**
**Гьанже гьел къун уна, къоял анагIан,**
**Къоло цоабилеб век квешлъанагIан.**

70.

**ВатIаналъе гIоло гIумру кьолезул**
**Кьерал дагьлъун руго дуниялалда.**
**ТIадчагIигун цIогьал цолъун гIуцIараб**
**ЦIорораб пачалихъ балагьула дихъ.**

71.

**Халкъ ругьунлъун буго гьерсихъабазде,**
**Гьез бергьенлъи босун, къун буго ватIан.**
**НекIо магIарулаз рагIи кквечIев чи**
**Чилъун киданиги рикIкIунароан.**

72.

**Хиянат цIикIкIараб, рекIкI гIемерлъараб,**
**ГIумруялъул магIна гIаксалда ккараб,**
**Араб кIочон тараб, тарих билараб,**
**ТалихI къараб заман тамихIлъун буго.**

73.

**РакI гIедегIун буго тIадмагIарухъе,**
**Рухъулел, чIаралел ратила хурзал…**
**Росулъе щварав чи валагьун вуго,**
**ГьечIо бекьараб ракь, чIунтун буго мегъ.**

74.

**Хъандиро кIочараб, харицел хвараб,**
**Хер бецулев гIадан данде чIвалареб**
**БачIун буго заман, гIалахалде гъун,**
**Гъадулеб гIи гьечIо, боцIул сас гьечIо.**

75.

**Иццухъ гIодовги чIун, гIетI бацIцIунаан**
**БоцIи балагьизе магIарде унес.**
**МагIарул лъималаз лъалкIал тIад толел**
**Сухъмахъазда гьанже хер бижун буго.**

76.

Лъимерлъи гIорцIизе гIуна гIалхул пихъ –
ЦIар гIалхулаб, амма гьоцIо гIадинаб.
ГIадада кьоларо нилъей лъимерлъи –
Лъимерлъи – гьеб буго даимаб талихI.

77.

Лъарахъ, хIорги гьабун, лъедолеб заман,
ЛъикIаб батана мун ралъдахъалдаса.
ХъахIлъи Каспиялде рехулеб мехалъ
Росулъ тараб рогьел ракIалде щола.

78.

Ригьул авлахъалда баккараб тIегьлъун,
ТIегьан буго рокьи гьанже ракьалда.
Кьалда бугеб дунял, гьелда малги чIун,
Рокьукълъигун рекъон буго сверулеб.

79.

Зобалазда канлъи лъарав чиясе
Чияр ракI рагьула, гьумер гьимула.
Гьеб канлъиги босун унев щивасда
Щибаб лахIзаталъулъ талихI батула.

80.

БетIергьанас кьураб къабулги гьабун,
Къан кIалгун вукIани, ракI бохила дур.
ВукIинарин абун мун лъугьанани,
Аллагьас тела мун толареб хIалалъ.

81.

МацI – лъалиниб лъураб ханжарлъун буго,
Ханасги лагъасги ругънал цо лъолеб.
Рагъги рекъелги гьелъ цадахъ бачуна,
Унтиги сахлъиги сверухъ бикьула.

82.

Мискинлъиялъул щекъер бечелъиялъ ккураб квер
Бичас нахъе босула – сабру гьабе цо дагьалъ.
Аллагьасул цIобалъул цIва щивасе кунчIула,
Канлъиги босун рогьел рагьдухъ рещтIун батула.

**83.**
**ВатIаналде рокьиги, ватIаналъул рокьиги**
**Ракьалда рекъон ккараб замана данде чIвачIо.**
**ВатIаналде рокьи дир кидаго хилиплъичIо,**
**ВатIаналъул рокьуца кьерал гIемер хисана.**

**84.**
**Рохел бикьизеги, гIакълу кьезеги**
**ГIадамал гьечIони, гIадада буго.**
**Дида дунялалда лъанщинаб хIикмат**
**ШигIруялъ гьезухъе щвезе гьабула.**

**85**
**Дида данде кколев вуго гьардухъан,**
**«Гьарсан» кьурдилаго, къотIносан унев.**
**Къаси кьижизе бакI гьечIонаниги,**
**Гьесул рекIелъ рохел хун бихьуларо.**

**86.**
**БетIерасе бетIер къулизе щведал,**
**БетIергьан кIочарал рихьана дида.**
**Амма, бетIер индал, бетIерги бекун,**
**Рекерун рачIуна мажгиталъуре.**

**87.**
**ГIумру - жаваб буго цого гIумрудуй,**
**ГIумру тун арабго батизе бугеб.**
**Ракьалда хутIараб щибаб дур лъикIлъи**
**Щвела кумекалъе СиратI бахине.**

**88.**
**Цо балъголъи лъалев шайих вуго мун –**
**Хвезе гьаб ракьалда вижарав вукIин.**
**РакIалда гьечIого гIумруги лъугIун,**
**Ина мун, мунагьал гьанирго чуре.**

**89.**
**Замана анагIан черхалъул бакънал**
**Къварилъулел руго, свакалел руго.**
**Каранда ракI кибго хисулеб гьечIо,**
**Хасел бачIарабго, их щвараб гIадин.**

**90.**

**ГӀедегӀун буго гӀор ральдахъе щвезе,**
**Ральдалъ гьеб лъугӀула – гӀор букӀунаро.**
**МагӀарулал руго гьелда релълъунел,**
**Ральадлъун лъугьуна гьезие шагьар.**

**91.**

**Шагьаралда шагӀир чӀагого хола,**
**Халкъ кӀочон танани, мацӀ хисанани.**
**Хвараб мехалда гьев рокъове щола,**
**Вукъизе хабалалъ халкъалда аскӀов.**

**92.**

**МагӀарухъ тарал къасдаз гъастӀа цӀа бакун буго**
**Гъаримлъи нахъе ине, унти кочӀолъ сасине.**
**Сардил чӀегӀерлъи буго чӀвалеб гьелъул канлъиялъ,**
**Каранда цо хӀикматаб хӀалхьи буго рещтӀунеб.**

**93.**

**Лъимал данде чӀвала магӀарухъ гӀурал,**
**ГӀурус мацӀги бицун къотӀносан унел.**
**Гьезда гӀайиб гьечӀо… Херал умумуз**
**Хадуб ахӀи бала чияр мацӀалда.**

**94.**

**ЦӀум зобалазда буго, рагӀад ракьалда буго,**
**МагӀардаса магӀарде буго гьеб боржун унеб.**
**Бокьула дие рагӀад эркенго бугеб цӀудул,**
**РагӀадлъун букӀаниги, букӀуна гьелъул канлъи.**

**95.**

**Ролъул хур бихьула, ральад гӀадинан,**
**ГӀатӀидго гьелчелеб, тӀоралги цӀуран.**
**ТӀолго дунялалда хӀалхьи букӀуна**
**БакӀарулеб ролъухъ ралагьулелъул.**

**96.**

**Хварал шагӀирзаби, зобазде индал,**
**Дунялалда руго цӀвабильун лъугьун.**
**Гьезул чӀорал гӀадин хутӀарал кучӀдуз**
**КунчӀизе гьабулеб буго рахьдал мацӀ.**

**97.**

**ЛъикІав чи вихьула квешав какулев,**
**Квешав чи рагІула лъикІав какулев, –**
**Гьезул цо кІудияб батІалъи гьечІо,**
**БатІалъи букІина какдей танани.**

**98.**

**ГІумруялде рокьи букІине ккани,**
**ГІадамазде рокьи букІине ккола.**
**ГІадамал гІемерлъун, гІумру цо букІун,**
**Данде кколеб гьечІо гьеб рокьул хабар.**

**99.**

**Васас къварид гьавун, къотІносан унев**
**Къуларав херасухъ валагьун вуго.**
**Аллагьасде вуссун гьардолев вуго:**
**Росулъ хутІарав гьев вас цІунейилан.**

**100.**

**Дун цояз веццана, цояз – какана,**
**Киназдаго лъалеб гІумру букІана,**
**ГІумрулъун лъугьарал кучІдул рукІана,**
**КучІдуца цІунараб къисмат хутІана.**

***2020 с. июнь-июль.***



**М. АхIмадов эбел-эменгун**



**М. АхIмадов ЧIикIаса КIудиявгун**

**МухIамад АХIМАДОВ**

# МУГIРУЗУЛ ВАСАСУЛ РЕКIЕЛАБ ДУГIА

*Дир ракI мугIрузда буго…*
***Роберт Бернс.***

## 1.

Расги бигьаяб иш гьечIо дирго хIакъалъулъ бицине. РахIатхварал пикрабазда, макьу щоларого рорчIарал сардаздаги, амма цо-цо талихIал къояздаги хъварал кучIдузда данде кколеб къагIидаялъ бицине.

ЦIар рагIарав гIурусазул шагIир Есенинида ракIбацIцIадго абуна: «Дир къисмат – дир кучIдузулъ буго», – ян. Гьеле гьелъулъ буго шагIирасулги хъвадарухъанасулги творчествоялъулаб хIасил.

«Ва амма буго цоги океанги, – ян абуна Блокица. – Гьеб океан ккола зобалазулги къисматалъулги балъголъи». Жеги цебехунги Блокица хъвана: «Дида ракIалде ккола, нилъер тарихалъ тIаса рищулин жиндирго къисматалъул хIакъалъулъ шагIирас хъварал асаралилан. Авторас жиндирго хIакъалъулъ хъвараб, жиндаго бихьарабщинаб къварилъиялъулги, захIматалъулги, хIехьаралъулги… ЦохIого цо гьеб асар лъугьуна цIар рагIараблъун».

Дица балагьулеб гьечIо диего бакI цIаррагIаразда гьоркьоб, амма гьев классикасул рагIаби дир рахъалъги абуралги ругин ккола. Дица кидаго киналго асарал хъвана дирго пикрабазда рекъон, ракIалъ бицун; цо-цо мехалда ракIалъ квалквал гьабула гIакълуялъе, цо-цо мехалъ – гIакълуялъ ракIалъе. Дир заман гьединаб букIана, нилъеда лъала – замана нилъеца тIаса бищуларо. ШагIирзабазе захIматаб заманаялда кучIдул лъикIал лъугьуна. Унго-унгояв шагIирасе цIарги машгьурлъиги гуро къваригIун бугеб, гьев балагьуларо тIад ругел хIакимзабазухъги, гьез гьабулеб квалквалалъухъги – гьесие къваригIуна жиндаго тIад бергьенлъи босизе. Гьеб ккола унго-унгояб бергьенлъи. Николай Рубцовас абухъего, шагIирасул гIинда рагIулел гьаркьал цоги лъиданиги рагIуларо. ШагIир кидаго вуго лъабиде нух бикьулеб рикьуда: эркенлъиялде, рухIги жанги халкъалъе кьеялде яги жиндирго къисматалъул хIакъалъулъ бициналде. Унго-унголъунги, гьел нухаз гьавула шагIир. Кин букIаниги, дун разияв вуго Роберт Фростица абурал рагIабазда: «Дун кидаго нечола шагIир вугин абизе – гьеб релълъуна дицаго дунго лъикIав чи вугилан абиялда».

ШигIраби хъвазе шагIирасе кьураб гьунар – гьеб буго Аллагьас кьураб гьунар, хутIарабщинаб гьелда сверухъ буго.

ШагIир живгоги, гьесул пикрабиги рукIуна гьесул кучIдузулъ, гьесда кIола рагьизе балъгоял нуцIби батIияб дунялалде, гьеб дунялалда вижула цIияв инсан, гьев цIияв инсан вукIуна гIадатияв инсанасдаса тIокIавги, лъикIавги, ракIбацIцIадавги.

## 2.

Дун гьавуна Дагъистаналда. Гъуниб районалъул Гьонода росулъ. Рорхатал мугІрузда, МугІрузул улкаялъул бакьулъ. Дун гьавураб сон ккола 1955, 13 ноябрь, амма паспорталда хъван буго, дун 1956 соналъул 8 январалда гьавунилан.

«Щай гьеб гьедин бугеб?» – ин гьикъизе бегьула нужеца, узухъда, нуж битІаралги рукІина. Нижер мугІрузул росабалъ доб мехалда хІалтІулел рукІана мукъсанабго лъай-гІакълуялъул сельсоветалъул секретарал. Дир эмен дун гьавураб къо-моцІ хъвараб свидетельство босизе сельсоветалде ана 1956 соналъул 8 январалъ, гьеб къо свидетельствоялда тІадги хъвана дун гьавураб къо хІисабалда. Дида гьеб лъана кватІун, доб мехалда рукІарал хъвай-хъвагІаязул тІехь бихьараб мехалда. Кин букІаниги, дун гьавураб къолъун дица, 1956 соналъул 8 январь гуреб, 1955 соналъул 13 ноябрь рикІкІуна.

Дир лъимерлъи ана мугІрузул росулъ. Гьениб лъугІана гьоркьохъеб школа. Дие щвезе кколаан меседил медаль, амма дие гьеб щвечІо, щайгурелъул, Лъай кьеялъул министерствоялда хІалтІулезе дидаса ришват щвечІого, гьеб гьоркьоб ана. Кин букІаниги, дун гьебго соналъ цІализе лъугьана Москваялда М.Горькиясул цІаралда бугеб Литературияб институталде.

Дун цІалараб школаги, гьенир дарсал кьурал, дунги вокьулел диеги рокьулел учительзабиги дида кидаго ракІалда рукІуна, кІоченеги гьечІо. ГьитІинаб къоялдаса нахъего бокьана дие тІахьал цІализе. Дие бищун хирияб бакІ букІана библиотека, тІехь букІана бищунго къиматаб гьудуллъун. Дица цІалулел рукІана кодоре щвара-щварал тІахьал: классикалги, гьанжеселги, къваригІаралги, къваригІинчІелги.

Дир эбел-эмен рукІана гІадатиял магІарулал. Нижер рокъоб библиотека букІинчІониги, магІарул классиказул тІахьал гІемерал рукІана, инсуе цІакъ рокьулаан Инхоса ГІалихІажиясулги, ХъахІабросулъа МахІмудилги¸ ЦІадаса ХІамзатилги асарал цІализе. Гьеса гьел цІар рагІарал шагІирзабазул гІемерал кучІдул рекІехъе лъалаан ва, къотІносан унаго, дандчІварав мадугьаласе яги росуцоясе, гьевги лъалхъизавун, рекІехъе рикІкІунаан кинал рукІаниги жугьаби.

Инсуца гІемерисеб заман тІамулаан мугІрузда гІияда: гьесда гІемер къо бихьулаан ихдал гъутадаса мугІрузде, хасало мугІруздаса гъутаде гІи гочинабулаго.

Цо нухалда, дун гьеб мехалда цІалулев вукІана анлъабилеб классалда, живгоги зигара гьабизе мадугьалихъ бугеб росулъе ун, инсуца дун тана гІияда. Дун гьелдаса цІакъ вохана. Цадахъ Л.Толстоясул «Рагъ ва рекъел» тІехьги босун дун магІарде къокъана. Гьеб букІана бакъ щвараб, роцІараб риидалил къо. Дица гІиял къватІире гъуна. ГІурдада кваназе гьелги тун, дун цо борхатаб кьурул рагІдукь тІехь цІализе лъугьана. ТІехьалде машгъуллъиялъ дида кинабго кІочана. ТІаде ворхун, валагьидал, гІиял рихьулеб бакІалда рукІинчІо. Векерана довехун-гьанивехун, хІалицаго бащадаб рехъен данде гьабизе кІвана, хутІарал гІиял чияр гІалахалде щун ратана ва гьелъул бетІергьанас гьел жанире къотІана эмен тІаде щвезегІан. ТІаде щварав инсуда кинабго бичІчІана ва гьес абуна: «ЛъикІ буго дуда божун тІехьгІаги тезе бегьулеб букІин» – илан.

Жеги анцIабилеб классалда цIалулеб мехалдаго ритIана дица Москваялде Литературияб институталде конкурсалде дирго кучIдул. КигIан цIакъха дун тамашалъарав дун конкурсалъ бергьанин ва экзаменал кьезе вачIине бегьилилан Москваялдаса кагъат бачIараб мехалда. Гьаниб дие бокьун буго цо жо мухIкан гьабизе: М.Горькиясул цIаралда бугеб Литературияб институталде экзаменал кьезе риччалел рукIинчIо кIиго соналъул хIалтIул стаж гьечIел чагIи. РикIкIунеб букIана хъвадарулев чиясе гьедигIан заман чара гьечIого къваригIараб жо бугин, гIумруги бичIчIизе, гIумруялда жанир кколел лъугьа-бахъиназулги хъвазе. Узухъда, дир гьединаб хIалбихьи букIинчIо, дица гьеб хIужа комиссиялдаса бахчана.

Математикаялъе щвараб цо ункъилабгун, хутIарал киналго щуйилал ругеб аттестатгун, дун ана Москваялде Литературияб институталда цIализе. Дун вукIана росулъ гIурав вас, цо чанго нухалда щун вукIана МахIачхъалаялде – Дагъистаналъул тахшагьаралде. Гьаниб абуни – Москва! Дида гьанжеги ракIалдаса унаро гьеб хIикматаб шагьаралъ дие кьураб рокьиги, талихIги, рохелги. БитIун бицани, гьанжесеб Москва дие рекIее гIоларо – гьеб лъугьун буго бечедабги ццидалабги, амма дир рекIелъ хутIана доб «дир Москва».

РакIалда буго Тверской бульвар, 25-абилеб номер. Литинститут. Экзаменазда цебе букIунеб гара-чIвари, лъай-хъвай. КIудияб столалда нахъа, Владимир Федорович Пимановасул бетIерлъуда, гIодор чIун руго комиссиялъул чагIи. ХIинкъадго жаниве лъугьунев дун. Циндаго рагIана ректорасул гьаракь:

– ГIолохъанчи, мун щай гьаниве вачIарав цIализе лъугьине, хIалтIул стажги гьечIого, дуда лъаларогонищ кIиго соналъул стаж гьечIони, гьанире росулареллъи, дуца цIаличIелищ жанире росулезда лъазе кколел хIужаби?»

Дир ракIалъ шурана: «Къо-мех лъикI, Литинститут», – ан.

Циндаго рагIана цоги батIияб гьаракь (гьеб букIана дир хирияв учитель Александр Михайловасул гьаракь):

– Владимир Федорович, гьав гIолохъанчи дица дирго семиналъе тIаса вищарав вуго, гьесул жавабги дица кьела. Гьев вуго мугIрузда гIурав вас, гьитIинаб къоялдаса нахъе хIалтIуде ругьунлъарав. Литинститутги гьесие хIажатаб буго, дир гьелда ракIчIараб буго.

Гьедин хвасар гьавуна тIоцебесеб нухалъ дун дир учителас. Хадубги чанги нухалда ватана дида гьев кумекалъе.

Ректорас къотIана:

– Экзаменал киналго щуйилазда кьечIони, мун кIиго соналдасан вачIине ккезе вуго.

Щукру Аллагьасе, дица киналго экзаменал кьуна.

Литинституталда цIалулеб заман – гьеб буго, хIакъикъаталдаги, щивасул гIумруялда жаниб кIудияб лъугьа-бахъин.

Дида ракIалде ккола гьенир рукIарал гIадал гIажаибал мугIалимзаби – эркенал, ракIбацIцIадал, инсанасул къимат-къадру гьабулел, жо бичIчIулел дагьал рукIун ратилин.

Киданиги кIоченаро дида гIурус мацI кьолел Лигия Григорьевна Шипош ва Нина Васильевна Федорова (жидер мунагьал чураял). Нижер тIоцебесеб дарс букIана гIурус мацIалъул, ниж рукIана батIи-батIиял республикабаздаса рачIарал: Валерия Гросу йикIана Молдовалдаса, Мурад Мухаммад Дост

вукIана Узбекистаналдаса, Гюзель йикIана Алтаялдаса, Эгемберды Эрматов – Киргизиялдаса, Чапиныш – Прибалтикаялдаса ва Дагъистаналдаса дунги.

Лигия Григорьевнаги Нина Васильевнаги дарсиде рачIунаан термосалъубе тIун чайги бутербродалги росун. Дарс байбихьилалде цебе гьез абулаан: «Лъимал, нуж радал кваназе регIун ратиларо, рачIа нилъеца цин чайги гьекъон, бутербродал кваназе, цинги байбихьилин дарсиде», – ян.

Гьанже бицани, гIадан божиларо, кигIан хинаб тIалаб-агъаз букIараб, эбел-эмен, хъизанги тун, рикIкIаде Москваялде цIализе рачIарал нижер. Гьеб киданиги кIочене бегьилищ? Литературияб институт… Юрий Кузнецовас абуна цIакъ ритIарал рагIаби гьелъул хIакъалъулъ, гьес абуна: «Литературияб институт дир гIумруялда жаниб лъугьана, Архимедил законалда рекъон, дун цевехун тункун рехараб, дир гIумруги къисматги хисизабураб бакIлъун».

Гьелго рагIаби такрар гьаризе бегьула дицаги. Литературияб институталда дица бищун цIикIкIун адаб-хIурмат гьабулев чи вукIана дир учитель, нижер поэзиялъулаб семинаралъул нухмалъулев, камилаб гьунаралъул, берцинаб гIамал–хасияталъул инсан – Александр Алексеевич Михайлов. Гьев вукIана дов Михайлов – тIоцебесеб къоялъ институталде дун лъугьунаго, дие кумекалъе ватарав. Семинар тIобитIулаго, нижер рукIунаан дагIба-къецалги, щивасул, цогиясда релълъинчIеб, жиндирго пикруги. Гьениб нижеца, цоцазде рахIму-цIоб гьечIого, чIвалаан гIайибалги, букIунан ахIи-хIурги.

ТIолабго Совет Союзалъул республикабаздаса цIализе рачIарал батIи-батIияб миллаталъул студентаз семиналда цIалулаан жиде-жидецаго хъварал кучIдузул подстрочникал. ГIенеккараз, гьел кучIдузул магIнаги хIалкIун рекIелъе босун, цIоб тун какулаан гьел ва, реццалъе мустахIикъал ратани, гьединго рецц-бакъалда барахщулароан. Гьел семиназул хIакъалъулъ битIарал рагIаби абуна Литературияб институталъул преподаватель гIурусги ва тIолабго дунялалъулго поэзия лъикI лъалев, гIажаибав инсан, дир кIудияв гьудул Смирнов Владимир Павловичас: «Дида ракIалда руго А.А.Михайловасул семинарал, гьезул цогидал семинараздаса батIалъи букIана – Михайловасда лъалебги кIолебги букIана щивав гIолиласул гьунар гъварид ва гIатIид гьабизе, гьес гьел тIамулел рукIинчIо жиндиего бокьухъе, яги цого къагIидаялда кучIдул хъвазе».

Гьел рагIабазул ритIухълъи дидаги лъана ва бичIчIана. Дун Москваялде цIализе вачIана мугIрул иццал гIадал кучIдулги росун, амма цо лъагIел свярарабго дун хисизе лъугьана, дие бокьана хехго машгьурлъизе, гьединлъидал дир кучIдузул цIикIкIана ахIи-хIур, лъугIана гъварилъиги рекIел хинлъиги, гIадатлъиги, – дир хатI квешаб рахъалдехун хисун унеб букIана.

Гьале унеб иргадулаб семинар. Бицунеб буго дир кучIдузул. ГьечIо гьел цIубаралги, пасихIалги, ракIбацIцIадалги. Руго гьел гIадатиял кучIдул: квешалги гурел, лъикIалги гурел. Михайловасул кумекчIужу Седых Галина Ивановнаялъ, хIатта, реццизецин реццана. Цинги рагIи босана живго Михайловас. Гьес, ганчIида гамачI течIого, риххизе, щущазе гьаруна гьел, какун. Гьес абуна цогидал шагIирзабазда релълъен-хъвай бугила, гьел такрарлъун ругила, дуца дурго кучIдул хвезарун ругила ва гь.ц.

…Вокьулев учителасул рагIабаз ракIги лъукъун, дун семинаралдаса къватIиве ана. Гьеб букIана роцIараб хасалил къо. Дун тирулев вукIана

Москваялъул къватIазда. Дида щивго вихьулев яги рагIулев вукIинчIо. Сордо нахъалъизегIан къватIалги сверун, кватIараб гIужалъ щвана дун общежитиялде. Гьений ятана нижер вахтерша – цIакъ лъикIай гIадан Шура. Гьелъ абуна: «Чанго нухалда мун гьикъун телефоналъ кIалъана Михайлов. Кида гьаниве щваниги, щваравго жиндихъе кIалъайилан абуна гьес». Дица гьеб параялъго гьесухъе ахIана. Дир гьаракь рагIарабго, гьес абуна: «Гьа, бичIчIанищ дуда гьанже дурго гьалатI? ЦIакъ лъикI, цIакъ лъикI. Рехун те гьеб чIандаби хъвайги ва тIадвусса духъего: дурго росулъе, дурго кьалбазухъе ва гьеб мехалда кинабго лъикI ккезе буго», – ян.

Гьелдаса хадуб, семиналда гьес дир кучIдул тIокIал гьоркьор лъечIо. Дипломги дица цIунана «щуйилаб» къиматгун.

**3.**

Дица цебехун бицахъе, лъимерлъи дир ана Гьонода росулъ. Дир росу буго, Дагъистаналдаго цIар рагIараб, кисан ралагьаниги, маяк гIадин бихьулеб, КьилимегIералда дандбитIун. Росу сверун руго мугIрулги кьурабиги, жибго росуйин абуни буго хъатиниб лъураб гIадин, рохьазги гIурдаллъиялъги сверун ккун. Дие бокьула КьилимегIер. Гьелъ малъана дида тIабигIат бокьизеги, гьава-бакъ бичIчIизеги. Жибго КьилимегIер кидаго цого хIалалда букIуна, амма метер кинаб гьава-бакъ букIинебали гьелъ бицуна. Радалго рахъун гьелъухъ ралагьани, лъазе кIола кинаб къо жакъа букIине бугебалиги: накIкI лъурабищ, цIад балебищ, ялъуни бакъ щварабищали. Амма бищунго дие хирияб бакI росулъ букIана махил рохь. Нижер махил гъутIби дагьалъ релълъарал руго рицIцIил гъутIбузда, гьезул, гIодоре къулун, ракьалда хъван-хъвачIого рукIунел гIаркьалабазул гIажаибго берцинаб сурат букIуна. Махил гъутIбузул рагIдукьги вукIун, гьезул тIанхазул щурщудиялъулъги гIенеккун, лъицаго квалквалги гьабичIого, дица цIалана лъалелщинал шагIирзабазул кучIдул, риччана гьел рекIелъан. Махил гъутIби гIадада гуро шагIираз данде кколел берцинал ясазда, гьел жалго руго шигIрабилъун.

Росдада нахъа буго накIкIил рохь, гъоба гIодосан хъудулаго чвахулеб буго АваргIор. Нижеца, лъималаз, гIемераб заман тIамулаан гьеб гIурул рагIалда: ччугIа кколагоги, чвердолагоги, хIаял гьарулагоги. Амма колхозалъул ахикье гIеч бикъизе унаго, нижеца гарбидаса рахъулаан пионеразул багIарал галстукалги, рахъун лъолаан комсомолазул значокалги. Узухъда, нижеда лъалеб букIана ахикье чабхъен гьаби – гьеб лъикIаб иш гьечIеблъи, пионеразда ва комсомолцазда рекъараб иш гьеб гуреблъиги. ХIатта, гьеб букIана киназего гIахьалаб росдал ах; нижее чIахIияз кьураб тарбиялда рекъон, изну гьечIого щибго жо боси – гьеб квешаб, рогьояб иш бугеблъи нижеда цIакъ лъикI бичIчIулаан. ГьабсагIат гьечIо гьединал росдаего гIахьалал ахал, руго жиде-жидер бетIергьаби ругел. Лъаларо, гьеб гьедин букIун квешги батилароха, амма доб мехалда гIадамал рукIана ракIбацIцIадалги сахаваталги.

Киве дун аниги, дида цадахъ кидаго букIунаан тIехь. Дица гьеб цIалулаан кьурул ракьанда гIодов вукIунги, лъарал-гIурул рагIалда лъалхъунги, магъилъги, рохьобги, ахикьги. Гьале балеб буго гIисинккун цIад, дун вегун вуго кьурул нохъода цIад щолареб бакIалда, цIалулеб буго тIехь, ракI буго бохун ва хинлъун. КIочонареб лахIзат! ТIехьалъ дие рагьулел

рукIана батIи-батIиял пачалихъалги, гIадамалги, къисматалги, тIабигIатги, лъугьа-бахъиналги – дун тIабигIатгун цолъулев вукIана, дунялги сверун нахъвуссунев вукIана.

Нижер учительзаби рукIана унго-унгоял учительзабилъун. Дида гьанже бичIчIулеб буго: гьединаллъун рукIинеги ккола учительзаби, магIарул росабалъаги гIисинал шагьараздасаги рачIарал магIарул васазги ясазги гIурус мацIалда бокьараб бакIалда – Москваялда, Ленинградалда, Тифлисалда экзаменал кьезе ккани. Гьанже гьедин гьечIо. Кинабго компьютералде босун буго. Дида гьабсагIатги руго ракIалда школалда цIалулеб мехалда нижее рекIехъе лъазаризе кьурал кучIдул. Доб мехалда ниж тIамулаан киналго классиказул кучIдул рекIехъе лъазаризе. Гьелъулъ букIана кIудияб магIна.

ГьитIинаб къоялдаса нахъего дида кибго ва сундулъго бихьулаан шигIру: чилчилияда чвахулеб иццалъулъги, цо дора, цо гьанир мугIрузул ракьанлъабазда ран ругел росабазулъги, зодор роржанхъулел цIумазулъги, ихдал тIоцере раккарал тIугьдузулъги, гIадатиял гIадамазулъги, гьезул захIматаб, къобихьараб гIумруялъулъги.

Кинал бертабиха цере магIарухъ гьарулел рукIарал! Кире нуж тIагIарал, бертаби? ТIад ретIараб жиде-жидер миллаталъул ретIелалъги, ахIулел кучIдузги, кьурдабазги гьабулеб букIарабщинаб рекIелгъей! Гьеб букIана киназего гIахьалаб, ракI-ракIалъулаб рекIелгъей. ГIаммаб рохел, гIаммаб пашманлъи, киназулго гIаммаб цо къисмат. ГIумру мискинаб букIаниги, ракI бечедаб букIана. Гьобол вачIин букIана кIудияб рохел, гьеб сверулаан бертаде.

Цогиги. Лъимерлъи – гьеб буго щивасул жиндирго рахьдал мацIалъул ватIан, гьедин абула магIарулаз. Гьеб буго кицабазулги, абиязулги, маргьабазулги ватIан. Лъимерлъи – гьеб буго рахьдал мацI лъадарулеб къебелъи. Щибаб миллаталъул шагIирас жиндирго мацIалда хъвала ва хъвазе тIадабги буго пасихIал ва хвелгьечIел асарал. Киве щваниги, щивгун дандчIваниги, дир гIундузда кидаго рагIулеб букIана магIарул мацIалъул берцинаб бакъан. Дица гьавураб росулъ байбихьана хъвазе тIоцерел кучIдул, гьединлъидал, дун ккола дирго росдал шагIирлъун.

## 4.

Дие Литературияб институт лъугьана Пушкиние Царское село гIадаб бакIлъун. РакIалда бугищ нужеда: «Инсухълъи – ватIан буго нилъей Царское село»? Литературияб институталъ, лъай кьун гуребги, гьунар цIубазабун гуребги, нижее кьуна, батIи-батIиял республикабаздаса, шагьараздаса батIи-батIиял миллатазул гIемерал, унго-унгоял гьудулзабиги. Дида лъаларо гьезулгун ккараб лъай-хъваялъищ нижее цIикIкIун пайда кьураб, ялъуни институталъищ.

БитIун бицани, цIалул хIасил бараб букIана гIицIго щивасда жиндаго: бокьани, цIале; бокьичIони, цIалуге. Цо-цо дагъистаниял, рачIаралго гIадин, нахъруссунги унел рукIана, лъайги щвечIого гьунарги цIубазабичIого, щуго сон гьеб хIикматаб институталда баниги. Гьезда ракIалде кколеб букIана жидер кучIдул ругин цIакъго пасихIалги цIакъалги, цогидал дунялалъулго шагIирзабазде данде ккун, машгьуралгиян.

РакIалда буго цо гьадинаб лъугьа-бахъин. Цо дагъистанияв-шагIир цIалулев вукIана Литинституталда цIакъго халатбахъун. Гьесда кинго

кIолел рукIинчIо экзаменал кьезе ва гьев гъоркь толев вукIана. Ахир-къадги хIалицаго гьев щвана дипломалде. Амма гьесул хутIун букIана цого-цо «налъи» – ГIарцулаб гIасруялъул (серебряный век) литератураялъул экзамен. Экзамен босизе кколаан дир гьудул Смирнов Владимир Павловичас. Дун доб мехалда гIумру гьабун Москваялда вукIана. Цо къоялъ дихъе телефоналъ кIалъан вачIана дов пакъир-шагIир: «Дир хутIун буго кьезе цо экзамен, – ян абуна гьес, – гьеб босизе буго дур гьудул Смирновас. Гьарула дуда, кумек гьабе дие», – ян.

Щиб гьабилеб? Щвана дун институталде. Валагьана Смирнов. Гьев экзамен босулев вукIана. НуцIихъ дун вихьидал, гьев къватIиве вачIана. Дица дов дагъистанияв-шагIирасул фамилияги абун, гьарана гьесда, бегьулеб батани, гьесие кумек гьабеян. Гьев гьимана ва абуна:

– Лъалхъе цодагьалъ, цинги бицинин хабар.

КватIичIого гьев вачIана.

– Экзамен босизе буго дуца, – ян абуна гьес дида, дунин абуни вукIина дур кумекчилъун. Дуца гьесие лъикIаб къимат лъуни, гьелда дицаги гъулбасила.

ТIиритIун лъуна билетал. «ШагIирас» босана билет «И.И.Бунин. Къисаби». Гьелдаса бигьаяб билет гьениб цониги букIун батиларо. Гьев пакъиран абуни, билетги кодоб ккун, вуцIцIухIун чIун вуго. Дунги Смирновги гьесухъ гIенеккун руго. Цинги гьес абуна:

– Бунин. Къисаби. Бунин. Къисаби…

– Кинал къисаби гьел? – ан гьикъана Смирновас.

Экзамен кьолев вуцIцIухIун чIун вуго. Дица, яхI гьабизе кIвечIого, магIарул мацIалда шурулеб буго:

– Бунинил буго «Росу» («Деревня») абураб къиса, бице гьелъул хIакъалъулъ. Халатбахъараб сихIкъотIиялдаса хадуб пакъир-шагIирас абуна:

– У, дица цIалана Бунинил «Росу» абураб къиса.

Смирновасе цIакъ кеп щвана, гьев бакIидаса вортизе дагьалъ хутIана. Гьес дида гьикъана:

– КIолищ дуда гъосие къимат лъезе?

– КIоларо, – ян жаваб кьуна дица. – Бунинил дида кутакалда ракIхвела гури, дица гьасие лъикIаб къимат лъуни.

– Гьедин батани, дур ритIухълъиялъе гIоло дица гъосие «лъабилаб» лъола.

Гьеле гьедин цIалулел рукIана цо-цо нилъер ракьцоял. Гьезул цояс бицунеб букIун буго жиндирго гьалмагъзабазе: «Гьав Пушкин абулев поэт цIакъав поэт вукIун вуго гури, гьасул «Евгений Онегин» абун машгьураб романги буго.

Гьев пакъирасда гьеб лъан буго экзамен кьолаго, Пушкинил «Евгений Онегинил» хIакъалъул билет ккедал.

1983 соналда «Современник» издательствоялъ гIурус мацIалда къватIибе бачIараб дир кучIдузул «Жугьа» абураб тIехьалъе А.Михайловас хъвараб цебегIиялда хъван букIана: «М.Горькиясул цIаралда бугеб Литературияб институталда цIалулеб щуябго соналъ МухIамад АхIмадов вукIана дир «семинаристлъун». Гьев, гьанжего-гьанже школа лъугIарав магIарул гIолилав тIоцебесеб курсалда вачIана дир семинаралде. Гьенире,

гIадаталда рекъон, ракIарун рукIана батIи-батIиял миллатазул шагIирал. Гьеб букIинчIо гIодобе биччараб семинар, парахатаб данделъи. Гьенир данделъаразда гьоркьоса, кIиабилеб курсалъул ахиралда, чанго студентас бихьизабуна жал унго-унгоял шагIираллъун рукIине бегьулеблъи. Гьезда гьоркьов вукIана МухIамад АхIмадовги…

Дир, Литинституталда хIалтIулеб, къогогIанаб соналда жаниб, абизе кIола, дида ракIалда гьечIин МухIамад гIадин ракIбацIцIадаб, хIеренаб адабалъул, жиндирго ишалдехун бербалагьи бугев студентилан. БитIараб бицани, киналго гьеб институталда цIалулез гуро жидедаго тIадал ишал ракIбацIцIадго ва жигар бахъун тIуразарулел. Цо нухалда каникулаз жиндирго эбел-инсухъе арав МухIамад, самолет жиндир заманалда боржинчIого, цо къоялъ кватIун вачIана институталде. Гьеб мехалда гьес битIун бачIана кIиго телеграмма: цо – цIалулеб бакIалде, цогидаб – творческияб семинаралъул нухмалъулесухъе. Гьес мухIканго бичIчIизабулеб букIана щай жив кватIулев вугевали ва гьарулеб букIана тIасалъугьайилан.

Гьеб букIинчIо МухIамадил живго цIакъавлъун вихьизавизе бокьи – гьев сундулъго вукIана мисалияв. Гьес цIикIкIараб гъира-шавкъалда цIалулел рукIана тIахьал, цониги лекция гьоркьоб биччачIо. Гьесие бокьун букIана гIемераб лъазе, бичIчIизе. Гьев релълъинчIо лъидаго. Бихьулеб букIана гьесул гьавураб къоялдасаго чорхолъги бидулъги бессараб гIажаибаб гьунар. Аллагьас кьураб гьунар!

…Гьес кIвараб куцалда къойидаса къойиде камилго лъазабулеб букIана гIурус мацI. Жигараб гIахьаллъи гьабулеб букIана киналго тIоритIулел семинараздаги, ва рекIелъан биччан, хIасратго рехсолел рукIана гьалмагъзабазул кучIдузул квешалги лъикIалги рахьал. ГIолохъанав шагIирасе кIудияб асар гьабула сверухъ бугелъ, лъугьунеб-толелъ, цинги кучIдузда тIад хIалтIизе ккола кIудияб сабруялда. МухIамадида гьеб кинабго вачIинахъего бичIчIана.

Дие кидаго рекIее гIолеб букIана ва гьанжеги гIола гIолохъанав шагIир, живго жиндаго тIад чIун, добаса-гьаниса босичIого, жиндирго пикраби загьир гьарун, хIалтIулеб мехалда.

Дида ккола МухIамад АхIмадов вукIинин Востокалъул шагIирзабазул гIадаталги цIунарав, сундулъго цIубарав, Расул ХIамзатовасда аскIов чIезе бегьулев, хIакъикъаталдаги, гьунар цIикIкIарав шагIирилан. Гьес босана лъикIабщинаб аралдаса, гьабсагIат бугелдаса ва бачIунеселдасаги. Гьединлъидал, дир хIисабалда, МухIамадил «Жугьа» абураб тIехь цIалдолез лъикI къабул гьабизе буго ва гьезие гьеб цIакъ рекIее гIезе буго. Дир гьелда ракIчIараб буго, щайгурелъул, гьесие бокьун буго жиндирго шигIрабаздалъун киналго талихIаллъун гьаризе. ГIадамазе гIоло гIумру гьаби, гьезие гIоло хъвадари – гьеб буго гьесул гIумруялъул анищги мурадги».

## 5.

Литературияб институт лъугIарабго дун МахIачхъалаялде тIадвуссана. ХIалтIизе лъугьана тIахьазул издательствоялда. Дир талихI ккана кIиго лъикIаб тIехьалъе редакторлъи гьабизе щвей. Гьезул цояб букIана МухIамад Сулимановасул «ТIасарищарал асарал», цогидаб – ГIумар-ХIажи Шахтамановасул «МугIалимги мутагIилги».

МухIамад Сулимановасулгунги ГIумар-ХIажи Шахтамановасулгунги дир лъай-хъвай ккун букIана щколалда цIалулеб мехалдаго. Гьез дир рекIелъ тана

гъваридаб шагІирлъиялъулаб лъалкІ. РакІалда буго гьезулгун тІоцебесеб дандчІвай. Ниж – гІолохъанал шагІирал-студентал: дунги ГІибранил ХІажиявги – рачІана МахІачхъалаялде нижерго кучІдулги росун. Щвана Хъвадарухъабазул союзалде. Гьеб жеги рагьун гьечІоан. НуцІихъ эхетун чІун рукІана. Циндаго раккун рачІана гьел – ГІумар-ХІажи Шахтамановги МухІамад Сулимановги. Дида гьел рихьаралго лъана, щайгурелъул гьезул суратал дида рихьун рукІиндалха тІахьазда. Доб мехалда нижеца кІудияб гьираялда цІалулаан къватІибе бачІараб ва нижехъе щвараб щибаб магІарул тІехь. МагІарул хъвадарухъаби нижее рукІана кІудияб борхалъуда ругел гІадамал. Гьел нижеда аскІорегІан рачІана: Шахтамановас тІад лъун букІана бухари тІагъур, гьев релълъун вукІана Печоринида, Сулимановасул бетІералда шляпа букІана – гьев релълъунаан Евгений Онегинида. Дида лъикІ лъалаан Лермонтовасул Шахтамановас руссинарурал поэмаби ва Сулимановас буссинабураб Пушкинил «Евгений Онегинги». Гьел руссинарун рукІана гІажаибго пасихІго, берцинго, хІакъикъаталдаги магІарул мацІалда хъварал асарал гІадин. Дие цІакъ рокьулаан гьев кІиявго шагІирасул асаралги. Гьел рукІана кІудияб гьунаралъул шагІирзаби.

Шахтаманов нижехъ валагьана. Дица гьесда данде гали тІамуна. ГІибранил ХІажияв вугелъувго хутІана.

– Нуж киса, гІолилал? – ан гьикъана Шахтамановас.

Дица гьесие магІарул мацІалда кьуна жаваб.

– Щай рачІарал?

– Нижерго кучІдулги росун.

– КучІдулни нижерги руго, – ян гьимана Шахтаманов. – Гьа, МухІамад, – ан гьев Сулимановасдехун вуссана. – ГІенеккилищ нилъ цо гьал гІолилазухъ.

Ниж Хъвадарухъабазул союзалде жанире лъугьана ва болъодухъа тІаде рахана… Хадуб дица цо дирго кочІолъ хъвана:

**Мармарул болъоде гали лъолаго**
**Нилъехъ ралагьана МахІмудгун ХІамзат,**
**ХІамзатил Расулил кабинеталъухъ,**
**КагІбаялъухъ гІадин, ралагьана нилъ.**

Ниж Шахтамановасул кабинеталъуре лъугьана.

– Байбихье, – ян абуна Шахтамановас, – кисав нужер кІудияв?

КІудияв вукІана ГІибранил ХІажияв. Гьес тетрадь къватІибе бахъана ва байбихьана цІализе. ЦІалана цо кечІ, кІиго, лъабго…

– ГІела! – ян ахІана Шахтамановас. – ГІолилав, щай дуца дурго гІумру хвезабулеб, те гьеб ишги, тІаса бище батІияб нухги.

МухІамад Сулиманов вуцІцІухІун чІун вукІана.

– Гьанже дуца цІале, – ян Шахтаманов дидехун вуссана.

Дир каранда ракІ гІедегІун кІетІолеб букІана, хІинкъун лъаларо яги хІалуцун лъаларо… Вихьулев вукІана малъкъосун хутІарав ГІибранил ХІажияв…

Аллагьасе рецц! Дида дирго кучІдул рекІехъе лъалаан. Дица цІалана чанго кечІ. ЧІана сихІкъотІи. Цинги Шахтамановас Сулимановасда абуна:

– МухІамад, жакъа лъикІаб къо бугин ккола дида. Дуе рекІее гІунищ гьав гІолиласул кучІдул?

Сулимановас гIодовиччан абуна:

– ГьацIул тIагIам лъазе тIубараб хъаба кваназе кколаро, гьелъул цо гъудги гIола. Сулимановасул рагIабиги ракIалдаса унаро. Къокъабго сихIкъотIиялдаса хадуб Шахтамановас телефоналъул трубка кодобе босана, цо лъихъеялиго кьурана ва абуна:

– Ватана, – ян.

«Щив ватарав?» – ан гьикъун битилаха доб рахъалда. Гьес нахъойги абуна:

– ШагIир ватана, шагIир, – абун.

ВукIун буго Шахтаманов телефоналъ Расул ХIамзатовгун кIалъалев.

Расулица гьеб параялъго ахIун руго гьел жиндихъего рокъоре, буюрун буго цадахъ дунги вачейилан. Жакъа гIадин ракIалда буго Расулил азбаралъур дица дирго кучIдул цIалулел. Гьел лъабалго, дихъ гIенеккидал, разиго хутIана. Цо анкьидасан Расулица «Литературияб Россиялда» хъван букIана: «МухIамад АхIмадовасул кучIдул руго мугIрул иццалгIанги, тIоцебесеб гIазугIанги рацIцIадал» – илан.

Гьеб букIана талихI…

Дол гIажаибал чагIи жакъа чIаго гьечIо, амма гьездехун букIараб рокьиги, адаб-хIурматги дица гьабсагIатги рекIелъ цIунун буго. Гьанже заманаялъул шагIирзабазе киса щолеб додинаб бацIцIалъиги, сахаватлъиги, ракI-ракIалъулаб рохелги. БатIияб заман, батIиял гIадамал. Дир киданиги лъидениги букIинчIо кинабгIаги жахIдаялъул къатIрацин, хIатта кидаго вохулаан, дун вокьуларесцин лъикIаб асар хъвараб мехалда. Дун гьедин ругьун гьавурав вуго дир цIар рагIарал мугIалимзабаз.

МухIамад Сулиманов кидаго хутIила дир рекIелъ ритIухъав инсанлъунги, гьунар тIокIав шагIирлъунги, магIарул мацIалъул устарлъунги, кIудияб хIурматалда рехсола кидаго дица гьесул цIар.

ГIумар-ХIажи Шахтамановги дунги лъугьана лъикIал гьудулзабилъун. Нижеца чадил кесекги бащад гьабизе ккана чияр ракьалда, ккараб къоги цадахъ борхана. ВатIаналдаса рикIкIада цадахъ гIумру гьабулелги рукIана Москваялда. Гьес къаси сардилъ кватIараб мехалъцин ахIулаан дихъе ва гьикъулаан: «Гьа, гIолилав, духъ сигаретал ругищ, дирал лъугIун руго?» – ян. Рукъзал нижер рукIана Москва шагьаралъул батIи-батIиял рагIаллъабазда. Гьесие сигаретал гуро къваригIун рукIарал, дир гьаракь рагIизе букIана бокьун.

Расул ХIамзатовгун дун хIалтIана гIемерал соназ. Гьев вукIана дир мугIалимги гьудулги. Гьес журналистазулгун букIараб цо гара-чIвариялда абуна: «Абизе бегьула, гьабсагIаталда жив унго-унгояв магIарул шагIирлъун вукIин вихьизавуна МухIамад АхIмадовас. Гьев вуго гъваридаб лъаялъул, цIубараб гьунаралъул, хIинкъичIого ва нечечIого нилъер миллаталъул гьумер бокьараб бакIалда бихьизабизе бегьулев ва тIолабго Россиялъул литературараги лъикI лъалев шагIир». Гьеб букIана кIудияб рецц-бакълъун – живго Расулица дир хIакъалъулъ гьединал рагIаби аби. Киданиги кIоченаро Расулица дие гьабурабщинаб лъикIлъи. Ва дие бокьун буго гьаниб рехсезе Расулица дие сайгъат гьабураб кечI. Гьес, гьеб кечIги тIад хъван, цIияб блокнот кьуна дие, гьенир хъван рукIана гьадинал рагIаби: «Гьаб блокноталда хъвай бищун лъикIал кучIдул» – абун.



**М. АхIмадов Р.ХIамзатовгун**




**М. АхIмадов Н. Рубцовасул хабада**

## ДИР ГӀОЛОХЪАНАВ ГЬУДУЛ – МУХӀАМАД АХӀМАДОВАСЕ

Дица дуй толеб буго,
Дица дуй кьолеб буго
Жеги дица хъвачӀеб тӀехь,
ТӀамчалъе инчӀеб анищ;

Дир ахирияб хӀасрат,
Дир хӀисабазул гъамас,
Дидаго цо лъураб бакӀ
Лъазе кӀолареб алмаз.

МухӀамад, лъикӀаб куцалъ
ЦӀвабзазухъги валагьун,
ЦӀале рокьул азбука,
Аслияб гьоркьоб тараб.

Мунго хутӀараб мехалъ
Хабазул занахъе ун,
Хас гьабун гӀенекке мун
ГӀумрудул чӀарал сагӀтахъ.

МухӀамад, дихъе хасел
Хех щвана, гӀазу бана.
ГӀолохъанал хиялал
Херлъана, дихъа ана.

Дир гӀищкъул хъудулеб кечӀ
Гьанже какде буссана, –
Гьеб дир хъвачӀеб васият
Ирсалъе дуе тола.

Санал анагӀан заман
ЦӀикӀкӀун каранде къала:
Дагьалги къоял кьейин,
Гьаб кьин инегӀан тейин.

ГӀемерал кучӀдул руго
АхӀичӀого хутӀарал,
Киналго ахӀаразулъ
Цо хӀухьелцин кьоларо.

Дица дуй толеб буго,
Дица дуй кьолеб буго
Доб кьурулъ чӀегӀераб цер,
Дир чӀоралда батичӀеб;

Дун вахинчӀеб борхалъи,
Дун лъугьинчӀеб аххалъи,
Цо Аллагьасде гуреб,
Дица бикьичӀеб ургъел.

### 6.

Цо лъикӀав шагӀирас абуна: «Дир кучӀдул – гьел руго дир кучӀдул. Лъицаниги гьел дица гӀадин хъвазе гьечӀо, кигӀан кӀудияб гьунаралъул чи гьев ватаниги». Гьебго жо абизе бегьула дицаги дирго хӀакъалъулъ.

Щивав чиясе жиндирго мацӀ буго бищун берцинабги, бищун бечедабги. А.И.Куприница абуна: «Гьунар бугев ва гьеб лъикӀ лъалев чиясе гӀурус мацӀ буго бищун хӀайранаб, бищун хӀеренаб, къваригӀараб, нилъеда бокьараб рахъ гӀумрудул рагӀизе кӀолеб.  Гьединабго буго дие магӀарул мацӀги. Дун гьеб мацӀалда кӀалъала, дун гьеб мацӀалда ургъула, дица гьеб мацӀалда хъвала, дица гьеб мацӀалда гӀищкъуялъул бицуна. МацӀалъул балъголъи – гьеб буго халкъалъул балъголъи ва хӀайранлъи, щивасул рекӀелъ букӀуна гӀагараб ракьалъулги гӀагараб мацӀалъулги мугъру, жиде-жидер гӀасрабазе батӀи-батӀияб; шагӀирзабазулин абуни, гьеб букӀуна жидерго – жидеего хасиятаб.

Дие цӀакъ рекӀее гӀола цо шагӀирасул рагӀаби, гьес абуна: «Дунялалда буго хирияб лъабго жо: Аллагьги, шигӀрабиги, чӀужугӀаданги». Дица гьелде тӀаде жубалаан: «Жеги ВатӀанги, эбелги ва гӀагараб мацӀги», – ян.

Щибаб миллаталъулъ бахчун буго шигІрияб мацІ. МагІарул мацІалъул ракІги рухІги буго – ХъахІабросулъа МахІмудилги, Инхоса ГІалихІажиясулги, ЦІадаса ХІамзатилги, ХІамзатил Расулилги ва цогидалги цІар рагІарал магІарул шагІирзабазулги шигІрияб мацІ. ШагІирзабаз жидерго кучІдузулъ гьарула, жалго ругеб заманаялъул хІакъалъулъ пикраби, рехсола ургъелал, рукІарал лъугьа-бахъинал. Бищунго бацІцІадабги пасихІабги шигІру бижула рекІелъ, жиде-жидерго мацІалда, амма, кин букІаниги, дица кІудияб адаб-хІурмат гьабула таржамачагІазул. Гьел таржамачагІазин, магІарул мацІ лъачІониги, лъалес гьабураб щибаб кІимухъилаб таржамабаздаса лъикІ ва магІна хисичІого, кучІдул руссинарулел. Гьедин гьаричІонани, лъазе вукІанищ дунялалдаго Расул ХІамзатов? Гьев вукІинаан, жинцаго абухъего: «Цо кІкІалалъул шагІирлъун».

ГІурусазул адабияталъги гьезул маданияталъги кІудияб кумек гьабуна дир шагІирлъиялъеги, гІаданлъиялъеги, къисматалъеги. Дие кІудияб талихІлъун ва икъбаллъун ккана анцІила щуго соналъ Москваялда гІумру гьабун вукІине щвей. Гьеб заманаялда дида лъана гІемерал цІар рагІарал шагІирал, хъвадарухъаби, гІемерал цІалана тІахьал. РакІ-ракІалъулаб баркалагун ва хинлъигун щола ракІалде гьезул цІарал: Соколов Владимир, Кузнецов Юрий, Передреев Анатолий, Козловский Яков, Дмитриев Николай, Белов Василий, Михалков Сергей, Селезнев Юрий, Ошанин Лев, Проханов Александр, Дементьев Вадин, Куняев Станислав, Иванов Геннадий, Еременко Александр, Голубничий Иван, Поляков Юрий, Бояринов Владимир, Рачков Николай, Щербаков Юрий, Кондакова Надежда, Бинкевич Алексей, Харис Ренат, Тургай Валерий, Лугинов Николай, Ибрагимов Канта, Беппаев Муталип… Гьезул киназул цІарал рехсезе чамго гьумер къваригІина! Баркала нужее, хириял дир гьудулзаби, гьаниб цІар рехсаразеги, рехсечІезеги, баркала нужер рагІиялъухъги, хинлъиялъухъги, ритІухълъиялъухъги. Борис Пастернакица абухъего, кучІдуз кумек гьабизе ккола гІадамазе хІалтІулъги, рекІелал ишазулъги, гьединго ургъизеги, рокьи гьабизеги, гІумру-къисмат бичІчІизеги. Киналго гІумруялда жанир дандчІвалелщинал къварилъабиги хІехьон, шагІирас хъвазе ккола гІищкъухІасраталъулги, бахІарчилъиялъулги, чІухІиялъулги – сундулго хІакъалъулъ, щайгурелъул, гьел кучІдуз кумек гьабизе ккола гІадамазе захІамалъаби хІехьезеги, бергьенлъи босизеги, яхІ-намус цІунизеги. Гьедин абуна Фолкнерица.

Дир бищунго вокьулев шагІир Блокица хъвана: «Щив чи кколев шагІир? КучІдул хъвалев чийищ? Йохъ, гьев гуро цохІого-цо кучІдул хъвалев чи. Гьес рухІ бижизабула рагІудаги гьаракьалдаги – гьезул дандеккей рекъезабула. Гьеб дандеккей рекъеялъул вас вуго «шагІир».

Блокилги Фолкнерилги рагІаби дир рекІелъе рортана, щайгурелъул, шагІирасул къисмат буго гьесул кучІдузулъ.

## 7.

Инсанасул гьитІинаб ватІан – гьеб буго гьесул бищунго кІудияб ВатІан. Гьеб буго мун гьавураб, мун гІураб, тІоцебе дунял бихьараб, дуца тІоцебесеб хІухьел угьараб – мукъадисеб бакІ.

Гьеб гьитІинаб ватІан, киве мун щваниги, щивгун дандчІваниги, кидаго букІине буго, чІвараб магІ гІадин, дур рекІелъ, гьенире ине руго роржун кисанго дур пикрабиги, ургъелалги, анищалги, хьулалги.

Дун гьавураб Гьонода росу буго, дица цебехунги абухъе, КьилимегIералда дандбитIун. РакIалде ккола, балагьаздаса цIунулеб гIадин гьелъ каранде къан бугин дир гьитIинаб росу. Гьениб буго кьварараб хIеренлъиги, берцинлъиги: цебе – КьилимегIер, гьеб сверун руго жеги мугIрул, цоял цоязул гъуждузда нахъасан раккун, жидерго абадияб, гIодобе биччараб хабар-кIалалда. Дунялалда тIад кибниги батиларо мугIрузда бугеб гIадаб кьурабазул ах.

ГамчIал… Балагьараб мехалда гьел рихьула къвакIараллъун ва гIасияллъун. Амма батIи-батIияб заманаялда гьезухъ балагьани, ракIалде ккола гьел цоял гIодулел ругин, цогидал релъанхъулел, кIалъалел, яги руцIцIухIун чIун ругилан. Гьеб кинабго бичIчIула мугIрузда гIурав чиясда, ва амма гьезул гаргарги руцIцIухIунчIейги бичIчIизе ккани – гIадан вукIине ккола шагIирлъунги, композиторлъунги, художниклъунги.

ГьитIинаб мехалда дун хIикматго валагьулаан кьурабаздаги ганчIаздаги рижулел тIугьдузухъ. Гьеб букIана дие кIудияб бальголъилъун – кин гьез ганчIалъе кьалбал риччалел, киб гьезда лъим батулеб, гьениб гьечIелъул ракь. Гьел, тIаде балагьун цIакъго хIереналлъун кколел тIугьдузулъ букIана жидерго жанисеб къуват, гьеб къуваталъ балагьулеб букIана лъимги цогидабги. Дида ракIалде ккола, гьитIинаб ватIаналъул къуват кIудияб ватIаналдасаги цIикIкIараб бугилан, гьелъ цIунулин тIолабго ватIанилан.

Гьеле гьеб, зодоса бортарал гIадин кьер гьабун чIараб, кьурабазул ахикь ана дир лъимерлъиги гIолиллъиги.

КьилимегIер… Дие гьеб кколаро цого-цо мегIерлъун. Дие гьеб мегIер буго тIубараб дунияллъун. Гьеб буго дир инсул рукъалда дандбитIун ва щибаб рогьалида батула дихъ балагьун чIун, кинаб хIалалда дун вугевали лъазе бокьараб гIадин.

КьилимегIер – гьеб гуро гIадатияб мегIер – гьеб буго гIасрабазул сагIат, жинца гIадамазул гIумру борцунеб: гIадамал рачIуна – уна, гьеб мегIер абуни, хисичIого буго, киналъулго нугIлъун: гьелъ дандчIвай гьабулеб буго рачIунезеги; гьелъ нухда лъолел руго унелги. ГIажаибаб жо: КьилимегIералъул цо рахъ буго жинда цIар «Эбел ва яс» – илан тараб, гьелъухъ балагьун лъала росдал гIадамазда киб рахъалда бугеб Макка ва кирехун руссун базе кколеб как. Дида кинго кIоларо дир росу КьилимегIер гьечIого цебечIезабизе.

Дида ракIалда буго: ниж рахунаан магIарде тIаде гьудулзабигун цадахъ. Гьеб буго цIакъ хIинкъараб ва бахIарчияб иш. Ниж унаан чIахIияздаса бальго, чIахIияз батIаго риччаларогоги рукIинчIо ниж гьенире, битIараб бицани, нижее бокьун букIана гьелде тIаде рахине хIалбихьизе: кIолищ яги кIоларищали бихьизе.

Цин ине ккола росулъа тIаде, мугIрул ракьанлъуде щвезегIан. Гьеб буго халатаб ва расги бигьаяб гуреб нух. Нухда ратула чанги цIорорал иццал, гьез гьабулеб кеп! МугIрул ракьанде щваралго цояб рахъалдехун сверизе ккола – гьеб рахъалде буго магIарде тIаде унеб сухъмахъ. ЦохIого-цо сухъмахъ. Гьеб цIакъго чIедераб сухъмахъ ккун ниж унаан, цо-цоккун, цере-хадур. Мех-мехалда нижеца кверал ралаан цере цIутIарал кьурул ганчIазда, турниказда гIадин. Гьединан унаан бащдаб къо. Гьале, ракIалде ккола кинабго нахъа танилан… Ниж – КьилимегIералда тIад! ХIухьел кколеб, хIикматаб берцинлъи! Хъатиниб лъурал гIадин рихьула магIарулазул районал ва,

хIатта, тIубараб Дагъистанцин. Абула, роцIараб къоялъ дурнабаз балагьани, Каспий ралъадцин бихьулилан. Доб мехалда нижер гьединал дурнабиги рукIинчIелъулха. Амма нижер керен-ракI жаниб гьалдолеб букIана сверухъе бихьулеб суратальул берцинлъиялъ.

КьилимегIералда тIад нижеда ратулаан батIи-батIиял кьеразул иццал. Хадуб нижеда лъана гьел кьерал иццазе кьолел рукIин батIи-батIияб ракьуца ва хIарщуца. Кин гьеб букIаниги, нижер ракIазулъ хутIана кьер-кьерал иццазул тIагIамги цIоройги.

КьилимегIералъухъги балагьун эбелалда лъалаан кинаб къо жакъа букIине бугебали: накIкIазухъ балагьун, рагIадалъухъ балагьун, бакъул чIоразухъ балагьун, эбелалъ бицунаан кинаб гьава-бакъалъул къо букIине бугебали: роцIарабищ, цIад балебищ, ялъуни кьерхарабищали.

КьилимегIералде тIаде рахине бигьаяб иш букIинчIелъул, бищунго дие бокьулеб бакI букIана махил гъутIбузул рохь, гьеб букIана мегIералъул аххада, гьелъухъе бахунеб бугеб гIадин.

ГIадада гуро махил гъутIби берцинал ясазде данде кколел – унго-унголъунги гьез цебечIезабула гIолохъанал ясазул берцинаб тIеренаб лага-черх, ризал гIурччинал тIанхал – гьел ккола риччан тарал гъалал ругилан. Рогьалилъ, тIанхазда тIад кенчIолел щубил къатIрабазда берчIварабго, цере чIола ясалъул кенчIолел берал, гьел гIодулел ругин ккола: лъаларо пашманлъиялъищ ялъуни рохелалъищали. Махил гъутIбигун гаргадизе бегьула, гьел нилъехъ гIенеккула. Гьезул руго цIодорал бералги, кинабго рагIулеб, кинабго бихьулеб бацIцIадаб ракIги.

Дун рохьове вачIунаан бокьараб мехалда. Махил гъутIби рукIана дир кIудиял гьудулзабилъун. Дица гьезие цIалулаан дирго кучIдул. РакIалде кколаан гьел кидаго ругин дихъ хIайранго гIенеккунан. Гьезухъ балагьун дида лъалеб букIана лъугьарабищ кечI яги лъугьинчIебищалиги. Махил гъутIби жалго рукIана кучIдуллъун, гьезул рохь букIана кучIдузул тIехьлъун – дицаго тIаде кучIдулги журан, дица цIалулеб тIехьлъун. Дицаго тIаде кучIдулги журан. Гьединлъидалги батила, гIемерисел шагIирзабаз жидерго кучIдузулъ гьезул берцинлъи рехсон бугеб. Живго Есениница гурищ гьел дандеккурал берцинал ясалгун, тана жиндирго яцаллъун, ва рокьулел руччабилъун. Махил гъутIбузул мацI – гьеб буго шагIирлъиялъул мацI, гьеб бичIчIизе кIвани, ричIчIизе кIола шигIрабиги.

«ТIогьиллъулел руго махил гъветIалъул тIанхал…». Узухъда, гьезулги букIуна ихги, хаселги – гьезие цIалана дица дирго пашманалги, цогидал, цIар рагIарал шагIиразулги кучIдул. Щиб лъалеб, гьезие рекIее гIолел рукIун ратичIого рукIинеги бегьулелъул дир кучIдул…

Лъимерлъиги ана, гIолиллъиги нахъа хутIана, гIолохъанлъиги боржун ана. Гьанжеги, бетIер хъахIлъаниги, росулъе щваравго, дун уна махил рохьове. Гьениве щваравго дун гIолохъанлъула, кIочон тола ургъелалги, пашманлъиги, арал соназул бакIлъиги. РукIа нуж, гIагарал дир махил гъутIби, кидаго чIаго! Нуж руго дир кидагосел гьудулзаби. Дун вачIуна нужехъе пашманго вугеб мехалдаги, рохалица керен цIураб мехалдаги – нужее гьеб бикьизе; нуж рихьаралго дир чорхолъе лъугьуна хIалхьиги хIикматаб асарги, нужеца кумек гьабула дие, нужедехун чучула дица киналго ургъелал. Баркала нужее, дир махил гъутIби – дир гьудулзаби, баркала, Гьонода росдал махил

гъутIби, Гъуниб росдал махил гъутIби, Рязаналъул махил гъутIби, Москваялъул махил гъутIби. Кир нуж рижарал ратаниги, нуж рижарал руго дир рекIелъги. Махил гъутIби ругелъур рукIуна иццалги. Гьел руго цоцада релълъарал: чIагоял, рацIцIадал, берцинал, къеч хьвазабулел.

Махил гъутIби рохьил чирахъал ратани, иццал гьезул берал руго. МугIрузул гIадамазе цIакъ рокьула иццал: гьез цIорорал иццазул лъим кьола тIаде вачIарав гьоболасе, гьез цIакъ цIунула гьел иццал, къимат гьабула гьезул. МугIрузда кирго ратула иццал: рохьор, кьурда гъоркь, мугIрузул ракьанда, ганчIазулъ. ТIабигIаталъ гьарзаго бикьулеб буго жиндирго бечелъи гIадамазе. Дие рокьула рацIцIадал иццалги, рацIцIадал ракIазул гIадамалги.

Щибаб росулъ руго гIажаибал хараби: гьез ралагьула иццал, ратаралго гьел къачIала, рацIцIад гьарула, лъим гьекъезе квегIенаб хIалалде ккезарула. Гьале унев вуго рохьосан кIудияв чи гIолилавгун. Гьев, мех-мехалда, ракьалда гIинги чIван гIенеккулев вуго лъадал гьаракь рагIулеб бугищали ракьалда гъоркь. Гьале гьев циндаго лъалхъана: «Гьаниб букIине ккола ицц., Бухъе!». ГIолилас байбихьула бухъизе. Цо дагьаб заман арабго, ракьулъан къватIибе кIанцIун бачIуна цIорораб лъел тIеренаб чIчIва. Гьелъ ахIула жиндирго цIияб бакъан. Херав унев вуго жеги цевехун, гьес балагьулеб буго цIияб ицц. Амма гьесда кIочонаро цогидал иццалги. Гьанже, накабаздаги чIун, гьес байбихьула гьеб ицц къачIазе, гьелда сверухълъи бацIцIад гьабизе, гIадамаз лъим гьекъезе санагIатаб хIалалде сверизабизе.

Огь, дир мугIрузул гIакъилал хараби! КигIанха нужелъ бугеб гIаданлъиги, хинлъиги, тIалаб-агъазги, рокьиги. Нуж руго гIадамазул ракIазул раккарал къвин гьечIел иццал. Нужги гьечIони, иццалги гьечIони, гьечIо магIарухъ гIумру. Нуж руго мугIрузул, кIкIалазул, кьурабазул, иццазул, гIоразул, лъаразул гIалимал! Нуж руго гIадамазулги зобалазулги гIакъилзаби! Нуж руго росабазул гIадатиял шайихзаби, кинабго цебеккунго лъалел, бихьулел! Араб, нахъа тараб кIочонарел! Нуж руго дун тIаде вахине кIоларел мугIрузул тIогьал! Дида гьикъани сундуе гIоло дуе мугIрул рокьулелан, дица абила: гьенир ругин хIикматал ва гIакъилал харабиян.

**8.**

Сундаса байбихьулеб ВатIан? ВатIан байбихьула ВатIаналдасан. ВатIаналде нилъеца абула эбелилан. ХIакъаб жо, ватIан байбихьула эбелалдасан. Щияй эбел – гьей йиго нилъер гIумрудул кочIол автор, гьей гьечIони, гьечIо рагIабиги бакъанги. ГIадада гуро тIубараб гIумруялъго нилъеда ракIалда рукIунел эбелалъ кинидахъ ахIарал кучIдул. Гьел кучIдузул автор йиго эбел, гьей йиго нилъер гIумруялъул шагIир. Эбелалъул кинидахъ кучIдул – гьел руго эбелалъ нилъее гьарулел дугIабиги, БетIергьанасде, нилъ цIунеян, гьариги, нилъее сахлъиги талихIги гьарулеб гьаракьги. Дунялалдаго бищунго берцинай гIадан ккола эбел. Дида ракIалда йиго дир гIолохъанай эбел. Гьей йигеб бакIалда букIана къад – бакъги, къаси – моцIги. Гьелъ гвангъизабулаан сверухълъиго, гьелъул пашманлъиялъ бецIлъулаан дуниялго. Узухъда, нилъеда кIоларо гьелъие тIадбуссинабизе гьелъ нилъее кьуралъул бащдабниги: рокьиги, хинлъиги, тIалаб-агъазги, хIеренлъиги, сабруги. Цо шагIирас абуна цIакъ битIарал рагIаби: «Дун пашман вуго, эбел, дица дуе бецIине кIвечIелдаса, гIумруялъул сухъмахъаз, цин довехун вачун,

цин гьанивехун рехун, ана дир гӀумру». РекӀеде вачӀиналде ун батана заман, хъахӀлъун ратана къунщби. КватӀун лъолеб буго бетӀер эбелалъул накабазда.

«Эбел» абураб рагӀулъ буго бищуго тӀадегӀанаб шигӀру, гьеб рагӀула гӀундузда бищунго хӀайранаб бакъанлъун. Гьелъ кьуна нилъее гӀумру, тӀубазабуна БетӀергьанасул амру. Нилъее кьураб гӀумруялдаго цадахъ, эбелалъ нилъее кьола гӀагараб мацӀги, гьеб мацӀалда нилъ кӀалъала, пикраби гьарула, БетӀергьанасе как бала, тавбу гьабула. Нилъ чӀаго руго, эбелалъул мацӀ лъалеб букӀун, эбелалъул рахьдал тӀагӀам жеги мацӀалда хутӀун.

Эмен? Щивлъунха нилъее вугев эменилан гьикъила нужеца. Эмен – гьеб буго кьуру, эбелги, ватӀанги, мацӀги цӀунулаго тӀубараб гӀумруялъго нилъеца мугъчӀвай гьабулеб. Дир эмен вукӀана гӀадатияв магӀарулав. РакӀбацӀцӀадав инсан, хӀалтӀухъан. АнцӀила ункъо сон баралдаса нахъе гьабуна гьес мугӀрузда гӀияе вехьлъи. Лъабкъого соналъ хӀехьана гьес балеб гӀазуги, цӀадги, пулеб гьуриги. Гьесда бичӀчӀулаан, гӀадамасул мацӀ гуребги, тӀабигӀаталъул мацӀги ва гӀи- боцӀиялъул мацӀги. РакӀ гьесул букӀана шагӀирасулаб. РекӀехъе лъалаан магӀарул цӀар рагӀарал шагӀиразул асарал: Инхоса ГӀалихӀажил, ХъахӀабросулъа МахӀмудил, ЦӀадаса ХӀамзатил.

ГӀемер ракӀалде щола цо лъугьа-бахъин. Дунги дир кӀудияв гьудул, цӀар рагӀарав магӀарул шагӀир ГӀумархӀажи Шахтамановги инсухъе щвана цо нухалда. Дир эменги Шахтамановги цоцада рихьараб лахӀзаталъго лъугьана гьудулзабилъун. Гьел халатккун гара-чӀварана. Циндаго Шахтамановас абуна дида: «Дир гӀолохъанав гьудул, рачӀа нилъеца дур инсуе нилъерго кучӀдул цӀализе», – ян.

Нижеца гьеб къанагӀатго гьабулаан, букӀаниги «РачӀа», – ян абуна дица. ГӀумархӀажияс цӀалана жиндирго кучӀдул гьаракь борхун, мухӀканго, щибаб рагӀи рекӀелъ чӀоледухъ. Дицаги яхӀ бахьана, гьесдаса нахъе ккун чӀечӀого, дирго кучӀдул берцинго рикӀкӀине. Эмен вуцӀцӀухӀун гӀенеккана нижехъ. Щибго абичӀо. Гьев тӀаде вахьана. Цогияб рокъовехун ана. ТӀадвуссун вачӀана кодоб лъабго тӀехьги ккун: Инхоса ГӀалихӀажил, ХъахӀабросулъа МахӀмудил ва ЦӀадаса ХӀамзатил.

«Дида рихьулел руго нуж квешал шагӀирал гьечӀеблъи, – ян абуна гьес, – амма гьале гьазде нуж рахунаро». Дунги ГӀумархӀажиги кӀарун релъанхъана. Ниж кӀудияб адаб-хӀурматалда ралагьана инсухъ, гьесул ритӀухъал рагӀабиги рекӀее гӀун, гьесда унго-унгояб шигӀру бичӀчӀулеб букӀинги бихьун. Дир эмен вукӀана цӀакъ ритӀухъав инсан.

Цойги щола ракӀалде (дир доб мехалда букӀана щуго сон): риидалил заманги букӀун, дун мугӀрузда эменгун вукӀана. Дун гьесда хаду-хадув вилълъунев вукӀана, эбелалда хадуб кьегӀер кинигин. Ниж унел рукӀана чӀедераб сухъмахъ ккун. Дица инсул квер биччалеб букӀинчӀо. Гъоре гъоркьехун балагьани – гъоба букӀана гъваридаб кӀкӀал, нагагь хӀетӀе тарани, Аллагьас цӀунаги, рукьби кодоре щвелароан. Пикрабалъ вукӀарав дица, циндаго инсул квер биччан тана.

Инсуца цебехун гали тӀамуна, гьев цо лахӀазаталъ нахъвуссана, хапун, унтуледухъ, дир квер къан ккуна. Дун гьесул гьурмахъ валагьана. Гьелъул кьер босун букӀана, мугӀрузул тӀогьиб бугеб гӀазу гӀадин, хъахӀлъун букӀана.

Гьеб хIинкъи гуро букIараб, гьеб букIана гъваридаб рокьи, жеги киданиги дида дандчIвачIеб… Дида ракIалде ккана, нагагьлъун дир хIетIе тарарабани, эмен дида хадув кIанцIилаанин кIкIалахъеян. Гьанже дун рекIекълъун холев вукIуна: щай дица инсуда цадахъ цIакъго дагьаб заман балеб букIарабилан, щай гIемер щолев вукIинчIев гьесухъе, щай чIалгIинегIан гара-чIварулев вукIинчIев гьевгунан… Эмен хварабго гьесда цадахъ ана кIудияб къуват – дир къисматалъги гIумруялъги мугъчIвалеб букIараб. Йохъ! Дида бичIчIана, хIакъикъаталдаги дие инсудаса щибго къваригIун букIинчIеблъи, къваригIун букIана цохIого-цо гьев дунялалда вукIин, гьев чIаго вукIин. Росдал хабалалъ буго гьесул хоб. Дун гьесул хабада щвараб мехалда, дида ракIалде ккола гьес абулеб бугин: «Гьа, дир вас, кин вугев мун! Мун къуркьуге! БетIер борхун ккве!»

## 9.

Дир кIодо йикIана бахIарчияй гIадан. Жеги гIолохъанго хутIун йиго гьей, лъабго лъимергун, къороллъуда. Гьел рукIун руго цIакъго захIматал сонал: колхозал гIуцIулел, вахIшилъи цIикIкIарал, КIудияб ВатIанияб рагъ унел. Гьей йикIун йиго ритIухъай, бацIцIадаб намусалъул, бахIарчияй, жеги лъиданиги жиндаса квешаб рагIи абизе хIужа биччачIей, киназго адаб-хIурмат гьабулей гIадан. Дир лъимерлъи ана гьелда аскIобги гьелда цадахъги. Дун гIуна гьелъул маргьабазухъги, кучIдузухъги, абиязухъги гIенеккун.

Дилъ бугеб кинабго лъикIабщинаб – гьеб щвана дие кIододаса, цоги хутIарабщинаб, лъикIаб гуреб буго дилъго бижараб ва дунялалдаса щвараб. Гьей цIакъ чIухIулаан дун лъикI цIалулев вукIиналдаса. ГIадамазе веццунцин ватулаан.

Цо нухалда, дида гIайибго гьечIого, мугIалимас дие «кIийилаб» лъуна (дун унев вукIана меседил медалалде, гьединлъидал, гьеб дие бегьулеб жо букIинчIо). Гьеб ккана гьадин: дун вукIана классалъул староста. Байбихьана дарсиде. МугIалимас гьикъана: «Киб бугеб карта? Карта щай гьечIеб? Кив вугев дежурнияв?» – ан. «Дежурнияв гьечIо». «Гьедин батани, дица старостаясе лъолеб буго «кIийилаб», – ан абуна гьес ва журналалда гьебги лъуна. Дун, гIедегIун, классалдаса къватIиве лъугьана ва кIодохъе гIарзалъ ана. Гьей дихъ гIенеккана. Щибго абичIо. Дун гIодовиччазавуна. Диеги бигьалъи лъугьана. КигIанха дун гIажаиблъун вукIарав, нахъисеб къоялъ, мугIалимас дие «кIийилаб» лъураб тIамачги журналалдаса нахъе тIун, дида рокъобе кьураб хIалтIи гьабунищанги гьикъун, «щуйилаб» лъураб мехалда.

Гьеб ккун буго гьадин. Гьев мугIалимасул рукъ букIана дир кIододаса гIемер рикIкIад гьечIого. Гьей чIун йикIун йиго гьев школалдаса тIадвуссиналъухъ ялагьун. КватIун вуссун вуго мугIалим рокъове. Дир кIодо, гIансаги борхун, ахIдолаго, гьесда хадуй екерун йиго: «Щай дуца дир васасе «кIийилаб» лъураб?» – ан. МугIалимас, гьелдасаги тIурулаго, рагIи кьун буго: «Аллагьасе гIоло, мун гIодое йиччай! Дица хисизабила къимат!» – илан. КIодо гьесда божун йиго. МугIалимас жинцаго кьураб рагIи тIубазабуна. Гьеле гьединай йикIана дир кIодо.



**М. АхIмадов ХI. ХIамзатовгун ва М. СагIдуллаевгун**



**М. АхIмадов ГIабасил МахIамадгун**

## 10.

Цо кидаялиго Чухонцев Олегица хъвана: «Школалда аскIосан унев вукIана…ва гIодана…» Дагьав цевегIан дир гIагараб Гьонода росдал школалда букIана дир юбилей. Дунги гIодана. РакI-ракIалъ лъималаз цIалулел дирго кучIдузухъги гIенеккун, дун ургъулев вукIана: «Унго-унголъунги дицадай гьел хъварал?» – абун.

ГIажаибаб жо, чанго сон кIудиял шагьаразда баниги, гьел шагьарал гIезегIанго хирияллъун лъугьаниги, тIадвуссун гьениве щвейгун, гIемераб жо кIочон батула: къватIазул цIаралги, метроялъул станциябиги, дуе къваригIараб автобусалъул номерги.

Амма гIагараб росулъ абуни, щибго кIочонаро. ХIатIида гIицIго векерахъдарал къватIалги, гьениб араб лъимерлъиги – гьез рекIелъ тола даимго кIочонарел лъалкIал. Кив дун вукIаниги, дида кIола, къанщун бералгун, дир росдал сурат бахъизе: бокьараб иццалъулги, сухъмахъалъулги, гъотIолги, гамчIилги; кинаб гIалхуда бижулеб гъветIалъул пихъ гьуинаб букIунеб, киб хIанчIил бусен бугеб, кибе рехулеб боржун унеб цIумалъ рагIад, кинал хIанчIазул кинал бакънал рукIунел; рохьоб жаниб киб бугеб эхедерай, ва кисахун бугеб эхере ине кколеб нух– рахъ. Дун киданиги къосун кколаро, ккезеги гьечIо.

Школа... Дир гIагараб школа. Дир хириял мугIалимзаби. Дида нуж киналго рекIехъе лъала ва кIочон рукIинчIо цо лахIзатальги. ХIатта бищун дие рокьулел мугIалимзаби адабияталъул рукIананиги, цогидал мугIалимзабиги хириял рукIана дие. ГьабсагIат гIемер хутIун гьечIо школалда дир рукIарал мугIалимал, амма гьелги, гьез малъарабги хутIун буго дир рекIелъ.

Гьел мугIалимзабаз, магIарул мацIалдеги руссинарун, нижее бицунаан тIолабго дунялалъулго литератураялъул асаразул. Нижеда гIурус мацI гьедигIан лъикI лъалеб букIинчIониги, щибаб дарсил ахиралда нижее заман толаан цо кинаб букIаниги лъикIаб тIехь цIализе. Гьедин бижана дир рекIелъги тIахьазде рокьи. Цо-цо мехалда нижер дарсал унаан тIабигIаталда. Хасго хасалихъе букIунаан сверухълъиго берцинлъидул цIун. ТIабигIаталъул хIакъалъулъ нижеца хъвалаан сочинение.

Дун пашман вуго: гьабсагIат дагьлъун руго жидерго цIалдохъаби хирияял мугIалимзаби…

Гьанже руго лъимал рокьуларел мугIалимзабиги, унтарал рихарал тохтуралги. Гьединлъидалин нилъер заман бугеб – унтараб заман. Расулица абухъего: «Кин нилъ сах рукIинел, заман унтун бугеб мехалда».

ГьечIо гьанже нижер букIараб басрияб школаги, буго кIудияб, гIатIидаб, къваригIарабщинабги бугеб, цIияб школа. ЦIалиги гьанже батIияб буго… мугIалималги хисун руго. Гьарула БетIергьанасда: рукIаги гьел иман-яхI бугел, ритIухълъи рекIелъ бугел, адабиятги гIадаталги цIунарал.

Школалдаго цадахъ нижее тарбия щолеб бакI букIана годекIанги. ГодекIан – гьеб буго росулъ бищун хIажатабги хIурматиябги бакI. Гьенире ракIарула росдал киналго бихьинал. Бицуна хабар: дунялалдаго щиб киб ккараб… Бищунго хIурматиял чагIи гьенир рукIана росдал хараби. Гьел рукIунаан, тIингъалги ретIун, тIагъралги лъун, халатаб кьералда гIодор чIун.

Росдал хараби – гьел руго бищунго гIакъилал, бищунго ритIухъал кIудиял гIалимзаби. Нижее годекIан букIана, цIалул дарсал лъугIун хадуб,

гIумруялъул дарсал щолеб бакIлъун. Лъилго ихтияр букIинчIо векерахъдизе, кIанцIезе, изну букIинчIо кIалъазе – гьеб кIудиязда цебе кколаан цIакъго магIна-гIорхьи гьечIеб жолъун.

Лъицаниги цониги тIаса борчIараб иш гьениб гьабуни, гьев цо херас ахIулаан аскIове ва кьурулаан гьесул гIин яги щолаан ботIролъ хъат. ГодекIан – гьеб буго магIарул бихьинал лъадарулеб, гьезие гIумруялъул дарсал щолеб академия, академикалги гьенир руго росдал хараби. Харабазда лъималазул хIакъалъул лъалаан кинабго: лъил вас гьев кколев, кинаб гIамал-хасияталъул кколев. Херазе киналго лъимал рукIана жидерго лъимал, гьез киназулго тIалаб-агъаз гьабулаан жидерго лъималазул гIадин, гьезие гьел рукIинчIо цоял жидерал, цогидал чиярал. ГодекIанир ругел чIахIиял ганчIазда лъала гьениб ккараб-таралъул: щив какарав, щив веццарав, лъил кинаб тIокIцIар букIараб. ГодекIаналдаса бахчун щибго хутIулароан: ритIухълъиги, яхI-намусги, бахIарчилъиги, гьудуллъиги, гьоболлъиги, хIурмат-адабги, гIищкъу-балайги. ГодекIаналъул букIана жиндирго конституция.

Эбел-инсуца васасе кьураб цIарги хисизабун, хадуб, гьесул гIамал-хасияталда рекъон, гьесие тIокIцIар кьезе ихтияр букIана годекIаниб. Гьесда хадуб тIубараб гIумруялъ рекIун чIолаан харабаз годекIаниб кьураб цIар.

ЦIакъ захIматаб академия букIана гьеб. Гьениб кьолеб экзаменалъул билеталда букIана цого-цо дарс: борхатго кквe эбел-инсул ва умумузул къадру, гьабуге росуги тухумги инжит гьарулеб тохаб иш.

Росдал хараби рукIана гIакъилал философаллъун. Гьезда кIолаан ракIчIараб къимат кьезе щивасе ва гьесул букIинеселъе. Гьел киданиги мекъи кколел рукIинчIо. Гьединлъидал, дица абула: харабиги дир мугIрулги – нуж руго дир даимал мугIалимал…

## 11.

ЦIакъ гьитIинго, жеги школалда цIалулаго байбихьана дица кучIдул хъвазе. АнцIила ункъо сон бараб мехалъ дица хъвараб «Холеб буго мугIрул чан» абураб кечI лъугьана халкъияб кечIлъун. Гьале гьанжеги, бащдаб гIасру аниги, гьеб киназдаго лъала, ахIула. Гьеб кочIоца рагьана дие нух кIудияб поэзиялъулаб гIумруялде:

**Чабхил кIкIалахъан кIанцIун,**
**Бекерулеб буго чан...**
**Чанахъанас нахъойги**
**Босулеб буго ишан.**

**Кьвагьи…**
**Бахъана угьи. –**
**Холеб буго берцинлъи,**
**СогIаб тIухьидул гулла**
**ХIеренаб рекIелъги къан.**

**Холеб буго мугIрул чан,**
**Чабхилъе магIуги тIун,**
**ГIумруялъ къеч буссинчIеб**
**Чабхил иццда кIалги чIван.**

**МагIарул росдал мина**
**ТIамулеб буго цебе,**
**ТIухьидул гулла буго**
**Боржунеб шагIирасде.**

**МахIмуд чIвараб гуллацин**
**Гурищ чанида щвараб?**
**Магьдиласул ракIгицин**
**Гурищ чанахъанасул?**

**Гьаб кинаб гIажаиблъи,**
**ГIумрудул сухъмахъазда,**
**ГIужие щай босулеб**
**Берцинлъиги гьунарги?**

МахӀмуд – цӀар рагӀарав магӀарул рокьул шагӀир чӀвана нахъасан гуллаги речӀчӀун, гьудуласулгун ккараб дагӀба-хабаралдаса хадуб тӀадвуссун унаго. Магьдилав – гьев ккола МахӀмудил гьудулги гьев чӀварав чиги. Дида, жеги гьитӀинав чиясда бичӀчӀун батана: дир кочӀолъ чан чӀварав чанахъанги МахӀмуд чӀварав Магьдилавги цоцада релълъарал гӀадал рукӀин. КӀиялго руго чӀвадарухъаби: цояс чӀвана берцинлъи, цогиясин абуни – гьунар. Даимаб суаллъун дир рекӀелъ хутӀана: щай берцинлъиги гьунарги чӀвазе хӀадур ругел гӀадамал?!

Дица кечӀ битӀун ана «Гъудуллъи» журналалъул редакциялде. Гьениб кечӀ бихьун буго Фазуда. «Хехго, хехго, гьаб кечӀ журналалда бахъизе ккола!» – ян ахӀулаго, ячӀун йиго редакторасул кабинаталдеги. Бахъана кечӀ журналалда. КватӀичӀого композиторас бакъанги хъван, гьеб кечӀ кибго машгьурлъана, кечӀ лъугьана халкъияблъун. Доб къоялдаса нахъе Фазу йикӀана дир мугӀалимлъунги, гьудуллъунги. Къисматалъул бищунго захӀматал лахӀзатазда дун унаан Фазухъе. Гьелда кидаго батулаан дие заманги къваригӀараб рагӀиги. Гьей йикӀана бихьиназдасаги бахӀарчияй, ритӀухъай ва лебалай чӀужугӀадан. Гьелъ кидаго кибго ккуна дир рахъ: цӀунана дунги, дир гӀумруги, дир шигӀрабиги.

ГӀолохъанаб мехалда дун цӀакъ захӀматаб гӀамал-хасияталъул чи вукӀана аскӀор ругезе. Дида ракӀалде кколаан кучӀдул хъвай гуреб, цоги хӀажатаб, къваригӀараб щибниги букӀине рес гьечӀилан, гъваридго хъварал кучӀдузулъ букӀана дие гӀумрудул магӀнаги ритӀухълъиги. Гьединлъидал, дун Фазухъеги, Шахтамановасухъеги, ГӀабасил МахӀамадихъеги унаан кватӀараб сардидаги, рогьалил гӀужалъги, гьезие дирго кучӀдул цӀализе. Гьез кидаго дун къабул гьавулаан ракӀ-ракӀалъ, разиго, гӀинтӀамулаан дир кучӀдузухъ, семулароан цо щиб бугониги рекӀее гӀечӀеб кечӀ букӀаниги. Дида гьанжего гьанже бичӀчӀула – кидаго гуро дун витӀарав вукӀарав. Светлов Михаилица абухъе: гьудуллъи буго къаси-къадлъи лъалареб, заман цӀан гьабулареб жо. Цо нухалда Переделкиноялда, къаси сагӀат анцӀила кӀигоялда ана дун Фазухъе кучӀдузул тетрадги босун. РогьинегӀан гьелъие цӀалана гьел. БеркъапичӀого дихъ гӀенеккана Фазу. Дун ун ватана гьениб тетрадги кӀочон тун. Нахъисеб къоялъ, радалго гьей ячӀана дихъе гьеб тетрадги босун ва абуна: «Дица цебечӀезабуна дур гьаб тетрадь тӀубанго билун бугилан. Дун кутакалда хӀинкъана. Гьединлъидал, дун радалго ячӀана духъе гьабги босун». Гьеле нужее инсанасул яхӀги, намусги, ракӀбацӀцӀалъиги, жахӀдагьечӀолъиги.

Гьанже, я Расул, я Фазу, я Шахтаманов яги ГӀабасил МахӀамад нилъгун гьечӀеб мехалда, дун янгъизго хутӀун вуго, хутӀун вуго заманаялъул нухбикьуда, гьардухъан гӀадин, гьардолев вуго дир кучӀдузухъ гӀенеккеян. Амма гӀадамал унел руго аскӀосан. Гьезие хӀажат гьечӀо шагӀирги гьесул кучӀдулги, гьел гӀедегӀун руго жидерго къваригӀелалъ. Дицаги, гьаб заманаялъул нухбикьудаги эхетун, кучӀдул цӀалулел руго гьорое…

## 12.

Цере рукӀарал гӀолохъанал шагӀирал! Гьезие рокьулел рукӀарал куц шагӀирзабиги шигӀрабиги! Дида ракӀалда буго лъебергогӀанасеб соналъ цебе, дихъе Творчествоялъул Рокъове «Малеевкаялде» вачӀана, жиндирго кучӀдулги росун, гӀолохъанав, гӀамал берцинав, къоло кӀиго сон балев МухӀамад ХӀамзаев. Гьеб букӀана хасалил заман. Гьев тӀоцебесеб нухалъ щун вукӀана Москваялде. Дихъе, «Малеевкаялде», вачӀун вуго цӀорораб

хасалил рохьосан. Къосун ккун вуго. Квачан вуго. АскIосан унев вукIарав цояс бихьизабун буго гьесда гьенибе нух. Къаси кватIараб сардилъ дир нуцIида кIутIулев чи МухIамад ватидал, дун тамашалъун хутIана.

Гьес босун бачIана магIарухъа бакъвараб гьанги, чIагIаги, росулъ бежараб чедги. Гьан белъине бакI букIинчIо. Нижеца гьеб рехана кофе гьализабулеб чайникалъубе. ТIуна стакабахъе чIагIаги, бекана чедги, кванана гьанги. Гьес цIалана жиндирго кучIдул. Гьел рукIана цIиял, мугIрузул иццал гIадал, рацIцIадал, бацIцIадаб магIарул мацIалда. Гьеб букIана шагIирлъиялъулги гIаданлъиялъулги талихI бугеб мех. ГIемер заман ана гьелдаса нахъе, амма дида киданиги кIочон толаро доб сордо: ватIаналдаса рикIкIад, «Малеевкаялда», цIорораб хасалил сардилъ ниж рукIарал талихIал. Лъазего лъалареб кIудияб шагьаралда, квачараб хасалил сардилъ дихъе вачIин – гьеб букIана гIолохъанав шагIирасул бахIарчилъиги, адабияталде бугеб рокьиги, дун кIодо гьавиги.

Тихонов Николайица Эффенди Капиевасул хIакъалъулъ хъвана: «Гьесул тIехьалда цIар буго «ГанчIида гьабураб накъищ». Гьеб цIар гIадада гуро гьелъие кьун бугеб. Щибаб миллаталъул, ракьалъул кучIдузулъ рукIуна жиде-жидеего хасиятаб магIнаялъул рахъал: жидерго гьениб бугеб тIабигIаталъулги, гIадатазулги, гIумру-яшавалъулги. Дагъистаналъул шагIиразул кучIдузулъги буго жидеего хасиятаб рахъ. Эффендицаги бихьизабун буго жиндирго кучIдузулъ гьеб. Гьеб буго Батирайил кучIдузулъ – гьесул янгъизлъилъун, гьеб буго ХъахIабросулъа МахIмудил Карпаталда хъвараб йокьулей Марямиде гьабураб кочIолъ – панаяб хIухьеллъун».

Гьезул шигIрабалъ буго гъваридаб пашманлъиги, ракI гьалдолеб гIищкъуги. Гьел шагIирзабазул къисматги буго къваридаб.

Батирай вуго цохIо живго гIадамаздаса рикIкIад, колохъ, гъасда бакараб цIадухъ валагьун, къваридал пикрабаз керенги цIун, жиндирго янгъизлъиялда тIад ургъулев. Халатал сардаз, макьу щоларого, жиндирго йокьулелъухъ инагьдилев вуго ХъахIабросулъа МахIмуд. Нилъеда цIар лъаларев шагIирас хъван буго бахIарчияв Хочбарил хIакъалъулъ. Цояб гIелалъ цогиялъухъе кьун, чIаго руго гьел хвелгьечIел асарал.

ГIолохъанав шагIир Эффенди Капиев вукIана Дагъистаналъул тIоцересел советиял шагIирзабазул цоявлъун. Амма лъиданиги кIвеларо абизе гьев вукIанин гьанжего гьанже байбихьулев, жеги хIалбихьи гьечIев шагIирилан.

Дида ракIалде ккола тIоцебесеб кочIол мухъ хъварабго лъугьанин гьев халкъияв шагIирлъунилан. Гьесул тIубараб гIумру ана, гIадамазда живго, шагIир хIисабалда, вичIчIизавулаго. «КечI ботIролъ гуро бижулеб, рекIелъ бижула. БотIролъ бижараб кочIолъ букIунаро пасихIлъиги, ракIги, рухIги; рекIелъ бижаралъулъ букIуна, гьеб халкъалъухъе хехго щола», – ян абуна Эффендица. Гьелъул бицунеб букIана нижецаги доб цIорораб хасалил сордоялъ «Малеевкаялда». Долдаса нахъе ана гIемерал заман. МухIамад вахъана Дагъистаналъул халкъияв шагIирлъун. Гьесул асарал гьираялда цIалула киназго. Дун цIакъ вохарав вуго гьелдаса. Дун тамашалъизавуна цо гIемер рагIичIеб, Эффенди Капиевас ХъахIабросулъа МахIмудил хIакъалъулъ хъвараб хабаралъ.

«Цо магIарул Бекьилъ-ХъахIабросулъ гIумру гьабулев вукIана шагIир МахIмуд. Гьесда чIалгIун букIана рохел гьечIеб гIумруги цIорорал чIорогоял,

бакъ чIваларел къадалги. РекIелъ хутIун букIинчIо кечI хъвазе гъира-шавкъ. ГIемер мех ана гьасул пандуралъул гьаракь гьудулзабазда рагIичIелдаса нахъе. Гьебмехалда гьесул ракIбекана… ЧIагояв шагIирасул цIар кибго рагIи – гьеб бахIарчиясул цIар щвей гуро. Унго-унгояв шагIирлъун вукIине ккани, цохIо кечI хъвараб гIоларо, хъвазе ккола гьоркьоса къотIичIого, гъанситухъ цIа свине биччазе бегьуларо, гьенибе, мех-мехалда, цIул рехизе ккола. ЦIа сун уна, гьенибе цIул рехичIони; нахъекъарав шагIирасдаса унго-унгояв шагIирги лъугьунаро.

МахIмуд гIакъилав чи вукIана. Гьес жиндирго пандур бахчана ва борчана инсул ханжар-рачел, кьолона чу.

– Дир чорхолъ би гьалулеб буго, – ян абуна гьес йокьулелъулгун къо-мех лъикI гьабулаго. – Дида рагIана дора мугIрузда нахъа гIумру гьабулел ругин ццидалал гIадамал, нилъ рокьуларел. Дун кIалъала гьелгун! Щиб лъалеб, тушманасдаса рецIел боси батизе бегьула дир талихIлъун! Щиб лъалеб!

Цо мегIер тун, кIиго тун, унев вуго МахIмуд. Нух халатаб буго. Сордо бецIаб буго, сухъмахъ хIинкъараб буго. КIкIалал-хьитIал цIун руго хабалъ рукъичIел жаназабазул рукьбуз. Чияр цIумал роржунел руго бахIарчиясул нухда тIад, зодосан ралагьун, нухлуласда хадур халккун руго тушманасул берал.

МахIмуд вукIана гIолохъанавги ццидалавги. ХIалицаго чIолохъжоялъ ккун бугеб чода тIадги рекIун унаго, гьесул ракI хIалакун букIана тIоцеве нухда дандчIварав тушман чIвазе. «Дун мискинав вуго, – ян ургъулев вукIана гьев, дир машгьурлъиялъул цIва сунеб буго. Кинабго бухIана, хутIун буго цохIого-цо рахъу. Рохьдоца щивго хинлъизавулев гьечIо. МагIаруллъиялъул хехал гьуразулцин гьечIо гьанже цIа рекIинабизе къуват. Дун хIинкъуч гуро! Гьанже балагьилин цо!»

Гьеб букIана хасалихълъи. ТIогьиллъи рехун букIана сверухълъиялде. МахIмудида ракIалде щвана чабхъадул месед. Дунял рогьунеб гIуж букIана. Бакъбаккул рахъалдасан чIвалеб хIеренаб багIаркьераб канлъи чIвалеб букIана ракьалдаги рухI-чIаголъиялдаги. Цо рахъалдаса раккун рачIана накIкIал. Гьороца добехун-гьанибехун щапизабулеб букIана бакъвалеб буго хер. МахIмудида ракIалде щолел рукIана росуцояз гуржиязулгун рукIарал дандчIваязул хIакъалъул рицунел рукIарал харбал. Гьесие бокьун букIана хехго щвезе ЦIоралъул гIодоблъиялде – гьениб букIун буго гIемераб би гIодобе тIураб рагъ. МахIмудица гьа базе ккола: хввалчадул бегIерлъиялда тушманасул би бакъвачIого жив нахъвуссинарилан – гьединаб буго умумузул гIадат. «Дица босила тушманасдаса рецIел!» – ан гьедулев вукIана шагIир.

Дораса-гьаниса рахъун рачIунел рукIана накIкIул парчаби. Байбихьулеб букIана чияраб ракь. Нух тIеренлъулеб букIана, хер халалъулеб букIана. Циндаго цо бичIчIулареб хIалги бачIун, МахIмуд лъалхъана. Гьев сверухъе валагьана. Гьев вачIунеб сухъмахъалда, цеве-цеве, ахIулаго кечIгун, унев вукIана цо чи. Гьев херав чи вукIана. Чанахъан вукIун ватила. Гьевги унев вукIана МахIмуд унеб рахъалдехун.

ШагIирас чIолохъжо туркIана – гьесие бокьун букIинчIо, кIудияв чиясул адаб тун, вуцIцIухIун цевехун кIанцIизе. Амма херав нахъвалагьичIо. Гьев унев вукIана шавкъалда жиндирго кечIги ахIулаго, гIадада вукIана МахIмуд валагьун чIун, гьес кечI ахIун лъугIизегIан. Сухъмахъ тIадеялдаса– тIаде тIеренлъулеб букIана. Гьанже шагIирасе цевехун ине нух букIинчIо, гьев херасда хаду-хадув унев вукIана. Херасда хадув унев МахIмудида рагIулеб букIана херас ахIулеб кечI. Гьесул каранзул хIал хисулеб букIана. Гьеб букIинчIо хIинкъи – МахIмуд хIинкъуч вукIинчIелъулха. Гьеб букIинчIо рекIекълъиги. Щибха гьеб букIараб? ХIикмалъи? Тамашалъи?

Цояб рахъалдасан чвахулеб букIана гьитIинабго лъар. Радал мех букIана. Херав, ахIулаго кечIгун, унев вукIана.

Циндаго МахIмудида бичIчIана, кечI ахIулев херавги тун, жиндие цевехун ине бокьун гьечIеблъи. Гьев кочIоца хIайран гьавун вукIана. Чолохъжоги чуч гьабун, гьев лъалхъана.

Унго-унгояв шагIирасда киданиги кIвезе гьечIо, ахIулеб кочIохъги гIенеккичIого, цевехун ине. Инсанасул бищунго къваридал, захIматал, пашманал къоял гвангъизарула кечIалъ. МугIрузул кучIдул руго мугIрузул шагIиразул саринал, гьел шагIиралги руго жалго мугIрул гIадал».

## 13.

Дие бокьула арал къарнабазул шагIирзабигун хабар-кIалалда вукIине. Гьез кьола дие цо балъгояб къуват, щулалъизабула дилъ шагIирлъиялде божилъи, гьезул рекIелъ букIуна бацIцIалъиги гIаданлъиги. Машгьурав шагIирасул асаразулгун гьабулеб рекIелаб гара-чIвари – гьеб буго унго-унгояв шагIирасе хасиятаб хIал, гьелъулъ букIуна цогидазда бичIчIулареб гьуинлъиги берцинлъиги. Щивав шагIир жиндирго шигIрияб мацIалда хьвадарула. Гьеб буго рекIел мацI, рокьулги къисматалъулги мацI.

ХъахIабросулъа МахIмуд… Гьесде абулаан магIарул Пушкиниланги, Кавказалъул Блокиланги, гениалияв рокьул шагIириланги. ХъахIабросулъа МахIмуд – магIарул кинидахъкечI, пашманаб рокьул угьди, пасихIаб мацI, гIодулеб пандур; гьев вуго хIасратаб гIищкъуялъул шагIир, хадусезе мисаллъун лъугьарав, къваридаб къисматалъул инсан, жиндиего балагьалъеги талихIкъиналъеги вижарав рокьул апарагги аварагги.

Э.Капиевасул гьитIинабго харбилъ нилъеда бихьулеб буго кинаб рекIел хIал гьесул букIарабали; МахIмудида лъалеб гьечIо кин жив къеркьезе кколев гьеб ритIухълъи гьечIеб гIумругунги, гIадамалгунги, жиндехун мугъ рехараб къисматгунгияли. Киналъулго бакIлъи бегун буго гьесул гъуждузде. Гьаниб меседги бечелъиги цо рахъалда хутIулеб буго, хIакъикъаталдайин абуни, гьесие, мугIрузул шагIирасе, хIажатаблъун, хирияблъун лъугьунеб буго кечIги гIищкъуги. ГIищкъуялъе гIоло гIумру кьуна гьес.

МагIарулазул гъасда даимго рукIине руго МахIмудил хIакъалъулъ бицунал, гIищкъу бергьараз нус-нус соназ ахIизе руго гьесул кучIдул. МахIмуд – гьев ккола гIумруялъул киналго суалазе жавабал кьезе кIварав рокьул шагIир, амма киназдаго гуро гьев вичIчIизе вугев.

**Цо панаяб хIухьел бухIулеб рекIел**
**КIвеларищ босизе, самаалъул накIкI?**
**Соролел лугбазул бугеб гIакъуба,**
**ГIарза хъван кьеларищ, хъахIил зодил хьухь?**

Вижиладай дунялалда тIад цониги таржамачи МахIмудил кучIдул магIарул мацIалдаса цоги мацIалде руссинаризе кIолев. ЦохIого-цо Эффенди Капиевасда кIвана гьесде гIагарлъизе, «Марям» кечI буссинабулеб мехалда. Гьединлъидал, гIурус мацIалда гьеб кечI ахIизе бегьула магIарул пандурги хъван. Гьунар буго гьунар, гьечIо гьелъие хъварал законал.

Рокьул кучIдузулъ бессун букIуна хIакъикъаталда бугелдаса гIумруялъе бищун хIажатаб жанисеб магIна, гьезул кьалбал уна гъварилъудеги гIатIилъудеги, рокьул кучIдуз гвангъизабула шагIирасул къисматги жалго шигIрабиги. Рокьул кучIдузул, кинаб миллаталъул шагIирас гьел хъван ратаниги, буго цо гIаммаб мацI – гьеб мацI ккола рекIел мацI, каранлъ бухIиги, пашманлъиги бугеб, гьеб мацIалда хъварал кучIдузе къваригIунаро таржамачицин – гьел киназдаго гьадингоги ричIчIула.

«ШагIирасда шагIир гьаркьидалъун лъала», – ан абуна Николай Тихоновасда Сулейман Стальскияс. Гьебго гьаркьидалъун лъала шагIирасда кинаб пашманлъиги рекIел гIицIлъиги бахчун бугеб живго гIадав шагIирасул кучIдузулъ ва гьесие гьел кучIдул рекIел дарулъун лъугьуна. Гьединлъидалин Александр Блокица киналго шагIиразе гIаммал рагIаби хъварал:

**ЛъикIлъидул, канлъидул**
**Лъимер вуго гьев,**
**Гьев – эркенлъиялъул**
**Бертинлъун вуго.**

Щивав шагIирасул рокьул кучIдул цIаларалго лъала нилъеда гьесул гьунарги, рекIел хIалги, къисматги, асаразул даражаги тIадегIанлъиги.

Гьединлъидал – дица гьел рикIкIуна бищунго къиматаллъун ва хIажаталлъун.

Гьаниб бицине бокьун буго Глеб Горбовскияс Анна Ахматовагун дандчIваялъул хIакъалъулъ хъвараб асаралъул. Гьес гьей яхинаюлаан Олимпалде, рикIкIунаан кIудияй классиклъун.

«Ахматовалъ, шавкъалда, ахIана:

– Гомер! Гомер! Дунялалдаго машгьурав! Гьеле гьев ккола унго-унгояв шагIир! Гом-мер, – гьелъ хIухьел босана ва жеги абуна: – Гомер-р…Гьеле! Нилъин абуни руго гIадатиял гIадамал. ЦIакъго гIадатиял, чIагоял, ракьалда гIумру гьабулел ругел. ШагIир – гьеб буго гьаракь, къаркъала къваригIунареб бакъан, легенда! Эркенлъи…

– Нилъ… – ургъулаго: – Нилъ руго – нилъ…» Гьаб гьитIинабго хабар рехсараб буго нужеда бичIчIизе букIине шагIирлъиялъул тIадегIанаб сан бугеблъи.

Гомерил даража бахараб даражаялъул шигIру!

Гьелъул щибго батIалъи гьечIо: Гомерил букIаниги, цоги батIияв шагIирасул букIаниги – гьеб шигIруялъ нилъ хвасар гьарула чIобогояб ракIалдасаги, магIна-гIорхъи ва пайда гьечIеб, ракIбакъвараб гIумруялдасаги. ШигIруялъулъ буго нилъер хвасарлъи! Гомерил гIадаб шигIруялъулъ!

## 14.

ШагIирзабаздасаги гьезул асараздасаги хIинкъулеб пачалихъ, кигIан кIудияб букIаниги, талихIкъараб пачалихъ буго, щайгурелъул, шагIирзабаздаса хIинкъун, гьезул ритIухълъиялдаса хIинкъун, гьел пачалихъазул бутIруз шагIирал къарид гьарулел рукIана. ХIакъикъаталдаги, гьел тIадчагIазда лъалеб букIана кинаб хIинкъи жидее бугеб шагIирзабазул щигIрабалъ, щайгурелъул, гьез халкъалда бицуна, бихьизабула кинаб букIине кколеб эркенлъи, кинаб рокьудаса гьел махIрум гьарун ругел, кин гьел пачалихъалъ махсароде кколел ругел. ВатIанги пачалихъги – гьезулъ батIи-батIияб магIна буго: шагIирасе хирияб буго жиндирго ВатIан, гьес хъвалел руго ватIаналъул хIакъалъулъ кучIдул; пачалихъин абуни, гьеб буго ватIаналде тIад бугеб, даимго ватIангун къацандулеб къайицадахъ. ШагIирзабазе ватIан хирияб буго. Росизин мисалъалъе Дагъистаналъул шагIирзаби-классикал – кинаб гIумруги къисматги гьезул букIараб!

Батирайие кечI ахIизе гьукъун букIана, нагагьлъун ахIани, гIакIаде оц бахъулеб букIана; Йирчи Гъазахъасе течIо рахIат, нахъчIун, къварилъиялде ккезавун, ахирги гьев витIана Сибиралде ва гьениса тIадвуссунаго чIвана, гьанжелъизегIанги лъаларо гьесул хоб бугеб бакI.

СагIид Кочхюрскиясул берал рахъана – гьесда дунялалъул берцинлъи бихьунгутIизе; Етим Эмин, унтабацаги кIвекIун, гвандинив хвана; ГIанхил Маринил кIал букъана, гьелъул ритIухъал кучIдул рагIизе бокьичIого; Эльдарилав, берталъ загьруги кьун, хвана; жиндирго гьудулас, нахъасан речIчIун, МахIмудги чIвана. Унго пашманлъи гьезул къисматалъул! Кинал машгьурал цIарал! Гьел руго цохIого-цо дагъистаниял. Пушкин! Лермонтов! Аза-азар востокалъулги западалъулги шагIирал-кочIохъаби, тIадчагIаз ва ханзабаз чIвана гьел! Амма даимго чIаго руго гьел ва, хисичIого бахIарчиго, ритIухълъиги цIунун, нилъехъ ралагьун руго, квешлъиялдаса гIумру цIунизе нилъее кумекги гьабулаго.

…РакIалде щвана цо лъугьа-бахъин. Николай Гумилевги вукIана гьукъарав шагIирлъун. Гьев, хIукуматалдеги хIуриялдеги данде чIарав вугилан щаклъи ккун, туснахъалъув тIамуна, цинги чIвана.

ЧIвазе вачун унеб мехалъгицин гьес бетIер къуличIо ва абуна: «Офицер Гумилев холев вуго шагIир гIадин, шагIир Гумилев холев вуго офицер гIадин».

ЦIигIуцIиялъул заманаялда байбихьана Гумилевасул кучIдул басмаялда рахъизе. Дунги, доб мехалда жеги гIолохъанав дир гьудул МухIамад ХIамзаевги рукIана гьоболлъухъ Каспи ралъдал рагIалда бугеб Морская 2 – гьудуласул рокъор, ниж рукIана гIодор рукIун, кватIизегIан кваналел-гьекъолел. Радал ворчIараб мехалда батанаха унтулеб бетIер, ракIалде кколаан, дагьалъ тIаде борхани, гьеб щущан инилан. Унтулеб букIана, бетIер гуребги, рухIгицин. ХIалица тIадеги вахъун, дун гордухъе вилълъана. Гордухъан бихьулеб букIана гьелчолеб Каспий. Гьелъул карачелал кьабгIолел рукIана рагIалда ругел ганчIазда, амма гьездацин кIолеб букIинчIо дир бетIер сах гьабизе. ГортIе рехун букIана «Смена» журнал. Дица гьеб рагьана, гьенир рахъун ругоан Гумилевасул кучIдул. Дица, гьаракь борхун, гьел цIалана:

**Квешаб макьу бихьун инагьдулев дун**
**ВорчIана циндаго захIматаб хIалалъ.**
**Макьилъ мун йихьана, цогидав вокьун,**
**Ва гьес мун йикIана къварид гьаюлей.**

Гьеб букIана тIоцебесеб кечI, гьелда хадур рукIана «Къосун ккараб трамвай», «Анлъабилеб рекIел хIал» ва цогидалги гьесул кучIдул.

Дица цIалулел рукIана кучIдул, аскIов вахъун чIун вукIана гIолохъанав ХIамзаев, Шахтамановас абухъего, Миха Лермонтовасда релълъарав. Цояб рокъоса къватIире цо-цоккун рачIунел рукIана гьудулзаби. Дица киналго кучIдул цIалана.

Я БетIергьан Аллагь! Кибе араб лъачIого ана доб черхалъул бакIаб хIалги, дида ракIалде ккана, циндаго дир чорхолъ рещтIанин кисан бачIараб лъалареб къуват, дун лъугьанин дуниял бокьухъе сверизабизе кIолев залимав чилъун. ШигIруялъулъ бугеб къуваталъ инсанасул рекIее кьезе кIолеб буго къуватги, хIасратги, яхIги, гьавизе кIолев вуго инсан хIеренавлъунги гIаданлъи бугевлъунги. Баркала Гумилевасе – баркала шагIиразе, ракIги черхги сах гьабизе кIолел шигIраби-дугIаби хъваралъухъ.

**15.**

Росдал хараби дида рихьула шагIирзабазда релълъун. Гьезда кIола гIужда щолеб хIалалъ абизе бегIераб ва гIакъилаб рагIи. Дагьаб цебегIан годекIаниб херасда гьикъун буго: «Кин мун валагьулев тIад ругел нухмалъулезухъ?» – ан. «Бералги къанщун», – ан жаваб кьун буго херас. Гьеле тIадругезул хIалтIул хIасил – херасул гьел рагIабаздалъун кинабго бичIчIулеб буго. Пачалихъ шагIирзабазул тушманлъун лъугьани – гьеб пачалихъалъул гIумру къокъаб букIуна. Нусго соналъ цебе Игорь Северяниница хъвана:

**ШагIирзаби рехун тараб хIукумат, –**
**Гьеб жибго жинцаго чIвалеб хIукумат.**

ГьабсагIат унеб буго къоло цоабилеб къарну. РакIалде ккола Северянинил кечI жакъасеб къоялъе хъвараб бугилан. ШигIарасдаги пачалихъалдаги гьоркьоб киданиги букIинчIо, гьанже бугеб гIадаб, гъваридаб кIкIал. Гьединлъидал ратила гIадамал тIадругезухъ ралагьулел, бералги къанщун, гьел рихьунгутIизе.

Гьуриги, цIадги, цIерги, хIабургъарал ралъдал карачелалги – гьеб кинабго буго шагIирасул рекIел хIал. Гьеб хIал загьир гьабун рижула кучIдул. Аллагьас шагIирасе кьун буго гьунар кучIдул хъвазе, гьеб киназего гуро кьолеб, гьеб гьунаралъ вуго шагIир цогидал гIадамазда релълъинчIевлъунги.

**Дир гIинда рагIула пашманал гьаркьал,**
**Цогидалщиназда рагIулел гьечIел,** – ян хъвана Рубцовас.

ШагIирасе гьечIо щибго гIадатаблъун, гьес сундулго гьабула гъваридаб магIна, гIадатияв чиясе гIадатаблъун кколеб лъугьа-бахъин, шагIирасул

рекIее гьеб буго яги кIудияб пашманлъи, яги кIудияб рохел, ялъуни ракIбеки, гIадамаздаса рикIкIалъи. ГIумруялъул киналниги рахъал мисалалъе росани, шагIирас гьел рекIелъан риччала, пикраби гьарула, цинги кочIолъ гьел данде гьарула. Гьедин рижула шигIраби.

ГIумруялъул бакъан – пашманлъи, рохел, ццин, янгъизлъи, сверухълъи, тIабигIат – гьел киналго цолъун яги цолъичIого шагIирасул рекIелъ бижула берцинаб гьаракь. Аллагьас шагIирасе кьураб гьунар – гьес гьеб кьезе ккола гIадамазе, гьеб буго гьесда тIадаб налъи.

ШагIир хиянатлъизе бегьуларо рагIуеги бакъаналъеги. Нагагь гьев хиянатлъани, БетIергьанас кьураб гьунаралъ гьев рехун тезе бегьула. Гьаниб буго цохIого-цо нух: мун вуго яги БетIергьангун, ялъуни шайтIангун. РекIелъ бацIцIалъи гьечIев шагIирас бокьараб жо гьабизе бегьула: бикъизе, хъамизе, гIадамал гуккизе – гьедин абулеб букIана Шекспирица. Гумилевас гьелъул хIакъалъулъ хъвана.

## 17.

Руччаби – гьел жалго шигIрабилъун рукIаниги, шигIраби хъвай – гьезул иш гуро. Гьедин абулеб буго шагIирлъиялъулаб тарихалда. Дунялалда тIад рахъарщинал шагIирал-руччабазул, абизе бегьула, цо чангояй йигин унго-унгоял шагIиралилан. ХвелгьечIеллъун хутIана американка Эмилия Диккенсон, Чилиялдаса Габриэла Мистраль, цIар рагIарал гIурусазул шагIирал: Ахматова, Цветаева, Ахмадулина. Дагъистаналда шагIирлъиялъул тIогьир рукIуна ГIанхил Маринги, Курклиялдаса Щазаги, Фазу ГIалиеваги.

Руго цогидалги лъалел руччаби-шагIирзаби. Гьезул цIарал нилъеда рагIулел рукIана батIи-батIияб заманаялда, гьел цин рекIуна чирахъал кинигин, циндаго ссун уна, гьезулъ гьечIо даимаб кунчIи ва хвелгьечIолъи.

Руччаби-шагIирзабаз цIакъго ракIрагьун, цебелъезабула цо-цо мехалда жидерго рекIел хIал, бихьинал-шагIирзабазда кIоларо тIубанго рекIел хIал рагьун, керен цебе лъезе. Дие рокьула Анна Ахматовалъул кучIдул – рикIкIуна гьей кIудияй шагIирлъун. Гьелъул кочIолъ буго дир суалалъе жаваб:

**КIвелаандай Бичеда, Дантеца гIадин, хъвазе,**
**Яги Лаурал хIасрат гIищкъуялъулъ бицине?**
**Дица ругьун гьаруна гьал руччаби кIалъазе,**
**Огь, дир БетIергьан Аллагь, кин гьел руцIцIинарилел!**

## 18.

Дие кидаго бокьулаан ва гьанжеги бокьула суал ишара. Гьеб буго гъваридаб ва балъголъабазул цIураб. АхIул ишарайин абуни, ахIдолеб букIуна, жибго бихьизабулеб. Дие Франциялъул бищун вокьулев хъвадарухъан Оноре де Бальзак (гьаниб абизе ккола Литературияб институталда цIалулеб мехалда гьалмагъзабаз дие кьураб тIокIцIар букIана «Бальзак», релълъараб гьумер букIиналъ, гьединлъидал, дида тIадаб букIана гьесул творчество лъикI лъазабизеги) абуна: «Бокьараб гIелму рагьулеб кIул буго «суал ишара», – ян.

Дида ракIалде ккола гьеб гьикъул ишара цIакъго хIажатаб бугин шагIирлъиялъегиян – гьелъулъ руго дуца жавабал ралагьулел киналго суалал. ХIакъикъаталдаги, кIвар жавабазулъ гуро бугеб, кIвар бугеб жо буго

суалал рукIин: нилъ ругеб заманаялъе, гIумруялъе, къисматалъе, гIадамазе. Дуе гьел суалазе жавабал щвечIониги, гьел щвезе бегьула хадув вачIунесе. Бищунго кIварбугеблъун гьанжелъизегIан хутIулеб буго Гамлетил суал: «ВукIиневищ, ялъуни вукIинаревищ?»

**19.**

Насимица хъвана: «ШагIирасул мацIалда гъоркь бахчун буго жавгьар-якъуталъ цIураб гъансил кIул». Гьеб кIулалъ ричIула нуцIа шагIирасул киналго балъголъабазде, гьел балъголъаби ричIчIизе кIолев чиясда кIола лъазе гьесул шигIрабазул магIнаги шагIирасул рекIел хIалги.

Машгьурав Румица абулаан суфиязде гьел ругин гIищкъуялъул шагIиралилан: «Чагъир гьечIого мехтарав, кваначIого гIорцIарав, хIасраталъул цIурав, квенги макьуги кIочарав; гIадатияб ретIел ретIарав хан, ракьалдаса гурев, гьаваялдаса гурев, цIадул гурев, лълъел гурев, рагIаллъаби бихьулареб ралъад. Гьесулъ буго нус-нус моцIги бакъги. Гьесул гIакъиллъи гьечIо тIахьаздасан босараб – гьеб буго хIакъикъаталъ кьураб». Суфияс рагьулел руго шагIирасе хасиятал рахъал – гьезулъ буго шагIирасул гIумруги ракIги. ШагIирас къимат кьей бараб буго заманаялдаги гьесул кучIдул цIалулесдаги.

**20.**

Дагъистаналъул халкъияв шагIир, тумазул шигIруялъул устар Юсуп Хаппалаевас бицунаан: «Цо нухалда Эффенди Капиевасе дица цIалана дирго рокьул кечI (дун вукIана гIолохъанав, шигIруялъул байбихьуда вугев шагIир). ВуцIцIухIун дихъги гIенеккун, Капиевас абуна: кънаригIел гьечIел рагIабиги гIемерлъун ругин, цо гIемер гъварилъиги гьечIилан. Меседил устарлъун мун вукIаравани, дуца къваригIел гьечIого месед хвезабилароан, щайгурелъул, месед буго къиматаб жо, лъиего бокьуларо гьеб гIадада хвезабизе; рокьи ккарав вукIаравани – гIемер кIалъалароан, унго-унгояб рокьи сихIкъотIараб букIуна, гьелъие рагIабазул гIемерлъи хIажалъуларо. ШагIир вукIине ккола гъваридаб пикруялъул, гIужде щолеб рагIул. Къимат гьабизе ккола дурго щибаб рагIул. Бищунго хIажатаб жо ккола къокълъи, мухIканлъи, хасго шагIирасе. Гьеб цебего лъалеб жо буго».

Ургъе мунго, гьеб абуна живго Эффендица. Унго-унгояв векьарухъанас цо гьитIинабниги ракьул кесек чIобого тезе гьечIо, хур бекьулаго, ракьулъе инчIеб мугь батани, гьес гьеб гьедин тезе гьечIо – ракьулъ бекьизе буго. Нилъги руго нилъер ишалъул рекьарухъаби-хIалтIухъаби, цIалдолесул рекIелъ нилъер шигIрабаз тезе ккола берцинаб лъалкI: рохел, пашманлъи, хIеренлъи, недегьлъи. Гьеб гьедин букIине ккани, шагIир вукIине ккола ракIбацIцIадав, гъваридав, ритIухъав, бахIарчияв. ШагIирасул шигIраби – гьел руго векьарухъанас хуриб хьалеб мугь, кинаб ракьулъе гьеб мугь ккараб – гьелда бараб букIине буго гьелъ кьезесеб тIощелги.

Капиев вуго Капиев. Дирги, тIолабго Дагъистаналъулги шигIруялъеги цIакъ хIажатаб аслулъун буго рагIи – гьелъулъ буго шагIирасул къисматги хIакъикъатги.



**КвегІиса Калмыкиялъул халкъияв шагІир Э.Эльдашев, Дагъистаналъул халкъияв шагІир М. АхІмадов ва квараниса Якутиялдаса шагІир Н. Лугинов**



**М. АхІмадов В. Тургайгун**

**21.**

МахIачхъала – гьеб буго нилъер рекIел хъала, Дагъистаналъул кочIохъабазул сарин! МахIачхъала – нилъер гIолиллъиялъулги… ригь араб гIужалъулги тахшагьар. МахIачхъала – нилъер гIагараб республика – Дагъистаналъул тахшагьар!

Дие МахIачхъала ккола къиматал хазинабазул цIураб гъамас – гьеб буго кочIохъабазулги сариназулги шагьар. Гьеб кидаго букIана гьединаб ва гьединаблъунги хутIила. Абизе бегьула: «Дагъистаналъул шагIирзаби рижула мугIрузда, хола МахIачхъалаялда», – ян. Гьел нилъедаса уна, жидерго цIаралги шагьаралъул къватIазда лъезе тун, абадияб рокъоре, даимаб гIумру гьабун гьенир рукIине.

Дун унев вуго Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб гIатIидаб къватI ккун, сверулев вуго Сулейман Стальскиясул цIар лъураб къотIновехун, хадув, ЦIадаса ХIамзатил къватI ккун, вахунев вуго Батирайил къотIновехун… Дун сверулев вуго МахIмудил къотIнов, Етим Эминил, Эффенди Капиевасул ва цогидал шагIирзабазул цIарал кьурал къватIахъ.

МахIачхъалаялъул къватIал… Гьел къватIахъ буго Дагъистаналъул литератураялъул тарих. Машгьурал ва хвелгьечIел цIарал!

«ХъахIал къункърабазул къоял» абулеб байрамалде вачIарав Чувашиялъул халкъияв шагIир, дир гьудул, Валерий Тургайица абуна: «Дун щвана Парижалдеги, вукIана Лондоналдаги, амма тIокIалъ гьениве ине бокьиларо… Бокьила вачIине МахIачхъалаялде!» Гьебго жо такрар гьабуна гIемерисел гьалбаз-шагIираз гьеб литературияб байрамалда.

Бокьун буго ахIизе классиказда хадуб: «МахIачхъала!.. Гьеб рагIулъ бугеб кIудияб магIна…»

Гьаб ралъдал рагIалда бугеб шагьаралде щварав гьоболасе. Миллаталъул щибго батIалъи гьечIо…

МахIачхъала – кочIол тахшагьар! Гьелъ хъвалеб буго цо берцинаб поэма, гьеб поэма къойидаса къойиде цIубалеб, хIайранлъулеб буго. ЦIиял проспектал, цIиял паркал, байдаби – гьел киналго руго, цин нилъеца цIализе хъварал, хадуб тIаде гIолеб гIелалъухъе кьезе гьеб поэмаялъул цIи-цIиял бутIрул. МахIачхъалаялъул къватIал къотIун унаго, дица такрар гьабулеб буго:

**Ралъдаца щурула: МахIачхъалаян,**
**МугIруца ахIула: МахIачхъалаян.**

**22.**

Тарихалъул лъалкIал хутIула тарихиял лъугьа-бахъинал ккарал бакIазда.

Гъуниб… Дагъистаналъул чIухIи. Дица дирго шигIрабалъ гьеб рехсана Дагъистаналъул бищун гьайбатаб тахшагьарлъун. XX-аб. гIасруялъул авалалдаго машгьурав шагIир Велимир Хлебниковас живго рикIкIунев вукIана дунялалъулго председательлъун. Балъголъи лъалев, гIурусазул хIикматав рагIул устар вукIана гьев. XX -аб. гIасруялъул байбихьуда гьес хъвана:

**Эркенлъидул хабалал**
**Хьаргабиги Гъунибги,** – абун.

Гъуниб… Кинидахъ ахIараб халкъияб кочIол мухъал: «Гъуниб – Шамилица цIунараб, чарамул щулалъи».

Дие гьитIинаб къоялдасаго бокьула Гъуниб, дирго гIагараб Гьонода росу гIадин. «Дун Гъуниб районалдаса вуго», – ян абула дица рекIелъ кIудияб чIухIигун.

Гъуниб буго «Имам Шамилил каву». Гьениб букIана гьесул ахирисеб рагъги, гьениб гьабуна Кавказалда букIараб рагъул рекъелги. Гьениб, ахирисеб гьужумалда цебе, бана Шамилица как… Гьениб лъуна гьес ярагъ гIодоб ва гьениса ана гьев вачун, Дагъистаналдаса вачун, амма гьев даималъего хутIана Дагъистаналда. Аллагьас цIунаги нилъеца «Шамилил каву» къазе.

Бокьула дие Гъуниб… Рокьула гьелъул махил гъутIбиги, чвахулел лъаралги, кьурабиги, зобги. «Киб дуниял гъугъаданиги, Гъунибе цIад бала» – гьединаб буго халкъалъул аби.

Гъуниб – бахIарзазул ватIан. Гьел лъала тIолабго Дагъистаналдаги дунялалдаги. Совет Союзалъул БахIарчи МухIамад ХIажиев, ралъдалъ букъун лъедолеб бугеб гамил капитанлъун вукIарав – гьесул цIар кьун буго севералда – Гаджиево шагьаралъе.

Гъуниб – захIматчагIазул ватIан, рекьарухъабазул ватIан, къадахъабазул ватIан, шагIиразулгун кочIохъабазул ватIан.

Гъуниб – гьеб жибго буго шагIир, щивав кочIохъанас хъван буго гьелде кечI. Жибго Гъуниб лъугьана Дагъисталъул даимаб кечIлъун.

**23.**

ГIемераб абизе бокьараб мехалда, гIенеккун чIани, лъикI букIуна. Цо-цо мехалда руцIцIухIунчIеялъулъ букIуна гIакъиллъиги гьваридаб шагIирлъиги. Гьеб буго нилъго нилъедаго кIалъалеб мех. Гьеб кIалъай буго бищун ракIбацIцIадаб, ритIухъаб, дугIаялъулаб. РекIелгун кIалъаялъул гIадамазда бицине кIола цохIого-цо шигIрабазда – гьез кьола рохелги, гьез гьарула пашманги. Заманги шагIирги цоцада рухьарал руго, заманаялъ гуро гьавулев шагIир, шагIирас гьабула заман.

**24.**

ШагIирасул гIумру – гьеб буго заманаялъеги тIахьазеги абураб рагIи: тIоцебесеб – ахирисеб.

ШагIирасул тIехь – гьесул даимаб, хвелгьечIеб рагIи.

ШагIирас тIубараб гIумруялъ хъвала цого-цо тIехь – гьеб тIехь ккола гьесул ГIумруялъул, Къисматалъул, Нухалъул.

ШагIирал рачIуна ва уна, шигIраби хутIула, гьев ватани унго-унгояв шагIир – гьесул шигIрабиги рукIуна унго-унгоял, цIалдолесул рекIелъ даимго лъалкI толел.

БукIуна цо-цо гьадинги: цо-цо шагIиразул тIахьал къватIире рачIаралго «хола». Гьев чи шагIир кколаро. Гьединал гIемерал руго. Цокъоялъулал, ГIумруялдасаги, Къисматалдасаги, Сухъмахъалдасаги рикIкIад ругел, жидецаго жалго шагIирзабилъун рикIкIунел, гьезул шигIраби рукIуна чIорогоял, рекIее кинабгIаги асар гьабуларел, цо лахIзаталдасан кIочон толел.

Гьединал шагIирзабазе кIвар букIунаро сундулниги, гьезда яхI-намус букIунаро.

**«Гьаб ракьалъул гIумру бакьулъе щведал,**
**Щивниги чи гьечIеб рохьов ватана»,**

– илан бакIаб хIухьел цIана машгьурав Дантеца.

Хал гьабе: «ракьалъул гIумру». Буго батIияб гIумруги. Гьениб нилъехъ балагьун буго БетIергьанасул ритIухъаб тамихI.

Ракьалда гIумру гьабулев щивав гIаданасда лъазе ккола нилъеда хадур цогидал рачIине рукIин, амма гьел рукIине гьечIо нилъеда релълъарал, гьезул букIине гьечIо нилъер гIадаб заман, нилъер гIадал дол рогьелал, дол зобал, доб ракь, гIагарлъи, дой йокьулей… – кинабго нилъер букIараб.

Лъаларо, гьеб талихIищ, талихIкъинищали. Дун кидаго талихIав вукIана, щайгурелъул, лъана гIищкъуги, хIасратаб букIана къварилъи-пашманлъиги, кечI хъвана рекIелъ бугебги загьир гьабун, гIодана, вохана, дир заманаялъул шагIиралго гIадин. Гьезул унтиги, рохелги, пашманлъиги – гьеб диеги гIахьалаб букIана. Дир гIумруги жубана дир заманаялъул шагIирзабазул гIумругун.

Борис Леонидович Пастернакица битIун абуна:

**ГIумру – гьеб цохIо лахIзат,**
**Цогидазулъ билулеб,**
**Амма цогидазе нилъ**
**Сайигъатлъун лъугьунеб.**

ШагIирасул гьечIо бахIарлъи-херлъи. Заманаялъул руго шагIирзаби, шагIирзабазул буго замана.

ШагIир – гьев гуро цохIого-цо кучIдул хъвалев гIадан. Щивав шагIир – гьев вуго векьарухъан.

«Бекье гIакъилаб, лъикIаб, даимаб…» Нилъ цIакъ хехго ругьунлъулел руго сундего. Бихьулеб гьечIо цо-цо мехалда нилъеда сундулъго бугеб берцинлъи: ганчIилъги, иццул цIороялъулъги, инсул рукъалдаги, гIураб росулъги ва нилъеца гIумру гьабулеб шагьаралдаги.

Бихьулеб гьечIо мадугьаласулгин мадугьалалъулги, росдал херасулги хералъулги гIакъиллъи. КIочон толеб буго годекIан, гьениб гурищ киназго гIахьал гьабулеб букIараб росуцоязул къварилъиги рохелги. Гьеб киналъулъго буго тIадегIанаб шагIирлъи.

КIудияв инсуца абулаан: «Дир вас, мискинлъиялдаса рачIуна киналго балагьал». Хадуб дица тIаде жубана: «Киналго балагьал рачIуна ракI чIобого букIун, рухI мискинаб букIун».

РагIул магIна – гьеб буго пикру. Цо философас абуна: «ГьечIо рухI гьечIел пикраби, рукIине бегьула гьединал рагIаби; гьечIо чIорогоял пикраби – рукIуна чIорогоял рагIаби; гьечIо пикраби хIакъирал – руго рагIаби хIакъирал; гьечIо дунял тIаса-гъоркье сверизабулел пикраби – руго рагIаби».

ХIехьезе бегьула цохIого-цо ритIухъаб рагIул зулму, ритIухъаб шигIруялъул зулму.

ГIемерисел рагIабазда цебе лъезе бегьула «гьереси»: гьересибахIарзал, гьересиполитикал, гьересишагIирал, гьересисудиял, гьересихудожникал. ХIакъикъаталдаги – гьересихIукумат.

Ахирал соназда рилана телевизоралдаса унго-унгоял шагIиралги хъвадарухъабиги, рихьизарулел гьечIо машгьурал хъвадарухъаби ва гьезул хIакъалъулъ гьечIо бицунеб: Расул ХIамзатовасул, Чингиз Айтматовасул, Василий Беловасул, Валентин Распутинил, Юрий Бондаревасул, Василий Быковасул, Отар Чиладзел, Грант Матевосянил ва гь.ц.

Гьеб сияхI жеги халатаб буго. Гьел хъвадарухъабаз тана ХХ-аб. гIасруялда даимаб, кIочонареб лъалкI, «ТIадегIанал цIвабилъун» хутIана гьел.

Гьанже экраналдасан рихьизарулел руго чIухIараб ретIелги ретIарал, гьунаралъул къатIрацин жиделъ гьечIел, литературиял клоунал.

Цоги хIукуматазда гьединал чагIазул хIакъалъулъ къватIул газеталдацин хъвалароан, нилъер гьаниб бокьараб гьабизе биччан буго, цохIого-цо ракIбацIцIадаб рокьиги, ватIаналъе ва халкъалъе ритIухълъиги хутIизегIан.

Литератураялъулги, правительствоялъулги, такъсир-тамихIалъулги, халкъиял депутатазулги иудабазе цебего щвана давла – ватIанги бикъун, халкъалъул магIуги бичун. БачIина замана, кквела гьелги халкъалъул гудраз.

ХIакъикъаталдаги гьунар бугел хъвадарухъабазул къимат гьабичIони, гьел рилани – рилула тIахьал цIалулелги.

Гьунар бугезул рес гьечIо тIахьал къватIире риччазе – рес бугезул гьунар гьечIо, гьечIониги гьез риччалел руго тIахьал, кIудияб тиражги гьабун. Гьеб гIала-гъважа халат бахъун хутIани, иш лъикI ккезе гьечIо ва кватIичIого тIехь бокьулевщинав чи нилъедаса тIуризе вуго.

Гьебмехалда нилъее хутIила жалго жидецаго реццулел «гIункIкIалги», щайтIаналъе рухI кьураб телевизорги.

Гьанибги нилъеда бихьула, даимаб тема: «ШагIирги тIадчагIиги».

РитIухълъи тIагIараб мехалда, гьелъул рагIад хутIула. Жакъа къоялъ нилъеца гIумру гьабулеб буго ритIухълъи бугилан нилъецаго нилъго гуккулаго. Халкъалъе гIоло гIумру кьолеб замана ана, гьунар тIокIал асарал хутIана машгьурал классиказул тIахьазда.

Инсанасул рухI, хасго шагIирасул, киданиги хIуралде сверизе гьечIо. ХIурлъун лъугьине буго гIицIго къаркъала. Жакъа нилъ кколел руго рухIги ракIги гьечIел къаркъалабилъун. Нилъер рухIияб бечелъи гьанже бащалъула нолалда, хIатта инсанасул гIумруго буго гьедин.

Нилъерго рухIияб къадру-къимат нилъеца цIунизе ккола нилъецаго. ЦIакъго гIодобегIан ккун буго яхIалъулги, ритIухълъиялъулги, ракIбацIцIалъиялъулги къимат. Гьанже кутакал чагIилъун рикIкIунел руго рагъ-кьалги, хIалихьатабщинабги, квешабщинабги тIиритIизарулел хъамалчагIи.

Кибеха балагьун бугеб хIукумат ва гьелъул тIадчагIи? Щиб гьабулел ругел шагIирал?

Цо-цо тIадчагIи рукIуна хIехьезе кIоларел, гьединалго рукIуна гьел реццулел шагIиралги. Художникасе данде кколаро тIадругезул буюрухъалда рекъон хIалтIизе. Унго-унгояв шагIирасда, кинаб замана, кинал тIадчагIи ругониги, ритIухъавлъун хутIизе кIола. КIвезе гьечIо лъиданиги искусствоялъе квалквал гьабизе. Хасго шагIирлъиялъе. Гьелъие

руго гІезегІан мисалалги – Пушкин, Лермонтов, МахІмуд, Батирай, Йирчи Гъазахъ, Етим Эмин.

Унго-унгояв шагІир хъвадаризе ккола, хІакъикъаталдаги, бищунго захІматаб, чорокаб, ритІухълъи гьечІеб заманаялда.

Жакъа къоялъ шагІирасул гІумруги гьесул асаралги цогидаздаса тІун чІун руго. Гьединлъидалги батилаха гьунарги намус-яхІги гьечІел кІодо гьарулел ругелги. Гьеб лъугьунеб буго, цохІого-цо шагІирлъиялда гуребги, сундулъго, кибго.

РакІчІун абизе кІола, адабияталъул лъиданиги цебе налъи гьечІо.

ШигІрияб ragІи – гьеб буго тІадегІанаб, зобалазул мацІ. ШигІруги, адабиятги, маданиятги буго халкъалъул гьунар – гьеб буго гІадатиял гІадамазулъ.

ШагІирасул мацІ кидаго бацІцІадаб буго тІадчагІазулалдаса. Гьеб якъинго лъалеб жо буго. ТІадчагІаз гьерсал рицуна, шагІирас рицунаро.

Цо-цо хІукуматалъул тІадчагІаз хІукумат нух гьечІелъубе бачуна. ЦІакъго квеш ккараб жо буго: кечІги бичІчІуларев, шагІиралги лъаларев чияс гьезул къисматалъе хІукму къотІи. Гьединал тІадчагІазе кинабгІаги кІвар гьечІо халкъалъулги, гьелъул къварилъабазулги, мискинлъиялъулги, гьезие къваригІун гьечІо гІадатияв гІаданги, гьесие къваригІарабги.

ГьереситІадчагІазе цІакъ рокьула жидеего жалго. Гьезда ракІалде ккола жал ругин гьаб дунялалда тІад аллагьзабиян, жидер ихтияр бугин гІадатияб халкъалда тІад релъанхъизе, гьел хІакъир ва инжит гьаризе, ричун росизе, гуккизе.

Узухъда, гьеб рекІее гІоларо шагІирасе, гІезеги гьечІо. Унго-унгоял шагІирал кидаго рукІана тІадчагІазда дандечІарал. ТІадчагІаз жидеего хІелхІедулел, реццалъул кучІдул хъвалел шагІирал кІодо гьарула, унго-унгоял, гьунар бугел шагІирал къварид гьарула: туснахъалъур тІамун, лагеразде ритІун. ЧІвачІого тани – гьебги букІана кІудияб талихІ.

Бокьаниги, бокьичІониги, шагІир вукІине ккола заманаялъул бахІарчилъун, гьес букъизе ккола бихъ-бихъараб, щущан араб яхІ-намусги, ритІухълъиги, ракІбацІцІалъиги. Гьесда тІадаблъун ккола жиндирго гІакъилаб, бацІцІадаб, гІаданлъиялъулаб рагІи киназдаго рагІизабизе, щиб жо адабиятали гьезда бичІчІизабизе.

Лъазе ккола: Халкъалъул бищун кІудияб борхалъилъун буго рахьдал мацІ, рахьдал мацІалъул бищун кІудияб борхалъилъун вуго шагІир.

Халкъалъ шагІирги рахьдал мацІги цІунизе ккола. ЦІуничІони, халкъ хола, лъугІула.

## ТЕАТРАЛЪУЛ ЭМЕН

Исана 85 сон тIубала магIарулазе бокьулеб ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб музыкалиябгун драмаялъул театралъ. Къойидаса къойиде камиллъулеб ва цIубалеб буго театралъул коллективалъул творчествоялъулаб махщел. Амма киназдаго гуро лъалеб магIарулазда гьоркьоб театралияб культура цебетIезабиялъе цIакъ гIемераб жо гьабураб ва гьабулеб бугеб гьеб коллективалъе тIоцебесеб кьучI лъица лъурабали, дол рикIкIадал соназда искусствоялъул байрахъ лъица борхарабали. Гьединаздасан цояв кколаан театралъул цевегосев артист ГIабдурахIман Магаев.



…Цо нухалъ Буйнакскиялъул педагогикияб техникумалъул цIалдохъан, гIолохъанав ГIабдурахIманил бер речIчIана «Къаси бихьизабулеб буго «Надир-шагь» спектакль» абураб лъазабиялда. ГIабдурахIмание цIакъ бокьана гьелъухъ валагьизе ва гьелъ гьесие кIудияб асарги гьабуна. ГIемер мехалъ гьесда цере чIун рукIана спектаклялъул героязул образал. Мекъи букIинаро, 16 сон барав гIолиласулъ театралдехун гьеб сордоялъ унго-унгояб рокьи бижанилан абуни.

ГIемер кватIичIого ГIабдурахIманида рагIана Буйнакскиялда театралияб студия рагьулеб бугилан ва педагоглъиялъул техникумалъул цIалдохъан тIокIав лъалхъичIого гьениве цIализе лъугьана. 1927 соналда студия театралияб техникумалде сверизабуна ва гьеб МахIачхъалаялде бачана. Гьениб ГIабдурахIманил лъикIаб лъай-хъвай ккана, гIемерисел жиндаго цадахъ цIалулел рукIарал, хадуб машгьурал актераллъун рахъарал Б.Мурадовалъулгун, ГI.Къурумовасулгун, ХI.МухIамадовалъулгун.

ГIабдурахIмание кутакалда бокьун букIана аваразул театр рагьизе ва гьесул анищ тIубана. 1935 соналда ВКП(б)ялъул обкомалъ ГIабдурахIманида тIадкъана аваразул театр гIуцIизе. Магаев ана жиндирго гIагараб Хунзахъе ва гьес байбихьана, театр гIуцIизелъун, гIолохъанал гьунарчагIи тIаса рищизе. Бигьаго букIинчIо магIарулазда театралъул, искусствоялъул магIна бичIчIизабизе. «Театралъул цIар бахъарабго, – ян бицунаан ГIабдурахIманица, – цо-цо херал чагIи битIахъе тIад речIчIизе рахъунаан. Гьез дида дандчIвай гьабуна, театр гIуцIизе гурев, диналда данде команда гIуцIизе вачIарав чиясда гIадин». Амма кучIдул, кьурдаби, аваданлъи бокьулел магIарулал, сундухъниги ралагьичIого, театралда хIалтIизе рачIана. Гьединаллъун рукIана, жидедасан театр гIуцIарал З.Набиева, ГI.ГIалибегова, ГI.Къурбанова, Н.ГьитIинова, Г.ГьитIинов, Д.Халилбегов, ГI.Сулейманов,

И.Макъсудов, И.ГІумаров ва цогидалги. ЦІияб, жеги хІалбихьи гьечІеб коллективалъ лъураб тІоцебесеб спектакль букІана Б.Малачихановасул «МестІер».

Гьебгун коллектив щола ГІандибеги. Артистаз жиндир хъубал пишаби къватІир чІвазарурав гьереси-шайих ГІанди росу тун лъутун уна. Гьеб спектаклялда шайихасул роль махщалида хІана ГІабдурахІманица.

Театралъ лъола цІия-цІиял пьесаби: Хунзахъа учитель Хъайтмазовасул «МухІамадил гІумру», Заид ХІажиевасул «ХІаскъил ва Шамил», ЦІадаса ХІамзатил «Хирачил лъимал» абурал ва гь.ц.

МагІарулазда Магаев лъала махщел бугев актер хІисабалда. Гьев гьезда вихьана ЦІадаса ХІамзатил «Базалай» абураб пьесаялда Тидуриласул ролалдаги, Н.Славинскаялъул «Хочбар» абураб пьесаялда магІарулазул бахІарчи Хочбарил ролалдаги, ГІ.Къурбановасул «ЦІадулъ росарал мугІрул» абураб пьесаялда херав ХІасанил ролалдаги.

ГІемерал ролал хІана ГІабдурахІман Магаевас. ГІемерал ракІалдаса унарел образал гІуцІана гьес сценаялда. МагІарулаз кІудияб хІурматалда рехсола ГІабдурахІманил цІар. Гьев мустахІикълъана «Дагъистаналъул халкъияв артист» абураб тІадегІанаб цІаралъе.

1969 соналъ республикаялъул общественносталъ, ЦІадаса ХІамзатил цІаралда бугеб Авар театралъул коллективалъ хІухьбахъиялде тІовитІана Авар театралъе кьучІ лъураздаса цояв ГІабдурахІман Магаев.

Гьеб лъугьа-бахъиналда бан тІобитІараб данделъиялда артистасул хІакъалъулъ лъикІал рагІаби абун, гьесул творчествоялъулаб махщалие къимат кьун кІалъазе рахъана Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХІамзатов, поэт ГІабдулмажид Хачалов, ЛъарагІазул театралъул бетІерав режиссер, РСФСРалъул халкъияв артист ХІамид Рустамов, ГІабдурахІманил гьалмагъзаби – артистал.

Киналго магІарулазул лъималазул гІадин, язихъаб ва захІматаб букІана ГІабдурахІманил лъимерлъиги. Эменги хун, ичІго сон бараб мехалъ, бесдал хутІарав васасул инсулаб тІалаб гьабуна пачалихъалъ – вачана Хунзахъ рагьараб детдомалде. Гьеб букІана Дагъистаналда Совет власть гІуцІараб тІоцебесеб сон. Гьелдаса хадув цІалана Буйнакск шагьаралда школа-интернаталда.

ТІаде щвана гІумруялъул нух тІаса бищизе заман. ГІабдурахІманица хІукму гьабуна учительлъун вахъине. Лъугьана педагогияб техникумалде. Амма педагоглъун вахъине хъван букІун гьечІо гьесие. Цебеккун абухъе, доб сордоялъ ГІабдурахІманил унго-унгояб рокьи ккана театралъухъ ва гьеб рокьиялъе ритІухъавлъун хутІана тІолабго гІумруялъ. Михъида хІур чІвачІев гІолиласда жеги лъалеб букІинчІо гьеб рокьиялъулъ, гьеб гІумруялъулъ ругел захІмалъаби. ГІабдурахІман сундего хІадурав вукІана. Жибго «театр» абураб рагІицин магІарулазе цІияб букІана. Дагъистаналда Театралияб техникум рагьулеб бугин рагІараб мехалъ ГІ.Магаевасул рохалие гІорхъи букІинчІо.

ТІоцебесеб театралияб студия гІуцІиялъул ва гьеб рагьиялъул жигарчилъун вукІана Халкъияб лъай кьеялъул комиссар ГІ.Тахо-Годи.

Магаев лъугьана Дагъистаналъул театралияб студиялъул студентлъун. Амир Къурбанов, Расул Албуриев, ГІалибег Нахибашев гІадал гьудулзабазда цадахъ, Дагъистаналъул театралияб искусствоялде тІоцебе нух бахъана гьес.

Амма ГIабдурахIманиде мугъ рехана гIагарлъиялъ. Гьез рекъечIеб жолъун рикIкIунеб букIана артистлъи. Цо нухалъ Буйнакск шагьаралъул къотIнов дандчIварав вацгIалас ГIабдурахIманида абун буго: «Мун магIарулав гуро», – ян.

1927 соналда студия МахIачхъалаялде гочана ва гьелъул кьучIалда техникум гIуцIана. Гьенире рачIана гIемерал театралияб искусство бокьулел, хадубккун гьезул цо-цояз кIудияб роль хIана Дагъистаналъул искусствоялъулъ. Гьединаздасан рехсезе бегьула СССРалъул халкъияй артистка Барият Мурадова, РСФСРалъул халкъиял артистал: Алим Къурумов, ХIамид Рустамов ва цогидалги.

Техникумалда цIалулаго, ГIабдурахIман хIалтIула III-аб. Интернационалалъул цIаралда бугеб фабрикалъул клубалда цебе гIуцIараб драмкружокалда. 1930 соналда театралияб техникум лъугIун хадуб, 1935 соналде щвезегIан гьев хIалтIана гьеб заманаялъ гIуцIун букIараб лъарагIазул театралда.

1930 соналда хIукму гьабуна республикаялда аваразул, лезгиязул, лаказул театрал гIуцIизе. Авар театр гIуцIиялъул иш тIадкъана ГIабдурахIман Магаевасда. Гьелъулъ букIана рохел ва захIмалъаби. Гьев магIарухъе, гIагараб театралъе гIолилал тIаса рищизе уна. Доб заманалъ гьеб бигьаяб жо букIинчIо. Искусство рикIкIунаан гьадингояб кополаб жолъун, саяхълъилъун. «Кинав вацас жиндирго яц халкъалда цее, гьакIкIан кIалгун, кучIдул ахIизе йиччалей? Кинав бихьинчияс гIадамазда цебе гьеб маймалаклъи гьабизе тIаде босулеб?», – ан абулеб букIана цо-цояз. РукIана цIияб, лъикIаб жо бокьулелги. Дагь-дагьккун ГIабдурахIманихъе рачIана гIолилал васал ва ясал, интерес гьабулеб букIана театралъул. Бихьулеб букIана гьезие артисталлъун лъугьине бокьун букIин, гьез анищ гьабулеб букIин, амма гIадатаздаса хIинкъун таваккал гIоларого букIин. ГIемер гьабизе ккана бичIчIи кьеялъул хIалтIи, захIматго щвана коллективалъе дагьалго гIадамал. Гьелъие цо рахъалъ квербакъана магIарулал умумулъанго кучIдул ва кьурдаби рокьулел чагIилъун рукIиналъ.

Бергьенлъиялда кьуна Авар театралъул коллективалъ жиндирго тIоцебесеб экзамен. Гьез бихьизабуна Б.Малачихановасул «МестIер» абураб пьесаялда рекъон лъураб «ГIандиса ГIали» абураб спектакль. Авар театралъ хъвана жиндирго тарихалъул тIоцебесеб гьумер. Гьедин, гьунар ва таваккал бугел васазгун ясаз байбихьи лъуна аваразул театралияб искусствоялъе.

Театралъ хIукму гьабуна жидерго спектакль бихьизабизе сапаралъ ине. Гьел щвана гIемерал магIарул районазде ва росабалъе. Гьезие квекIеналлъун рукIинчIо гIазу-цIадги, цIорой-бухIиги, къваридал нухалги. Гьел щвана мугIрузул улкаялъул бищунго рикIкIадал бокIназде канлъиги культураги босун.

НахъегIанал героязулъ жалго рихьаралщиназ битIун спектакль унеб заманалда сценаялде ганчIазул, тIилазул, нагIанабазул цIад базабулаан, амма артистаз спектакль гьоркьоб къотIизабулароан. Театр лъугьана мугIрузда цIияб, социалистияб рукIа-рахъиналъе гIоло къеркьохъанлъун.

Дагь-дагьккун коллектив кIодолъана, цIикIкIана магIарулазда гьоркьоб гьелъул къадру. 1938 соналъ театралъул художественнияв руководительлъун тола профессионалияв махщелчи П.Шиановский. ГIабдурахIман Магаевасин абуни, тIолабго жиндирго къуват кьола бокьулеб хIалтIуе – актерасул

творчествоялъе. П.Шиановскиясул тIоцебесеб хIалтIилъун букIана Треневасул «Любовь Яровая» абураб асар. Режиссерасе ва аслияв герой Кошкинил роль хIарав ГI.Магаевасе кьуна «Дагъистаналъул мустахIикъав артист» абурал хIурматияб цIарал».

Дида ГIабдурахIман сценаялда вихьана 1964-аб. соналъ, А.Къурбановасул «ЦIадулъ ругел мугIрул» абураб спектаклялда. ГIабдурахIманица хIалеб букIана векьарухъан ХIасанил роль… Сценаялда букIана сихIкъотIи ва бецIлъи. Канлъи речIчIизабун вихьизавула тIутIураб гурде ретIарав, черх гIемер бухун хъахIиллъарав, ригь арав чи. Гьесул бихьинчияб гьурмалъ, хасго чIахIиял, кенчIолел, цIиркъил гIадал беразулъ букIана къеркьеялъул хIасрат. Гьев вукIана ХIасан – Дагъистаналъул халкъияв артист ГIабдурахIман Магаев. Хадув дунго ккана ГIабдурахIмангун хIалтIизе. ГIумруго театралъе кьурав, коллективалда гьоркьоб цIикIкIараб къадру бугев гьев чиясдасан, тIоцересел дандчIваязда, щиб бугониги тIалаб гьабизе, гьесие гIакълаби кьезе санагIалъи гьечIого букIана. Амма жиндирго ишалъулаб, гьудуллъиялъулаб балагьиялъ гьес дун тамашалъизавуна. Дида бихьана гьесулъ жиндехунго бугеб тIалабчилъи, кIудияб гIаданлъи, режиссерасдехун ва гьалмагъзабаздехун бугеб хIурмат.

КигIан гIемер лъикIал ва пайдаял ишал гьес гьарурал. Гьесул захIмат кIодо гьабун хIукуматалъ гьесие кьуна «Багьадураб захIматалъе гIоло» абураб медаль, ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул чанго грамота.

Дов 16 сон барав, тIоцеве театралъ асир гьавурав гIолиласе гIадин, гьединабго гIолохъанаб ракIалдалъун гIумруялъул ахирисеб къоялде щвезегIан бокьулаан ГIабдурахIмание театр. Щайгурелъул, рокьуца чи вацIцIадавлъун ва къуватавлъун гьавула, ракI кидаго гIолохъанаблъун хутIула.

Бокьун буго ахиралдаги ракIалде щвезаризе ГIабдурахIманил хIакъалъулъ батIи-батIияб заманалда цоги– цогиязги абурал рагIаби.

*МахIмуд ГIабдулхаликъов, РСФСРалъул халкъияв артист:*

«Дица абила ГIабдурахIман Магаев Авар театралъул таварихалъул тIоцебесеб гьумер вугилан. Авар театр гIуцIулел тIоцересел соназ щибаб магIарул росулъе щвараб мехалъ, ГIабдурахIманица хал-шал гьабун гьунар бугел гIолохъаби тIаса рищулаан, искусствоялдехун гьезул рокьи бижизабулаан.

Гьедин анцIила ункъо сон бараб мехалъ ГIабдурахIманица дунги вачана театралъул коллективалде гьорлъе. Гьес жиндир заманалда кьураб гIакълуялъ, гьесул хинаб рагIуца щивав артист жиндирго букIинеселда божизавулаан, дандчIварал захIмалъаби къезаризе квербакъулаан.

1938 соналъ, кIалдиб махх букъулеб хъахIаб чодаги рекIун, боржун унеб цIудул кваркьаби гIадин, гIандадерил хъахIаб буртинаги гъуждузда парпадизабулаго, хъатикь бахъун хвалченги ккун Чапаевасул ратIлилъ, биччан айгъиргун тушманасде тIаде унев Чапаевасул ролалда артист ГIабдурахIман вихьараб мехалъ ракIалде кколеб букIана гьав чиясни хвалчен кьабун кьуру хъвалхьинилан. Жеги 12 сон гурони бачIев дунги вукIана нугIлъун гьеб лъугьа-бахъиналъе.

Хунздерил тIалъиялде щваразда бихьун батизе бегьула Хъалаялда аскIобегIан бугеб «Гургинаб хъала» – йилан цIар тараб борхатаб, гургинаб

горсвери. Гьеб горсвери ккун чIарал тушбабазде букIана Чапаевас гьужум гьабулеб. КIиязулго рагъухъаби гъорлъ журайгун хвалчабазул паркъейги, чуязул хIихIидиги рагIараб мехалъ рекIелъе хIинкъи кIанцIулаан. Ахирги рагъулъ Чапаевасул аскар бергьана. Кверде росун тушбабигун нахъвуссун вачIунев «Чапаев» – ГIабдурахIманица чода цIалги кьабун, 3-4 болъодал хIокIидасан гьебги кIанцIизабун, чотIа рекIахъего столоваялде жаниве лъугьун, буфетчиясухъанги босун цIураб гIаракъидул стакан гьекъола. Бергьенлъи тIаса унгегиян чол жалалъ закускаялъе махIги сунтIун аскаралде гъорлъе жувала. Дагъистаналда хIурият ккаралдаса къого сон тIубай кIодо гьабун жинцаго ургъараб сценарий букIана ГIабдурахIманил гьеб. Гьелда гьоркьор гIахьаллъулел рукIана киналго Авар театралъул артистал.

Унсоколо гIиял завфермалъун хIалтIулеб мехалъги хвараб чахьдал акталда нахъа гьес хъвалаан: «ДАССРалъул мустахIикъав артист, завферма ГI.Магаев», – илан. Гьесул бидулъ бессун букIана театралияб искусство.

ТIоцебе гьес лъураб кьотIасан унел руго Авар театралъул артистал. Театралъул коллективалъ кIудияб хIурматалда рехсола ГIабдурахIман Магаевасул цIар».

*Сидрат Мажидова, Россиялъул мустахIикъай артистка:*

«ГIабдурахIман Магаев вуго тIоцебе театр гIуцIарав ва жиндирго гъажабазда гIемер гIатIилъи-къварилъи баччун, гIун бачIунеб гIел куцарав актер. Киназего гуро гьединаб талихI кьолеб. Гьес нижехъе – гIолохъанаб гIелалъухъе кьуна жиндирго сценаялъул байрахъ. Нижеца гьеб кидаго борхатго кквезе буго. Гьев вуго нижер театралъул дада».

*МухIамад ГIумаров, ДАССРалъул мустахIикъав артист:*

«1936 сон ккана дир къисмат, дир букIинесеб гIумру бихьизабураб сонлъун. Гьеб соналъ ГьоцIалъе бачIун букIана ГIабдурахIман Магаевас нухмалъи гьабулеб Авар театралъул коллектив. Дун вукIана ичIго-анцIго сон барав гьитIинав чи. ГIабдурахIмание рекIее гIуна кьурдизе дир букIараб гьунар ва гьес дун цадахъ вачана. Гьес дун жиндаго цеве чода рекIинавулаан ва киназдаго жиндир вас вугилан абулаан. ХIакъикъаталдаги гьес дие гьабуна эбеллъиги эменлъиги, гьев вукIана гIумруялъго дир учительлъун».

*Хочо ХIамзатов, журналист:*

«ТIоцебесеб иргаялда, ГIабдурахIман Магаев дида лъала цIакъ гIадатияв, сабурав чи хIисабалда. Сценаялъулаб махщелалъул бицани, къиматаб рахълъун ккола гьев жиндирго героясул образалдехун унго-унгояб къагIидаялъ, кIвар кьун балагьи. Дида Магаев вихьана анцI-анцI ролазда, амма гьав героясул образ гьесда бичIчIун гьечIин, гьаб ролалдехун гьев тIаса-масаго валагьун вугилан абизе кIоларо. Бокьилаан жеги чанги Магаевасул хIаялъухъ балагьизе, амма заманаялъ жиндирабго босула, хIухьбахъизе заман щун буго. Сахлъиги халатаб гIумруги кьеги дуе, ГIабдурахIман».

***ХIайбула ГIАБДУЛГЪАПУРОВ,***
***Авар театралъул художественнияв руководитель,***
***Дагъистаналъул халкъияв артист.***

## ХАСАБ ГЬУНАРАЛЪУЛ КОЧIОХЪАН

Гьей гIадатияй гурей, цогидаздаса тIокIаб чIаголъиги махщелги жиндилъ бугей яс йикIин тIоцебе бичIчIана физкультураялъул учитель Сергей Алексеевичасда. Совет хIукуматалъул заманалда гIемерал рукIана Дагъистаналъул росабалъ гIурус учительзаби.



Унел рукIана сонал. ГIадамазда гъорлъ йосарай, цIалуе лъикIай яс йикIиналъги, художесвеннияб коллективалда гьабулеб хIаракатаб гIахьаллъиялъги учителзабазе хирияй Муида бичIчIулеб букIана Аллагьас жиндие цоги бергьараб гьунар кьун букIин. Гьелъие гIиллаги букIун батизе бегьула, жеги гьитIинай, щуго сон барай яс Муи йигеб мехалъго гIумруялдаса ватIалъарав эмен Рашид, тIубанго батIияб ишалда, судалъул хIукмаби тIуразарулев чилъун хIалтIулев вукIаниги, кутакалда кечI-бакъан хирияв, пандуралдасан байбихьун, зурмиде гIунтIун киналго магIарул музыкалиял алатал махщалида рачине лъалев, жинцагоги кечI ахIулев, аваданлъи бокьулев чи вукIинги.

Доб заманалда жеги Гъуниб радио букIинчIо. ХIалтIудаса хадуб гIадамал ихтилат-кепалъе данделъулел бакIал рукIана къаси-къаси ралел гваялги, яги лъил букIаниги гъасде руссун гьабулеб аваданлъиги. Цинги дагь-дагьккун гьеб тадбиралъе гъунисезул тIубараб росуялде гIагарун гIадамал данделъулеб бакIлъун лъугьана Рашидил минаялда цебе бугеб майдан. Рашидил майданилан абулаан росдаца гьелда. Гьелъул цIар бахъарабго киназдаго бичIчIулаан гьеб гьанжесеб концертал тIоритIулеб зал, яги гьезие репетициял гьарулеб сцена гIадаб бакI букIин. Районалдагоцин лъилниги гьечIеб, тIоцебесеб граммафонги букIана Муил инсул.

Гьеб заманалдаго кутакаб гьирагун, ракI-ракIалъулаб рокьигун гIенеккулаан Муи умумузул рокьул, кьалул, ХьахIабросулъа МахIмудил, БакьагьечIиса ЧIанкIал, Ругъжаса Элдариласул, ГIанхил Маринил ва цогидалги шагIирзабазул рагIабазда данделъараз ахIулел кучIдузухъ.

**Цо къоялъ эбелалъ росулъе ячун,**
**Берталъ йиго Муи, гIагарлъиялъул.**
**МугIрузда машгьурал кочIохъабиги**
**ЧIохье ахIичIев чи тун гьечIо жакъа.**

**Умумузул кучIдул, халкъиял бакънал**
**АхIулел руго гьез, жергъенги кIутIун.**
**Гъунир кьурабаца дандерижи кьун,**
**Роржун унел руго мугIрул тIогьазде.**

**ГьитIинго рекIеда рукъккун букIараб,**
**БичIчIулареб асар каранлъ гьелчана;**
**Сверухълъи хIайранал хIасратал кучIдуз**
**КочIол дунялалде нуцIа къирана.**

**Ниж – дур къисматилан, некIсиял бакънал**
**Бидулъги гьаналъги рессулел руго.**
**Рокьулги кьалулги херал сариназ**
**Сири балеб буго Муил черхалда.**

**Ясалъул хIалхиси хIалада бичIчIун,**
**АхIе, дир яс, кечIан кIалъана Марин.**
**Нилъерго рохалилъ бахчани, махщел**
**Рагьилеб кибилан жубана тIаде.**

**Ничалъул багIарлъи гьурмалъги щущан,**
**Гьабугьин босана гьалъ кодоб жергъен.**
**Жеги гьал кьурабалъ рагIун букIинчIеб**
**РоцIараб гьаркьихъе гьалгъана мугIрул.**

**ГьитIинай ясалъул цIергъенаб бакъан,**
**Бакълъи-къоноги цIун щобазде ана.**
**Къанал ричIун, яхъун, Ругъжаса Марин**
**ЯчIараб гIадинаб хIисаб лъугьана.**

Машааллагь, Машааллагь, берцинго ахIулеб бугеб куц, лъазего лъачIого кIудияб гьунар букIун буго гури Ращидил ясалъухъан, хIикмалъун хутIун рукIана чIохъдерил гIадамал. ЧанцIулго тIад-тIадруссун гьарун, ахIизаруна кучIдул гьеб къоялъ Муида.

Эбел кутакалда йохана. «РакIалдецин ккелароан дир Муил гьадигIанго роцIараб гьаракьги берцинаб махщелги кочIое батилилан, хIалчIахъаги, дир яс, дур» – ан абуна гьелъ. Разилъи загьир гьабуна кидаго Муие мисаллъун йикIарай ва хадуб гьелъул кочIолаб гьунаралъе унго-унгояй мугIалимлъун лъугьарай Халидил Умагьаницаги. ХIакъикъаталдаги, гьеб букIана Муида гIумруялъ кидаго кIоченчIеб талихIаб лахIзат. Эбелалъул изнуги Умагьанил дарсалги гурелани, цо чанго соналдаса Дагъистаналдаго

машгьурай кочIохъанлъун дун яхъине йикIарайищали лъаларилан абулаан Муи ХIасановалъ.

ХIакъикъаталдаги, махщел цIубалей, рагIи бегIерай яс йикIинги хIисабалде босун, жеги школалда цIалулаго ячана гьей Гъуниб районалъул культураялъул рукъалъул инструкторлъун хIалтIизе, ва хоралъул коллективги Муида тIадкъана. Хадуб, цIали лъугIараб мехалъ, художественнияй руководителъун, цинги директорлъунги тана гьенийго.

Гьениб хIаракаталда гIуцIулеб хIалтIи къойидаса къойиде цебе тIолеб букIаниги, Муил рекIелъ рукъккун, тIадеялдаса тIаде цIикIкIана тIадегIанаб лъай босизе бугеб гъира. Школалъул даражаялда лъай хутIизе кинго къабуллъулеб букIинчIо гьелъие. ГIумруялъул бухIи-цIоройги, букIинесебги лъикI бичIчIулей Мариницаги, кидаго гIадин, ясалъул пикру ритIухъ гьабуна. Эбелалъул изнуялдаса йохарай Муи, МахIачхъалаялда бугеб, Дагъистаналъул кIиго лъагIалилаб руччабазул институталъул историялъул факультеталде цIализе лъугьана.

ТIадегIанаб даражаялда гIуцIун букIана институталдаги культураялдехун бербалагьи. Гьенир музыкаялъул дарсал кьолел рукIана Дагъистан бахун къватIирги машгьурал композиторал: Наби Дагировас ва Сейфула Керимовас. Гьайгьай, лъидагоялдаса лъикI гьединаб гьунаралъул къиматги, тIад хIалтIани, кигIан кIудияб борхалъиялде гьеб бахине рес бугебалиги бичIчIулел композиторазул, берцинаб, цIурмил гIадаб роцIараб гьаракьалъул, цоги лъиданиги релълъунареб, жиндиего хасиятаб кечI ахIулей Муидехун хасаб бербалагьи лъугьинчIого рес букIинчIо. ГIаммал дарсазда гурелги, цохIо гьейгунги хIалтIулаан гьел. Цере гьелъ ахIулел рукIарал бакъназул цо-цо свералаби жеги берцинго ахIизе малъулаан ва жидерго бакъналги



**Москваялда Р. ХIамзатовасул творчествоялъул вечералда (1972 с.)**

кьолаан М. ХIасановалъухъе. Мех бахъанагIан бечелъулеб букIана Муил кучIдузул нахърател. Байбихьана институталъул гьунарчагIигун цадахъ цогидал цIалул идарабаздаги, завод-фабриказдаги, клубаздаги концерталъул программагун цере рахъине. Кидаго гIадин, Муил кечIалъе лъикIаб къимат кьолаан ва хъатил гъугъаялдалъун гьеб тасдикъ гьабулаан. Дагь-дагькkун тахшагьаралдаги машгьурлъана гIолохъанай кочIохъан. Цинги байбихьана гьей радиоялде ахIизе. Доб заманалда, гьанже гIадин, цин цере хъван, хадуб къачIан, рацIцIад гьарун, кучIдул къватIире кьезе рес букIинчIо радиоялъул. Гьел ахIулаан сценаялдасан залалъе гIадин, микрофоналдасан тIубараб республикаялъе. (Прямой эфир). Гьединлъидал унго-унгоял кочIохъабаз лъикIалан мехалъ жидедаго тIадги хIалтIун, гьалатI кколареб хIалалъ хIадур гьарун ахIулаан кучIдул радиоялдасан ва хадуб гьебго къагIидаялъ – телевидениялдасан. Гьедин кечI ахIизе цеве вахъарав кочIохъанасе гьеб букIана цIакъго жавабчилъи цIикIкIараб лахIзат. ХIалбихьи бугел, професионалиял артистаз гIадин бацIцIадго тIубазабуна гьеб иш, руччабазул, учительзаби хIадурулеб институталъул студенткаялъги.

1951 соналъ мугIалимлъунги яхъун, институталдасан направлениеги кьун, Муи йитIана Хьиндахъ росдал школалде, историялъул дарсал кьезе. Амма, цIакъго къокъаб ккана гьеб сапар. Учительлъи гьабуна цохIо къоялъ. Гьейги нухарегIун, хадуб макьидаса рорчIарал гIадин лъугьана районалъул нухмалъулел:. «Нилъеца гьабураб щиб? Учитель гьечIого школа хутIиларо. Амма Муи гIадинай культураялъул хIалтIухъан нилъее щвеларо...». ГьебсагIатго приказги хъван, нахъисеб къоялъго райисполкомалъул гIаммаб отделалъул начальниклъун тIамуна гьей. Гьеб букIана официалияб иш. ХIакъикъаталдайин абуни, аслияб тIадкъай букIана районалъул художественнияб хIаракатчилъи республикаялдаго лъикIаздасаги лъикIаблъун лъугьинабизе кколилан.

ТIадегIанаб лъайги щун, гIумруялде жиндирго хасаб бербалагьиги бичIчIиги бугей Муица, цIидасан, цIияб гьира-щавкъгун байбихьана, цебе-го гIадин, жиндаго тIад къараб иш ракIбацIцIадго тIубазабизе.

**Росабалъ, районазда**
**Ругьунал бергьенлъаби,**
**Лъала Дагъистаналда**
**Гъунисезул ансамбль.**

**Фестивалал, конкурсал,**
**Байрамал, юбилеял,**
**МахIачил хъалаялъги**
**Гьал гьоркьор риччаларо.**

**РагIун батила жеги**
**КIудияв ХIамзатгицин**
**Муий баркала кьезе**
**Сценалде арав куц.**

**КечI лъикI ахIулеб бугин,**
**БацIцIадаб мацIги бугин,**
**ЦIар рагIарав шагIирас**
**ЦIакъаб къимат кьураб куц.**

ЦIадаса ХIамзат гIадинав шагIирас, гIалимас, гIакъилас ракI-ракIалъ тIадегIанаб даражаялде гьунар бахинабураб рагIи аби кколаан бокьарав гьунарчиясе унго-унгояб шапакъат. Гьайгьай, Муи ХIасановалъул хIасраталъул куркьбалги гьелъ жеги къуваталлъун лъугьинаруна. Байбихьана

Дагъистан бахун къватIибехунги концертал кьезе сапарал гьаризе, ва 1957 соналъ Москваялда тIобитIараб фестивалалда промкооперациялъул художественнияб хIаракатчилъиялъул коллективазда гьоркьоб лъикIаблъун рикIкIана Гъунисезул ансамбль.

Дагъистаналъулго бакъназде цIилъи рещтIинабурав, живго ругьунлъарав композитор АхIмад ЦIурмиловасул Щуланиб росу ккола Гъуниб районалъул бищунго борхалъуда ругезул цояб. Гьениве щвечIесда бицун бичIчIулареб, магIарул берцинаб тIабигIаталъул Бичасул хIалкIолъиялъ бахъараб сурат, огъохъатиниб лъураб гIадин, бихьула гьенисан. Кьураби рачелаллъун рорчарал рорхатал мугIрул, хъинсазги рохьазги берцин гьарурал рорхалъаби, дора тIогьазда расандулел чундул, росда сверухъ тIогьолал харибакIал, свак лъаларел магIарулазул захIматалъ къачIарал ахал-хурзал, гъоба, даим гьоркьоб къотIулареб кочIол бакъангун, гьелчелаго, чвахулеб КъаралгIор. Гьеб кинабго гъорлъ жубарал, тIогьол квацIи гIадал цIиял бакънал сайгъат гьаруна ЦIурмиловас нилъер халкъалъе. ЛъимерлъиялдагогIемераб гIакъуба-къварилъи хIехьезе ккарав АхIмадил бакънал рукIана рокьул, кьалул, рохалил, пашманлъиялъул ва яхI-намусалъулгун бахIарчилъиялъул куналги росун рессарал халичаби гIадал. Гьединаб гьунар бугев цIияв композитор Гъунив вахъин кIудияб талихI букIана, цохIо Муил ва гъунисезул гуребги, доб заманалъ кечI-бакъаналде байбихьулел киналго цогидал гIолохъанал кочIохъабазулги.

Гъурмада сабураб гьимигун, вохун, къабул гьаюна АхIмадица Муи. Гьелъул гьаракь-бакъаналъе лъикIаб рецц-бакъги гьабун, цо гьазухъги гIенеккехаян, босун кодобегун мандолинаялда жеги рагIичIел, бачIинахъего рекIелъе роргун унел берцинал бакънал рачине байбихьана гьес. ХIайранлъун гьесухъ балагьун хутIун йикIана Муи. Жиндирго цIиял бакънал рачунаго, дагь-дагьккун, бергьараб хIасраталъул ракIги черхги цIурав, залимав, кьуру гIадав магIаруласде сверун ана АхIмад. Цинги, гIодоб лъун мандолинагун, абуна гьес: «Дуца кечI ахIизе ккола, Муи», – ян. Гьединан байбихьана кIиго бергьараб гьунаралъул чагIазул цадахъаб роржен.

**Гьев лъикIав инсанги, насихIатчиги,**
**ГIакъилги, гьудулги вукIана гьалъий.**
**Ва тIолго гIумруялъ АхIмадил дарсал**
**Роценлъун хутIана мухIканлъиялъул.**

**МагIарул иццазул цолъарал лъарал –**
**КIарчамаб чилчили Муил бакъназулъ.**
**Абхазав Гулиа, ЦIадаса Расул, –**
**РещтIун руго Гъунир хъвадарухъаби.**

**РагIулеб буго кечI гордухъ ахIулеб,**
**ХIасраталъ гъаргъар бан лугбал соролеб.**
**РагIула цо бакъан, бакъул чIор гIадаб,**
**БецIаб сордо рогьун, дунял гвангъулеб.**

**Гьаниб цIадасесул ракI цIунцIрахана,**
**ЦIар щиб долъулилан вуго Гулиа.**
**Лъай-хъвайги гьабизе, кечIги ахIизе,**
**АхIун щвана Муи, жергъенги босун.**

**Биччана гьалъ гьаракь, гьанжеги мугIруз,**
**Рохун, цоцазухъе бикьун ана гьеб.**
**БотIрол рас борхулел саринахъ гIинбан**
**Сагьвилго машгъуллъун рукIана гьалбал.**

**Гьале кечI лъугIана. АхIун бахъана.**
**ГIенеккарал руго паналъун хутIун,**
**Хиялал, пикраби, рагIабалъе ун,**
**Нахъруссун щвечIого ругел кинигин.**

**СихIкъотIи биххана Расул кIалъайдал:**
**«Дуца кечI ахIизе ккола, Муи», – ян.**
**АхIмадил рагIаби такрар гьаруна**
**Дов жеги вихьичIев ХIамзатовасги:**

**«ХIасратай кочIохъан, хирияй Муи,**
**МахIачхъалаялде ячIун лъикIан мун.**
**РакIчIун божула дун, дур гьаракь-бакъан**
**Гьенисан рагIилин Дагъистаналда.**



**АхIулеб буго Муи ХIасановалъ. Бакъан бачунеб буго Р. МухIамадовас**

**Гъунисан пархарал дур кочIол маккал,**
**Киса-кирго щвелин дуниялалде.**
**Дозий роржен кьолеб аэродромлъун**
**Лъугьина тахшагьар кидаго дуе».**

Гьайгьай, гьединаб гвангъараб кочIолаб гIумруялъул байбихьуда кIудияв шагIир Расул ХIамазатов сапаралъ цадахъ ккей цIакъго кIудияб талихI букIана Муие. Гьеб гуребги, кигIан бергьарабги гьунар гьукъизе кIвечIониги, гьелъул къимат лъалел, нилъерго халкъалъул адабиятги, маданиятги бичIчIулел, гIадат-гIамалги бокьулел чагIи республикаялъул нухмалъулезда гъорлъ гьечIони, гьеб цебетIезабизе захIмалъула. Амма доб мехалъ гьеб кинабго кутакалда хирияв, магIарул яхI-махIалъулъ вуцун гьавурав гIадав чи вукIана живго Дагъистаналъул бетIер ГIабдурахIман Даниялов. ТIаса-масагояб гуреб, ракI-ракIалъулаб бербалагьиги хинаб гьоркьоблъиги букIана гьесул адабияталъул ва маданияталъул гIадамаздехун. ТIадвуссун эхеве щваравго, Расулица бицана ГIабдурахIманида Гъуниса ясалъул кочIое бугеб махщелалъул хIакъалъулъ. Муиян абуни йикIана гьеб заманалда Расулил рагIабазул хIисабазда. Цо рахъалъ, эбелги гIагарлъиги аскIор гьечIеб шагьаралде ине абизегIан ракI цIалеб букIинчIо. КIиабизе, эбелалъ абулеб букIана: дуда цебе лъураб масъала битIарабги лъикIабги бугин, гьеб къабул гьабичIони, кидаго гьаний росулъги хутIун, хадуб гIумруялъго ракIбухIизе бугин дур. Дуе Аллагьас кьураб гьеб гьунарги, зодоб гвангъунги бачIун бортун араб цIва гIадин, тIагIинин, мун МахIачхъалаялде ун лъикIилан. Амма гьезда лъалеб букIинчIо Р.ХIамзатовас ГI.Даниялодасда биценги гьабун, гьес культураялъул министр Изумруд Губахановалда тIадкъан букIин, эхееги ахIун, хIалтIудаги лъун, Муи ХIасановалъул тIалаб-агъаз гьабеян. Жеги пикраби цойиде ккун рукIинчIо Муил, хIалтIиги нахъе кьун, хех гьабун жиндихъе щваян И. Губахановалъул телеграмма бачIараб мехалъ. Гьелдаса йохарай эбелалъ нухги битIун, Гъуниб хIалтIиялъулгун кидагоялъе кьолъикIги гьабун, бухьана сапар хадуб профессионалияб кочIолаб искусствоялъул киналго тIедегIанал даражабазде яхине йигей гIолохъанай кочIохъан Муи ХIасановалъ.

ЦIияб хаслъи бугеб Муил кечIалъе лъикIаб къимат кьурал хинал рагIабаздаса хадуб Даниялосас гьикъана: «Муи, цебесеб гIагарлъиялъул гIадамал ругищ дур МахIачхъалаялда?» «ГьечIо». «БичIчIана», – ян рагIи батIияб рахъалде сверизабуна гьес…

КIиго-лъабго къо ун букIинчIо гьелдаса, рукъги кьуна, Дагъистаналъул кочIолгун кьурдул ансамблалде хIалтIизеги йосана. РакIалдаго гьечIого Гъуниве вачIарав Расул ХIамзатовасул баракаталдалъун ва ГIабдурахIман Даниялосасул кумекалдалъун Муил букIинесеб кьучIдасанго хисана. МоцIалъ цебеги йижараб росулъ йикIарай гьей, Дагъистаналъул

тахшагьаралда гӀумру гьабулей,  къадру-къимат борхатаб ансамблалъул солистка йиго гьанже…

Лъабго соналъ профессионалияб коллективалда хӀалтӀулаго, Дагъистаналъул росабалъе ва шагьаразде чанги щвана ансамбль. Гьенир Муида цадахъ рукӀана  доб заманалда лъикӀго машгьурал, халкъалъе рокьулел кочӀохъаби:  Марьям Дамдамаева,  Аминат Ибрагьимова, Бурлият Ибрагьимова ва  Асият Кумратова.

1960 соналъ Москваялда тӀобитӀараб Дагъистаналъул литератураялъулгун искусствоялъул декадаялдаса юссун хадуб, Муие кьуна «Дагъистаналъул халкъияй артистка» абураб хӀурматияб цӀар ва гьей ячана Дагърадиокомитеталъул хоралъул кочӀохъанлъун хӀалтӀизе. Сценаялъулаб культура ансамблалда гӀезегӀанго лъикӀ цӀубан букӀаниги, аслияб профессионалияб институтлъун  Муи ХӀасановалъе лъугьана радиокомитет.

Рази-ракиго, рохун дандчӀвай гьабуна радиокомитеталъулаз гӀолохъанай кочӀохъаналда. Гьенир хӀалтӀулел рукӀана Дагъистаналъул тӀолабго халкъалъе кутакалда хириял, бергьарал кочӀохъаби - Россиялъул халкъиял артистал: лезгияй  РахӀимат ХӀажиева, лъарагӀал: Исбат Баталбекова ва Бурлият Ибрагьимова; нугъаяй Асият Кумратова; Дагъистаналъул халкъияй артистка даргинай Аминат Ибрагьимова; Дагъистаналъул мустахӀикъал артистал: магӀарулай Манаша Дибирова; тумал Марьям Дамдамаева ва ТӀагьират МухӀамадова; Дагъистаналъул культураялъул мустахӀикъал хӀалтӀухъаби –  магӀарулал: ХӀурия  Кантулова, ГӀайшат Мазалова ва цогидалги. Гьел киналго Муие лъугьана ракӀбащадал гьудулзабилъун. ГӀицӀго кучӀдул ахӀулаан батӀи-батӀиял мацӀазда. Доб мехалъ, кӀудияб гьунаралъул къимат гьабун гурони, миллаталде бицинегӀанасеб кӀварго кьолароанилан абулаан Муи ХӀасановалъ.

ХӀалхьи лъалареб жиндирго махщел тӀадегӀанаб даражаялде бахинабун, цӀи-цӀиял кучӀдуз гӀалам бохизаби гуреб, батӀияб мурадго гьечӀеб букӀана Муи ХӀасановалъул гӀумру. Бищунго кӀудияб кӀвар кьуна гьелъ кӀочон толел, тӀагӀун унел рукӀарал умумузул бакъназде. Гьелъул хӀаракаталдалъунги, халкъиял бакъназдехун бугеб кӀудияб рокьиялъги  батӀияб цӀилъиги рещтӀинабун, цӀидасан халкъалъухъе щвезарун цӀунана гьелъ некӀсиял бакънал наслабазе.  Гьелги, гьединго А. ЦӀурмиловасул, М. ТӀалхӀатовасул, ТӀ. Къурачевасул ва цогидалги Муил заманалъул машгьурал композиторазул бакъназда ахӀарал киналго кучӀдул ГТРКаялъул меседилаб фондалда ва Даку Асадулаевасул цӀаралда бугеб фондалъул архивалда   руго гьанже. Пенсиялде инегӀан, лъеберго соналъ радиокомитеталда хӀалтӀана гьей. Амма гьеб заманалда жаниб  киданиги тохтурасухъа  унтул тӀамачали кибгурин гьелъ босулеб, отпускаялда йигеб мехалдагицин хӀалхьи гьабун, я курорталде инчӀо, я рокъой чӀечӀо. Гьеб заманалъги, Дагъгосфилармониялде хӀалтӀизеги лъугьун, жиндиего хирияв Дагъистаналъул кечӀ-бакъан бокьулезухъе сапаразда унаан Муил отпуск. Щибаб шагьи-копекалъе цӀуна-

къай гьабичIогоги рес букIинчIо кIудияй кочIохъаналъул. ЦохIо вугев вас, Мурад гIезави гуребги, М. ХIасановалъул гъуждузде бегун букIана яцги хун хутIарал щуго бесдал лъималазул тIалаб-агъазги. Жиндирго басралъараб ретIел-хьит цIи гьабизе рес гIоларел мехалгицин дагьал рукIинчIо гьелъул. Доб мехалъ хIукуматалъул харжалги кIудиял рукIинчIо артистазе. Жакъаги цIакъал гьечIелъул гьел, доба-гьаниса тIаде щолеб хайир гьечIони. Гьанже гIадин, кIиго-лъабго бакIалда хIалтIизеги бегьулароан, бертабалъа бачIин бакIариги кIудияб ссиялда букIинчIо. Бокьараб концерталъулаб къукъагун гIагарлъи-рикIкIалъи цIехечIого, щиб бакIалде ине къваригIаниги, кидаго инкар гьабичIого, кодоб ккун жергъенгун, къартIалда къватIие яхъунаан Муи. ЦIорораб хасел яги багIарараб рии батIалъи гьечIого, Совет хIукуматалъул заманалда нилъер артистал щолаан рорхатал мугIрузул тIогьазде, жеги машиналъе нух гьечIел, рилълъун ине кколелгицин росабалъеги, гъутан-утаралда захIматго хасел тIамулел гIухьбузухъеги, бухIараб бакъукь цIибил бакIарулезухъеги, кьураби кьвагьун ГЭСал ралезухъеги. Къокъго абуни, завод-фабриказде гIунтIунги, дора годекIабахъ, гъора гIалахазда, клубазда, театразда, улкаялъул чIахIиял концертазул залазда, хIатта къватIисел улкабаздацин гьел цере рахъунареб бакI букIунароан. АхIулеб кечI-бакъанги букIунаан гIадамасде, гIаданлъиялде, гIумруялде, гьудуллъиялде, хIалтIуде ва ватIаналде рокьи бижизабулеб. Гьелъ гIенеккаразе кIудияб асар гьабулаан, чIаголъи кьолаан ва тIолабго халкъалъе, лъазего лъачIого, тарбия кьеялъул дарслъунги лъугьунаан.

Кидаго кIочон толареб кIудияб, рекIеда меседил хIарпаз цIар хъвараб лъугьа-бахъинлъун хутIана Муие 1957 соналъ Москваялда тIобитIараб, тIолгодунялалъул студентазулгун гIолилазул фестиваль. ТIоцее гьений сценаялде яхунелъул рекIелъе лъугьунеб букIана хIинкъи лъалареб, хIалуцин лъалареб цо батIияб асар. Щайгурелъул, цо бугони, МахIачхъалаялдаса кIудияб шагьаралда гьей жеги кийго цее яхъун йикIинчIо. КIиабизе, доба Дагъистаналда киналго миллатазул мацIазда ахIулел кучIдул ва бакънал рокьула, гьаниб Москваялда бичIчIиладай дир магIарул мацIалъ ахIулеб кечI, къабулго гьабиладай гьез гьебан щаклъи кколеб букIана гьелъул рекIелъе. Амма кодоб жергъенгун мокъокъ гIадин сценаялдеги ячIун, кьурул хъинс гIадин, умумузул ретIелги ретIун аскIов гIодов чIарав доб мехалъ «Человек– оркестр» – ин жинде абулеб букIарав, Болгариялда хъумзида рачунел гьесул бакънazухъ гIенеккараз «Это второй Паганини,»-йилан жинде ахIарав, АнсалтIаса Рамазан МухIамадовасул хъумзида цадахъ тIоцебесеб кечI ахIарабго гьел киналго щаклъаби щущан ана. Кутакаб хъатил гъугъаялдалъун кIодо гьаруна Москваялъулаз ва гьалбадерица Муиги Рамазанги. ХъатчIвалезда гьокьор залалда рукIана дунялалдаго машгьурал: негразул кочIохъан Поль Робсон ва Индиялъул кинорежиссер-актер Радж Капур. Гьеб лахIзаталъ бичIчIана Муида, унго-унгояб махщел- гьунаралъе мацI къваригIунареблъиги, гьеб дунялалъул киналго халкъазда цого къагIидаялъ бичIчIулеблъиги. Кутакалда рохана нилъер артистал жидер гьабураб хIурматалдаса. Хадубги

гIемерал батIи-батIиял бакIазда цере рахъана гьел ва кирго къабул гьаруна тIадегIанаб даражаялда. РукIана лъай-хъваял, бечелъана гьудуллъи, ракIалде щвеялъе цоцазе гьаруна сайгъатал, росана адресалги, рахъана цадахъал сураталги. Муилги Рамазанилги, цохIо Совет Союзалда гуребги, дунялалдаго гьудуллъи камураб бакIго хутIун букIинчIин гьеб мехалъан абизе бегьула. Гьел рукIана Индиялдаса, Африкаялдаса, Америкаялдаса, Японриялдаса ва цоги-цогидалги къватIисел улкабаздаса. Муица ахIулел кучIдузги Рамазанил бакъназги гьезда цебе бачунеб букIана нилъер гьайбатаб, бахIарчияб, гьобол-гьудул хирияб, гьунар– махщел гьарзаяб Дагъистан. Доз ахIулелъги бицунелъги нилъераздаги цебе чIолеб букIана гьезул гIадат-гIамалги, культураги, улкабиги. Къокъго абуни, фестивалалъул гIахьалчагIаз цоцазда гьоркьор гьудуллъиялъул щулияб кьоял лъуна. Гьедин букIуна кидаго гьединал тадбиразда. Цоцаздаса мисал босизе жоги дагьаб букIунаро гьениб. ГIезегIан дарсал щванила жиндиеги гьел къоязилан бицунаан М.ХIасановалъ. ЧIорогоги руссинчIо гьел Москваялдаса. Фестивалалъул ахиралда, Муие гIарцул медаль ва Рамазание ХIурматалъул грамота кьуна. Гьединал бергьенлъабигун, хадубги жидерго махщалида тIад хIалтIизе кIудияб гьирагун руссана нилъер артистал Дагъистаналде. Гьелдаса гIемераб заман ун букIинчIо Расулги Гулиаги Гъунире рачIараб мехалъ. Гьел рачIиналъул хIасилалда Муил гIумру кьучIдасанго хисараб куцалъул нилъеца тIадехун бицана.

Пенсиялде унилан Муица жергъен гIодоб лъечIо. Республикаялда тIоритIулел киналго маданияталъулгун адабияталъул тадбиразда гIахьаллъулаан гьей. Дакул фондалъ гьарулел хIалтIабазулъаги киданиги гьоркьоса камичIо. РакI унтараб тIалаб-агъазалъулаб бербалагьи букIана гьелъул хадур гIолел кочIохъабаздехунги. Аллагьас кьураб гьунаралъул къиматги гьабун, магIнаяб кочIол нухдасан рачIунездаса гьей йохулаан. Гьал компьютералъ гьаркьал гьарурал гIахьучI-махьучIалъул ахIдохъабазда цщин бахъунаан...

* * *

…Къаси сордо бащалъуде гIагарлъулеб заманалда гьаб бакIалде щун рукIана Муи ХIасановалъул гIумруялъул нухалъулги махщалил борхалъиялъулги бицине хIал бихьарал дир хъвай-хъвагIаял. Метер радалго Муихъе цIализе босун инин, гьолъул пикруги лъазе, тIаде-гьоркье жубазе кколел бакIал ругищанги гьикъизеян ракIалдеги ккун, дица къалам гIодоб лъуна. ГIемер заман иналдего дихъе кIалъан вачIана Сиражудин ПатахIов. Гьадин кватIараб мехалъ кIалъалароан гури ав, щибдайха бугоян дица трубкаги кодобе босун салам кьуна. Гьебги буссинабун, нилъер Муие Аллагьасул къадар щун бугоха, вац АсхIабгIалиян, абуна гьес. «ВахI! Муие къадар щун буго… Муие къадар щун буго… Муие къадар щун буго!- ян такрар гьабуна дица риччалъе ккарав чияс гIадин. -Унго-унголъунги къотIарабищха гьаракь ункъойилъе яхараб мехалъгицин микрофон гьечIого зал гьаргьазабурай кочIохъаналъул?! ГьечIейищха тIокIалъ Дагъистаналъул

тIолабго халкъалъе  хирияй Муи?! Тарабищха дунял Совет хIукумат бахун къватIисел улкабазул кечI-бакъан бокьулезги кIодо гьаюрай магIарулалъ?!». Кибалиго рикIкIадасан гIадин рагIизе лъугьана, мунагьал чураяв Расул ХIамзатовас «Гьединго руччабазулги лъала дида лъабго кочIохъан. Цо-дида киданиги йихьичIей, дун гьавилалдего хварай Ругъжаса ГIанхил Марин, кIиабилей - КIогьориса ПатIимат, лъабабилей - нилъерго Муи»-ян абурал рагIаби. Азарго батIияб пикру, гьей гьайбатай, гIаданлъиялъульги чилъиялъульги юцун гьаюрай чIужугIаданалда хурхарал киналго ракIалдещвеял, бецIал хьухьакьан цоцазде кьвагьдолел пири-цIаял гIадин, перхезе лъугьана ботIролъ. Диеги эбеллъи гьабун букIана дуца, хирияй Муи. Баркала дуе!

**Дица кидагоги бетIер къулула**
**Бичас тIаса рищун лъалел чагIазе.**
**ТIокIлъиялъе гьунар сайгъат  гьабурал,**
**Гьелдалъун халкъалъе хиралъаразе.**

**Ракьалда щибаб лъалкI - мисал толезе,**
**Рокьиги хинлъиги рекIелъ бугезе,**
**Харил сагаялда тIугьдул гIадинан,**
**ГIалам берцинлъизе рижун ругезе.**

**ЖахIда-цциналдаса рикIкIад чIаразе,**
**ЦохIо лъикIаб гуреб мурад гьечIезе,**
**Гьудуллъидул даим кьоял ралезе,**
**Дуниял таниги, цIар холарезе.**

**Гьединай йикIана гьай нилъер Муи,**
**Аллагьас мунагьал чурун ратаяй;**
**Гьалъул зобалазде боржун араб рухI**
**Алжаналда жаниб рещтIун батаяй!**

*АсхIабгIали ХIАСАНОВ.*

Тарих

## ИМАМ ШАМИЛИЛ УМУМУЛ КИСА РУКIАРАЛ?

Исана 223 сон сверула Дагъистаналъул ва чачаназул имам Шамил гьавуралдаса. Гьесул хIакъалъулъ хъварал тарихиял тIахьазда ва макъалабазда гьев гьавураб соналъул рахъалъ цо чIараб пикру батуларо. Гьединго мухIканлъи гьечIел руго кIудияв имамасул инсул насабалъул рахъалъ баяналги.

Шамил гьавуралдаса кIиго гIасру аниги, гIалимзабиги тарих бокьулелги гьоркьоса къотIичIого дагIбадилел руго гьесул инсухълъи киса кколеб абураб суалалда тIасан. Гьезул щивас сунда мугъчIвай гьабулеб бугебали бихьизабизе ккани, гIемераб жо хъвазе ккола. Гьединлъидал, дица гьанир къокъго рихьизарила гьеб суалалда тIасан ругел аслиял пикраби.

ТIоцебесеб пикру – Шамилил аслу гуржиялъан бугин абураб. Гьеб загьир гьабун буго 1914 соналъ гуржи мацIалъ Тифлисалда къватIибе биччараб (Пронели А. «МугIрузул цIум Шамил». Тифлис, 1914) тIехьалда. Гьес хъвалеб буго XVIII гIасруялъул ахиралда Дагъистаналда вахчун вукIарав Ираклий пачаясул вас Александрица цо магIарулалъулгун балъгояб рокьиги гьабун лъугьараб наслу кколин Шамилилан. Дида ккола ботIролъ гIакълу дагьав гуржияс хъвараб гьеб чIандаялъе жаваб кьезе тIубарав гIабдал гурони лъугьинарин абун.

КIиабилеб пикру – Шамилил умумул чачанал рукIанин абураб. Гьеб рахъалъ тIоцебе гьури пузе байбихьана XIX гIасруялда Тифлисалда къватIибе биччалеб букIараб «Кавказ» газеталда рахъарал цо-цо макъалабаздаса хадуб. Гьениб Шамилил бицунаго хъван батула кавычкабазда жаниб «Ичкерияв Шамил» абун. 1845 соналда Шамилица жиндиего тахшагьарлъун тIаса бищана Ичкериялда букIараб Даргъо росу. Гьелдаса нахъе хъвазе байбихьана Ичкерияв Шамилин абун. Гьеб кьочIоеги босун, цо-цо чачаназул тарихчагIаз байбихьана Шамил жидерго миллатцоявлъун вихьизавизе.

Лъабабилеб пикру – Шамилил умумул лъарагIал рукIанин абураб. Гьедин рикIкIунеб букIана ДГУялъул юридикияб факультеталъул профессор М.А.Халиловас. Гьес мугъчIвай гьабулеб буго гIурус генерал Чичаговасул лъади Марияца хъвараб тIехьалда имамасул умумузул хIакъалъулъ кьурал баяназда (Чичагова М.Н. «Шамиль на Кавказе и в России». СПб., I889). Гьениб авторалъ хъвалеб буго: «Шамилил эмен Дэнгау-Магомед-Генуса узден ГIалил вас; гьесулги умумузул чи Кумык-Амир-Хан Кавказалдаго цIар рагIарав чи вукIана», – ян. Гьединабго пикру буго А.МахIмутIовасул. Гьес лъарагIазул газеталда бахъараб макъалаялда хъвалеб буго: «Шамилил инсул эмен ГIали Агъачаулалдаса вукIана, Генуве арав. Гьениб гьесда Къумукъ ГIали абулебги букIана» («Ёлдаш». 08.02.2008). Гьес гьелъие кьочIое босун буго Булач ХIажиевас хъвараб бицен.

Ункъабилеб пикру – Шамилил анкьабилев эмен ГIали тумав вукIанин абураб. Гьеб баян рехсараб асаралда бихьизабун буго гьев эбелалъул рахъалъан вукIанин абун. Гьеб баян загьир гьабурав чи ккола шайих

Жамалудин Гъумукъиясул вас ГIабдурахIман (Абдурахман из Газикумуха. «Книга воспоминаний» /Пер. с арабс. М.-С.Саидова. Махачкала, 1997). Гьеб хIужалъунги босун, цо-цо тумазул цIех-рех гьабулел чагIаз гьесул умумузул насаб бихьизабун буго тумалъа бачIарабилан абун. Амма нилъеда лъала щивав чиясул тухум инсул рахъалъан рикIкIунеблъи.

Щуабилеб пикру – Шамилил эмен Гьидалъа вукIанин абураб. ТIоцебе гьединаб хабар баккана 1968 соналъ («БагIараб байрахъ».1968, 31 декабрь) газеталда бахъараб ГьоцIалъа журналист ва хъвадарухъан ХIусен ХIажиевасул макъалаялдаса хадуб. Гьес хъвалеб буго имамасул эмен Гьидалъа вукIун вугилан. Гьеб хIужаялъул хIакъикъат цIехон аскIове индал, ХIусеница абуна: «Гьигьалъаян абураб жо, дида Гьидалъаян гIадин бичIчIана, – ян. Шамилил умумул Гьидалъе цIалел руго М.ГI.Дибировасги (Дибиров М.А. «Сильные и стойкие». Махачкала, 1973). Гьес мугъчIвай гьабулеб буго тIадехун рехсарав ХI.ХIажиевасул макъалаялда ва гьесда рагIараб биценалда. ТIадежоялъеги гьев авторас хъвалеб буго, Гьидалъ бугила, дагьа-макъал чагIазда гурони лъалареб, «Денгасул нохъо» абулеб бакIгийин. Шамилил кIудияв эмен Денгал цIаралда пархен бугелщинал бакIазда кIудияв имамасул аслу хурхинабизе лъугьани, чанги батIияб бакIалде ккезе рес буго нилъ.

Дида ккола Шамилил умумул Гьидалъа рукIанин абураб хабар бакканин Шамилил рагIабаздалъун Хъварщиса шайих Загъалас гIарабалъ Лъахъ росдал жамагIаталде хъвараб кагътидасан. Жибго кагъат батун гьечIо, гьеб букIанилан бицунаан гIараб гIалимчи, мунагьал чураяв НурмухIамадил МухIамадицаги тарихчи Тимур Айтберовасги. Кагътил копиялда буго «ила икърабиян». Гьелъул магIна буго «дир гIагарлъиялде» абураб. Лъалеб жо буго тIолго лъахъдерил жамагIат Шамилилгун гIагарлъиялда букIине рес гьечIолъи. Дир пикруялда, имамас гьедин хъваялъе букIине бегьула гьадинаб гIилла. Гьидерил гIадатазе хъвараб цебeрагIиялда Лъахъ бихьизабун буго рагIиятазул росулъун. Хасго гьезие къварилъи гьабулеб букIун буго гьидерил ТIидиб ва ГIурада росабаз. Имам Шамил мискин-пакъирзабазул рахъ ккурав чи вукIиналъ, гьезул адаб-хъатир гьабун, гьеб жамагIат мадугьалихъ ругел кIудиял жамагIатаз хIакъир гьабунгутIизелъун ва лъахъдерил къадру борхизабизелъун хъван букIине бегьула имамас тIадехун рехсараб кагътида «дир гIагарлъиялде» абун.

Имамасул умумул Гьидалъа рукIанин абиялъе цойги гьадинабги гIилла букIине рес буго. Лъахъ вукIун вуго Денгал Давуд абурав шайих. Гьев вукIана халкъалда гьоркьов кутакалда машгьурав чи. Гьесул эменги Денга вукIун, Шамилил умумул Лъахъа рукIанин хабар баккана. Амма баянаб жо буго гьев шайих гьениве гьанжесеб ЧIарада районалдаса вачIарав чи вукIин.

Цойги, 1834 соналъ Шамил имамлъун вищулелъул, Хъварщиса Загъалав шайихас фатихIа тIамун хадубги, гьев тезе бегьуларин кIалъан вуго гьидерил вакил Махху. Гьеб мехалъ Шамилица кьабураб хонжроца бетIер къотIун буго гьесул. АскIов вукIарав Загъалав-апандица Шамилида абун буго: «Вай, Аллагь, мун цIакъ гIедегIана!» – ян. Шамилица жаваб кьун буго: «Аралъубе ине чахъуги биччан, дуца гьабе вехьлъи, кIудияв», – илан. АскIор рукIаразда бичIчIун буго, доб сагIаталдаса нахъе додин къвакIун хIалтIи гьабичIебани, гьесул имамлъи лъугьине букIинчIолъи. Гьеб биценалъ гIемераб жоялъул пикру гьабизе тIамула. Харахьиб мажгиталъур данделъун рукIана Дагъистаналъул ва чачаназул гIемерисел жамагIатазул вакилзаби. Гьидерица гьеб мажлисалде вакил гьавун витIарав Махху щайдай (гьанжесел гьидерил пикруялда рекъон, гьениса умумузул вас) Шамил имамлъун вищизе бокьичIеб? Маххуца ва гьидерил жамагIатаз,

Шамилил эмен ялъуни кІудияв эмен жидехъаго вукІаравани, гьесул рахъ кквелароанищха?

Анлъабилеб пикру – Шамилил эмен ДоногъомухІамадил кьалбал Хунзахъа рукІанин абураб. ГІабдурахІманица хъвараб тІехьалъул мухъалги хвезарун, тІасан хъван буго Шамилил умумул Хунзахъа рукІанин абун. (Абдурахман из Газикумуха. «Книга воспоминаний» /Пер. с арабск. М.-С. Саидова. Махачкала, 1997). Гьелъул хІакъалъулъ баян кьей дица тІокІаблъун рикІкІуна.

Анкьабилеб пикру – Шамилил кьалбал Генуса рукІанин абураб. Гьеб нилъеда дандчІвала Генуса АхІмадил МухІамаднаби-хІажил («Шамил имам», МахІачхъала, 1997) тІехьалда. Авторас гьелъул хІакъалъулъ «ГІумруялъул авал» абураб бутІаялда гьадин хъвалеб буго: «…Шамилил эмен МухІамад ккола Генуса узденчи ГІалил вас. Гендерица МухІамадиде «Денгав» абураб тІокІцІар ахІулеб букІана, магІарулазда гьоркьовги гьев лъалаан Денгав хІисабалда… ГІурусазул документазда Шамилил инсул цІар хъвалеб букІана унго- унгояб цІарги тІокІцІарги цолъизабун, Денгау-Магома, ай Денгав-МухІамад абун».

Ахирал сонazда, Денгав-МухІамадил цІар санагІалъиялда хъвалаго, газетаздаги цогидал хъвай-хъвагІаяздаги сверана Денгасул МухІамадиде. Гьедин, букІинчІеб бакІалда, гьанже заманалда бижараб буго Шамилил инсул эмен Денгав вукІанилан абураб бицен. ХІакъикъаталда, гьединав кІудияв эмен Шамилил вукІинчІо. Цоги нухалда такрар гьабизин, Денгав букІана Шамилил инсул тІокІцІар. Денгасул МухІамад абун, яги Денгасул вас МухІамад абун Шамилил эмен рехсараб цониги бакІ нилъеда дандчІваларо цересел хъвай-хъвагІаязда. Гьедин хъвазе лъугьана гІицІго гьал ахирал соназда.

Гьединлъидал, Шамил имамасул кІудияв эмен Денгав Гьакварисаги, Гьигьалъаги, Гьидалъаги, цогидал гьездаго релълъарал бакІаздасаги вукІанилан вихьизавун цІакъго жигаралда хъвалел ругел макъалаби ккола кинабгІаги кьучІ гьечІел, ургъун рахъарал маргьабилъун. Доб заманалда живго Шамилида гьеб суалалда хурхун цІех-рех гьабурал МухІамадгІали Казем-Бекицаги, Мария Чичаговалъги, цогидазги чІванкъотІун бихьизабулеб буго имамасул инсул эмен ГІали вукІин ва эмен Денгав-МухІамад вукІин…

Кисанха бижараб Денгасул цІаралда сверухъ гаргар? Гьеб бачІана… ГьаракІуниса НурмухІамадил МухІамадидасан. Денгав Гьаквариса вукІанин абизе кинаб хІужаха гьесухъ букІараб? БукІана Гьигьалъа Генубе бачІараб, «нижер гІагарав чи Денгасда салам бице», – ян абурал рагІаби тІад хъвараб кагъат. ГІицІго гьел рагІаби, тІокІаб хІужа букІинчІо. НурмухІамадил МухІамад гІедегІана гьел рагІабаздасан, Денгав Шамилил кІудияв эмен кколин, гьев Гьигьалъа вукІанин абизе. Шамилил эмен Гьигьалъа вукІинчІевлъи хІакъго лъалеб букІиналъ батизе ккола гІалимчияс Денгав кІудияв эменлъун рикІкІарав.

«Щиб абизе бегьулеб Гьигьалъа Генубе бачІараб кагътил хІакъалъулъ? Гьел рагІабазулъ буго гІицІго гьуинго, берцинго, хиралъиги загьир гьабун Денгасде салам битІи. Гьебги, Шамилил кІудияв инсуде гуреб, гьесул инсуде… Генубги буго жеги басмаялде бахъичІеб цо кагъат…доб заманалдаго мугьажирлъиялде ккарав Шамилил гІагарлъиялъул наслуялъул чи Генуса МухІидица Сириялдаса битІун бачІараб… Гьеб кагътида бихьизабулеб буго, жеги чІужу ячинчІев Денгав Генуса Гьигьалъеги цІумадисезул цогидал росабалъеги магІишат гьабизе ун вукІин ва гьениса гІагараб росулъе тІадвуссин…»

Тарихги лъалев, гьебги бичIчIулев чиясда бачIинахъего рихьула гьев авторасул хъвай-хъвагIаязулъ ругел гIемерал гIунгутIаби. Киналха гьел?

ТIоцебеб босани, МухIамаднабица Шамилил инсул эменлъун вихьизавун вуго узденчи ГIали. Гьеб баян нилъеда я А.Руновскиясул, ялъуни ХIажи-ГIалил асаразда батуларо. Гьев кIиявго автор кколаан Шамил жидеда лъикI лъалел чагIи. Генуса авторас мугъчIвай гьабулей М.Чичаговалъин абуни жиндирго тIехь хъвана имам асирлъуде ккун 30 сон гьоркьоб индал.

КIиабизе, имамасул инсул цIаралъул тIоцебесеб бутIа Денгав тIокIцIарлъун рикIкIинеги гьев авторасул кинабгIаги ихтияр гьечIо. МагIарул антропонимика лъалел чагIаз гьеб ритIухъ гьабила: Денгав, Денга – гьел руго авар-гIанди-цез мацIазда кIалъалел росабалъ гIемер дандчIвалеб бихьинчиясул некIсияб хасаб цIаралъул вариантал. Денгав абураб чIамалазул хаслъул падежалъул форма магIарулаз къабул гьабун буго аслияб падежалъул форма гIадин, цинги хаслъул падежалде гьеб сверизабулаго гьезул лъугьунеб буго Денгасул абураб форма. Масала, «Денгал вас» чIамалазул мацIалда «Денгав воша» ян абула. ЧIамалазул мацI лъаларев МухIамаднабида Денгав тIокIцIарлъун бихьиялдаги дица щибго гIажаиблъи гьабуларо. Щайгурелъул, магIарул росабалъ гIемерал МухIамадал цоцадаса ратIа рахъизе гьезда тIокIцIарал хурхинарула. Гьелги рукIуна прилагательноял (Квешав МухIамад, Рекъав МухIамад ва гь.ц.), гьезул ахиралин абуни данде ккола чIамалазул хаслъул падежалъул гIаламаталда. Жеги, гьев авторас тIокIцIарлъун рикIкIунеб **Денга** абураб рагIул магIна щибха кколеб магIарул мацIалда, гьес битIараб хъвалеб батани? ГIурусаз хъвай– хъвагIаязулъ хIалтIизабулеб **Денгау** форма бачIиналъеги гьадинаб гIилла буго. Дагъистаналъул мацIазул лак, лезги хутIизегIан **в** гьаракь буго кIутIби цIутIизарун бахъулеб, гьединлъидал гIурусазда гьеб релълъун рагIула жидерго **у** гьаракьалда. Гьединлъидалин гьезул тарихчагIаца Шамилил инсул цIар Денгау-Магома абунги хъвалеб. Баянаб жо буго, нилъер росабалъ МухIамад абураб цIар кутакалда тIибитIараб букIиналъ, тIадехун абухъе, гIадамаз гьеб цIаралда хурхинабула я тIокIцIар, ялъуни инсул цIар. Гьедин чIамалазул мацIалъ инсул цIарги жубан лъугьараб буго имам Шамилил инсул Денгав МухIамад абураб цIар. Амма МухIамаднабие гьеб кинго рекIее къабуллъулеб гьечIо. Гьес хадубги хъвалеб буго имамасул кIудияв эмен ГIали вукIин мухIканго чIезабун бугин М.Чичаговалъги Казем-Бекицагиян. Гьанже нужецаго пикру гьабеха, хириял магIарулал, М.Чичаговалъул гьал мухъазул: «…Отец его, Дэнгау-Магомед, был Аварский уздень (гражданин), Гимринский житель, сын Али; предок его был Кумык-Амир-Хан, человек известный на Кавказе…» (Чичагова М.Н. «Шамиль на Кавказе и в России». СПб., I889). Дида ккола, гьединал «кьучIал» авторазда хадув вилълъани, МухIамаднаби цIакъго рикIкIаде щвелин.

Денгасул цIаралда сверухъ гаргар киса баккарабали хал гьабулаго, МухIамаднабица рикIкIунеб буго гьеб, «Нижер гIагарав чи Денгасда салам бице» – ян хъвай гуреб, тIокIаб тIад хIужа гьечIеб, Гьигьалъа Генубе бачIараб кагътидаса хадуб бакканилан. Гьел кагътил мухъалги цIалун, гIедегIун вугила НурмухIамадил МухIамад Шамилил кIудияв эмен Гьигьалъа вукIанин абизе. Гьев автор живго гIедегIун вугин ккола мунагьал чураяв НурмухIамадил МухIамадица хъвараб жоялъе къимат кьезе. Гьев энциклопедияб лъайги бугев, кьучIав гIалимчи вукIараблъи Дагъистан тун къватIибехунцин лъала. Гьелъ гуро НурмухIамадил МухIамадица Денгав Гьигьалъа вукIанин абун хъвараб. Дида ва дун гурездаги лъикI лъала НурмухIамадил МухIамад кигIан гъваридаб лъаялъул гIалимчи вукIаравали.

Дида лъалел гIалимзабазда гьоркьов Шамилил рагъазул тарих гьесда гIадин гъваридго лъалев чи вукIанин абизе кIоларо. Дида гьес чанцIулго бицана имамасул умумул чIамалал рукIанилан. Дица киса гьел баяналин абураб мехалъ, гьес бицана «ЖамгIул-жамавигI» абулеб тIехьалъул мужалатазда тIад хъварал тарихиял хъвай-хъвагIаял ругилан. Хадуб дица гьел баянал кьеян гьаридал, гьес дихъе бачIана Шамилил умумузул хIакъалъулъ гIарабалъ хъвараб тIамач. Гьелъул дица Шамилил кьалбазул рахъалъ бугеб хадусеб пикруялда бицунеб буго.

Микьабилеб пикру – Шамилил кIудияв эмен Гьаквариса вукIанин абураб. Имамасул эмен Денгав МухIамадги гьесулги эмен Денгаги рехсараб росулъа рукIанин хъвалаан нилъеца цевехун рехсарав ГьаракIуниса НурмухIамадил МухIамадица. Киса гьеб баян босарабан цIехедал, гьес дихъе бачIана гьеб тасдикъ гьабулеб гIарабалъ хъвараб цо тIамач. Гьелда ругоан батIи-батIиял лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ баянал: Шамилил умумузул, Дагъистаналда ккараб багъа-бачариялъулъ гIахьаллъи гьабурал ва ккун арал цIумадисезул сияхI. Авторас Шамилил умумузул аслу Гьаквариса букIанин кьучI гьечIого бихьизабизе рес гьечIин ккола. ГIадамазда гьоркьоб гьеб пикру ургъунго билълъинабизе бокьун букIарабани, щайха гьес гьебго кагътил тIанчида цоги баяналги хъвазе кколел? Бихьулеб букIахъе¸ гьев чияс (дир пикруялда, гьев вукIине бегьула гIалим ГIабдурахIманов Сажид) гьел баянал цо тIанчиде росун ратизе руго цоги тIахьаздаса жинцаго хадуб пайда босизелъун ялъуни наслабазе тезелъун. ПалхIасил, гьел тарихиял баяназда мугъчIвазе бегьулин ккола. Жеги мухIкан гьабуни, рехсараб кагътил тIанчида хъван буго Денгав МухIамадги гьесул эмен Денгаги Гьаквариса рукIанилан ва гьесул мугIалимги Гьаквариса ЧIирилав абулев чи вукIанин. Гьесда цеве цIалун лъугIараб мехалъ Денгаца мугIалимасда гьикъун буго хадувккунги цIализе кивехун ун лъикIилан. ЧIирилас абун буго хьиндалазул гендерил дибирасухъе айилан. Гьенив цIалулаго ячун йиго гьес чIужуги ва гьавун вуго васги. Гьесие цIарги кьун буго МухIамадин абун. Цо заманалдасан Денгав хун вуго. КIудияв гIедал, гьесул вас МухIамадица ячун йиго ГIашилтIаса яс. Гьелъ гьавурав васасда цIар лъун буго Шамилин абун. ТIадехун рехсараб тIанчида хъван буго Шамил имамлъун вищулелъул гIемерисел гьаквариселги анин гьесул бодулъеян. Гьенир рехсон руго Гьаквариса МикагIил, КъалахIажияв, НакIкIилъа ХIажимухIамад, Карим ва МикIат. Гьениб МикагIилил рахъалъ хъван буго гьев рагъулъ гъалбацI гIадинав вукIанин. Унсоколо бахъулелъул МикагIилиде данде вахъун вугила гьеб росдал цевехъан Тотомилав. МикагIилица гьев чIван вуго ва живгоги лъукъун вуго ботIролъ ругъунги щун. Хадуб гьеб тIанчида хъван буго Шамил ккун хадур Сибиралде ритIарал ЦIумадаса чагIазул сияхIги. КIиабизеги Денгав МухIамад Гьаквариса вукIиналъул хIакъалъулъ хъван буго кIудияв гIалим ГьаракIуниса СагIидил кверал хъван батаралдаса Щуланиса гIалим ва шагIир Абу ИсхIакъ ИсмагIилдибирица. Гьев ккола ЧIохъа гIалим Абубакарил вас. Гьениб гьес хъвалеб буго Денгав МухIамад ТIаса Гьаквари гьавунилан. Дагьаб заманаялъ Гьаквари гIумруги гьабун, гьес гьижра гьабунила Унсоколобе. ХутIмаялъеги цIакъав вукIанила. Маххулкъебелъиги гьабулаанила. ЧIужуги ячанила ГIашилтIа росулъа Баху-Меседо абун. Гьелъ гьесие 1798 соналъ Шамилги гьавунилан (Сулейманов Д.О. «Прошлое и настоящее верхнегакваринцев (XI-XX»). Махачкала, 2007).

ИчIабилеб пикру – Шамилил умумул Гьигьалъа рукIанин абураб. Гьеб хабар дида рагIана жеги дун школалда цIалулаго росдал шофер ТашахIажил вас Канзуласдасан. Гьес бицана Шава хъутаналдаса рачIунел гIадамалгун

жал рещтIанила Хасавюрталда лъилалиго петералда. Жидеего гьан босизе базаралде аралъур, цо гьан бичулев Гьидалъа чияс гьикъанила жидеда нуж киса кколелилан. Жидеца ЦIумада районалъул Гьигьалъа ругилан бициндал, гьес абунила нужехъа вукIун вугин Шамилин абун. Нижеца гьев жагьилав, щибго тарихалъул жо лъаларев чийинги ккун, релъулаго абунила Шамил Генуса вукIанин. Жал релъараб мехалъ, гьесда квеш бихьанила. Ццин бахъарав гьес абунила нуж нахъе унгейин, дихъ рокъоб бугин гьев гьениса вукIанин хъвараб тIехьин. Жинца батIаго доб мехалъ кIвар кьечIин гьеб харбидейин бицана Канзулас. Жидее доб мехалъ ургъел букIанила хехго росулъе щвеялъулин бицунаан хаду-хадубги мунагьал чураяс. Гьединго гьев Гьигьалъа вукIанин бицунаан КIуядаса МустIапацаги ва цоги росабалъа чагIазги, хасго гьигьалъдерил харабаца. Гьедин бицунеб букIаниги, дица гьадингояб хабар батилин тун букIана гьеб бицен. Гьелдаса нахъе 10-12-ниги сон ана. Цо дагьал соназдасан ГIашилтIаса учитель Батулил МухIамадица (1996 соналъ) магIарул мацIалда хъвараб тIехьалда буго Шамилил инсул эмен Денгав Гьигьалъа вукIанин. Гьеб тIехь цIалун хадув дун кIицIулниги щвана ГIашилтIе гьесухъе. Дица гьесда цIехана дуда кисан лъалебин Денгав Гьигьалъа вукIин. Гьес бицана жиндаги гьеб инсуца – Айдемирил МухIамадица (1910-1990сс.) бицанин. МухIамадица дида бицана: битIун абуни, жиндие инсудасан Гьидалъин рагIизе бокьун букIанин. Гьоркьоб сонал араб мехалъги жинца инсуда нахъойги чанго нухалъ цIеханин Шамилил умумул киса рукIаралин. Цо нухалъ гьедин цIехараб мехалъ инсуца жив вачанила ГIанди гIор бихьулеб бакIалде, ва абунила, гъоб гIурул квегIаб рахъалде рахун, гIурул чвахиялда данде араб мехалъ Болъихъе щолин. Гьенисаги гьебго мухъккун ЦIумаде унелъул ГIанди гIурул квегIаб рахъалдаса тIадехун рагIулин гьеб росуян бичIчIизабунин жиндаян бицана Батулил МухIамадица. Дие бокьун букIана киса Айдемирил МухIамадида гьеб хабар рагIарабали лъазе. Хадубги гьес бицана жиндир инсуда гьеб бицун бугин ГIашилтIаса Маликица. Гьев кколев вуго АхIулгохIда бищун бахIарчилъи бихьизабураздасан цояв ГIашилтIаса Даришиласул (хвана 1905 (?) соналда) ИсмагIилил вас. Гьев Даришиласул эмен вукIана МухIамад, гьесулги эмен вукIана КIудияв Даришилав – бидвиххун ГIанчихъа ГIашилтIе вачIарав. КIиабизе Айдемирил МухIамадида гьеб хабар бицун буго ГIашилтIаса ГIабдулагьица, бергьарав гIалимчияс (1930 соназ къурбанлъарав). ГIабдуллагь ккола КъурбангIалил вас. Гьев вукIана Дагъистаналда цIар рагIарав гIалим, Шамилилги лъикIав гьудул, бахIарчияв рагъухъан, нилъехъе щвечIеб Шамилил рагъазул хIакъалъулъ хъвараб тарихияб асаралъул автор.

ГIабдуллагьги Айдемирил МухIамадги рукIун руго къедцоял мадугьалзаби, бакъалда гIодорги чIун хабар– кIалалда рукIунел чагIи.

Гьаб нилъеца тIадехун рехсараб хабар бицарав Батулил МухIамадги ккола Шамилил эбелалъул яцалъул наслуялъул чи. МухIамадица дида бицана гьебго росулъ чIаго вугин Шамилил эбелалъул рахъалъ вацгIаласул васасул вас Шагьасул Шамил, 1903 соналъ гьавурав. Гьесул кIудияв эмен Пирбудагъ вукIун вуго Шамилил эбел Баху-Меседол вацгIал. Гьес дида бицана, гьесул кIудияв эмен Пирбудагъица бицухъе, Денгав МухIамад вачIанила цIализе ГIашилтIе Гьигьалъаян. Лъабго соналъ ГIашилтIаги цIалун хадув цIализе ун вуго Генуве. Гьенив цIалулаго, цо дагIбаги ккун, гьев тIадвуссун вачIун вуго ГIашилтIе, гьениве вачIине хъван букIун бугин жиндир къадарин абун. Гьений гьес ячун йиго Баху-Меседо. Эбел-эменги хун бесдал хутIарай гьей

киданиги росасе инарин абун йикIун йиго. Гьезул гIагарлъиялъ, инчIого бегьуларин абун, хIалица кьун йиго гьей росасе. Генуб лъугьараб дагIба кIочараб мехалъ, Денгав МухIамад нахъеги вачIун вуго хъизангун гьениве. Гьенив Баху-Меседоца гьавун вуго васги, гьесие цIарги кьун буго Шамилин абун.

Нилъеда бихьухъе, тIадехун рехсарал пикрабазда гьоркьор кьучIаллъун рикIкIине бегьулелллъун ккола Шамилил эмен Гьакварисаги Гьигьалъаги вукIанин абурал. ГIараб хъвай-хъвагIаязда рекъон Шамилил умумул кколел руго Гьаквариса, Шамилил ирсилазги ва цогидазги бицухъе, Гьигьалъа. Гьеб дандеккунгутIиялъе гIилла батилин ккола гьадинаб. Гъоркьа Гьакварисез ТIасияб Гьаквари росу рикIкIуна Гьигьалъдеридасан лъугьараблъун. Гьенир ругел тухумазда лъала жидер рижи Гьигьалъа букIин. КIиабизеги, цересел гIасрабазда тIадмагIарулазул росабалъ гIемерал гьигьалъдерил гIалимзаби рукIун руго дибирзабилъун хIалтIулел. Гьезул цо-цояз гьенисанго лъудби рачун рукIун руго. Масала: Гьигьалъа Муса вукIун вуго Гьакварив дибирлъун. Гьениса гьес ячарай чIужуялъ гьесие гьавун вуго вас ГIабдуллагь. Хадусалалъ гьев ГIабдуллагь хIалтIун вуго гьенивго дибирлъун. Гьев, гьигьалъисез гуревги, гьакварисезги рикIкIунев вукIана росуцоявлъун. Гьединабго къисмат батизеги бегьула Шамилил инсулги.

Киназдаго лъалеб жо буго Шамилил инсуда цIар Денгав МухIамад (чIамалазул къагIида) букIараблъи. МагIарул мацIалда – Денгал МухIамад. Денга абураб цIар гIатIидго тIибитIун букIана ГIанди гIурул тIалъиялда ругел жамагIатазда гьоркьоб. Гьигьалъ росдал мажгиталъул къадада буго 1760/61 соналъ гьабураб хъвай– хъвагIай. Гьелда цогидал цIаразда цадахъ Денга абураб цIарги буго.

Абизе ккола чIамалазул мацIалда хаслъул падежалъул суффикс – в данде ккола авар мацIалъул – (у)л суффиксалда: чIамалазул Денга– в, магIарул – Денга – л. Генуб росулъ Шамилил инсуда цIар Денгав МухIамад букIун батани (Денгал МухIамад букIине мустахIикъаб бакIалда), гьелъ нилъ ургъизе тIамулел руго гьеб цIаралъулъго гьечIодайин гьесул вижиялъул кIулин абун.

Гьаб макъалаялда дица данде гьаруна Шамилил инсул рахъалъан умумузул хIакъалъулъ лъалелщинал пикраби. Гьелъие гIиллаги букIана гьезие гIелмияб къимат кьей. РакIчIун абизе кIола, умумузул аслу цIехон имам Шамилие суал кьун букIарабани, гьес гьелъие жаваб кьезе букIанин жив Кавказалъул вас вугин абун. Щибго щаклъи гьечIо, Шамил Генув гьавуравги гIуравги вукIиналда. Гьениб гьесие тарбия щун букIинчIебани, щиб лъалеб, вахъинааниц гьесул машгьурав имам? Гьеб даражаялде вахине гьесие квербакъана тIоцебе эбел-инсуца, гендерил ва гIещдерил жамагIатаз. Гьелъухъ гьезие абадияб баркала. Шамил гIадал васал гьарун бохизабеги эбелаб Кавказ. Ахиралда абизе бокьун буго: киса вукIаниги, гьес цолъизаруна нилъер миллаталги, абадиялъе машгьур гьабуна жиндирго цIарги тIолабго Кавказги.

***Шамхалдибир ГIИСАЕВ,***
*ДГУялъул юридикияб факультеталъул кIудияв преподаватель, РФялъул ГIелмабазул академиялъул ДНЦялъул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб МацIалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул гIелмияв хIалтIухъан.*

# ВагӀзади, гӀакълади, насихӀатал

## БЕРЦИНАБ ХАБАР

Муса авараг (гӀ.с.) «Тури синаъ» абулеб магӀарде Аллагьгун кӀалъазе унеб мехалъ, цо чи ватана, салиялда жанивеги лъугьун, Аллагьасе хъулухъ гьабулев. Муса аварагас гъов чиясда, вилълъун унаго, гьикъана: «Мун кинав чи?» – абун. «Дун цо гӀаврат бахчулеб ретӀел гьабизе боцӀи гьечӀев, пакъирав чи вуго, гьелъие гӀоло, гьаниве вачӀун, гьаб салиялъ гӀавратги бахчизабун, Аллагьасе хъулухъ гьабулев вуго. Аллагьасда кӀалъан хадуб дуца Аллагьасда абе, дие боцӀи кьеян», – абунила дов чияс. Цинги Муса, Аллагьасдехунги кӀалъан, нахъвуссине бокьараб мехалъ Аллагьас абунила: «Дов Дир лагъасул аманат щай дуца Дида абулареб?» – абун. Мусаца абуна: «Я Рабби, Дуда цӀакъ лъала Дур лагъас абураб жо», – абун. Аллагьас абуна: «Я Муса, дуца дов Дир лагъасда дуй боцӀи кьеялъулъ маслихӀат гьечӀоян абе». Цинги Муса авараг нахъвуссун вачӀунеб мехалъги, гьадабго хӀалалъ Аллагьасе хъулухъ гьабулев вукӀана дов чи. Аллагьас абураб жо гъосдаги бицун, Мусаги ана. Нахъеги таманаб мехалдасан Муса «ТӀури синаъалде» Аллагьасде мунажат гьабизе унаго, гьадабго бакӀалда Аллагьасе лагълъи гьабулев ватана гьадавго чи ва гьес нахъойги Мусада абуна: «Аллагьасда дие боцӀи кьеян абе» – абун. Гьаб нухалдаги Аллагьас абуна Мусада гьадабго цебе абураб жо, хӀатта лъабабизе абураб мехалъги гьадабго бакӀалда довго чи ватана Аллагьасе гӀибадат гьабулев. Гьеб мехалъги абуна: «Я Муса, дуца абе Аллагьасда дие боцӀи кьеян» – абун. Гьеб лъабабизеги абураб мехалъ, Аллагьас абуна Мусада: «Дуца абе, Муса, дов Дир лагъасда: гьанже дица гьесие боцӀи кьуна абун». Цинги Мусаца абуна дов чиясда: «Гьанже Аллагьас дуе боцӀи кьуна» – абун.

Гьеб къоялдасан байбихьана гьев чиясе боцӀи кьезе. Лъабго-ункъо соналда жаниб месед-гӀарац, лагъзал, гъараващал данделъана, рукъзал-хъулби рана, гӀиязул рехьаби гӀуна, хӀатта гьесул боцӀул гӀемерлъиялъ авлахъал къварилъун, гӀадамазул зигара баккана.

Цинги цо заманалдасан Муса (гӀ.с), мунажаталде унеб мехалъ, гьев чи вугеб росулъе гьоболлъун рещтӀана, цинги гӀадамазда Муса (гӀ.с). вихьун, гьадав чиясул бакӀалде гьоболлъун витӀана. Цинги дов чиясул гъафуялде Муса авараг (гӀ.с.) щвараб мехалъ, лагъзал ун, досда абуна цо гьобол вачӀун вуго абун. Вахъун балагьараб мехалъ гъосда Муса авараг (гӀ.с.) вихьана. Цинги авараг цо рокъове лъугьине гьавуна. Цинги гьев чиги чӀужуги кӀудияб ургъаликье ккун, Муса аварагасда (гӀ.с) гьаз абуна: «Жакъа нижеца боцӀи рикӀкӀун, гьелъул хӀисаб гьадигӀан азарго буго абун дафтаралда хъван букӀана ва гьездасан цониги жо хъуни, азаргоялъул рикӀкӀен хвезехъин буго, гьоболлъиялъе щиб хъвелеб гьанже?» – абун. Цинги гьезул цо кьарияб кето букӀун буго. ТӀокӀаб гьабизе гӀамалги батичӀого, гьаз, гьагъаб кетоги хъун, белъинеги белъун, Муса аварагасда (гӀ.с.) цебе лъунила. Гьес, кваназе

абун, квер битIараб мехалъ, тепсиялдаса цо гьаракь бахъана: «Я Аллагьасул авараг, дун дуйги дур умматалъеги кваназе хIарамаб хIайван буго» – абун. Кето тепсиялдаса тIаде бахъун чIана. Гьеб мехалда росги чIужуги, Муса аварагасдаса (гI.с.) нечон, цо юргъаналда нахъе лъугьун, рахчана. Гьеб бакIалда Аллагьас гьел кIиялго хисизе гьаруна: рос – тIимугъ-квасул ретIел кваналеб иц лъугьана, чIужуялъул – махI квешаб жунжра лъугьана. Цо-цо гIадамаца гьелде ивус абула.

«Дица гьаб дунялалдаса Дие гIодобегIанаб щибниги халкъ бижичIо. Дуца гьеб дунял те, гьаб дунял – питна буго, гьеб бокьарав чиясе балагьги буго. Дунял бугебани Аллагьасда аскIоб кIкIараялъул кваркьиялданиги бащадаблъун, Аллагьас капурчиясда гьаб дунялалъул цо къулчIараб лъин гьекъезе гьабилароан ва Дица гьаб кинабго дунял бижана ургъел ва пашманлъилъун.

Я Адамил лъимер, Дица ахират бижун бугебани гамачIалдасан яги хIарщудасан жиб нахъе хутIулеблъун, Дица дунялги бижун бугебани месед-гIарацалдасан ва якъуталдасанги жиб паналъулеблъун, дуда тIадаб буго нахъе хутIулеб ахираталде хьул лъун гIамал гьабизе, паналъулеб месед-гIарац-якъуталдасан бугониги дунялалъул гIамал рехун тезеги. Дуда лъалаха, ахират месед-гIарац-якъуталдаса букIиналда цадахъ, гьеб нахъе хутIулеб букIинги, дунял хIарщалдасан, гамачIалдасан данде гьабураб, хъублъиялъулги цIураб букIин, гьеб хехго паналъулеб букIинги. КIудияб ахIмакълъи гурищ, нахъе хутIулеб месед-гIарац-якъутги тун, паналъулеб гамачIги, ракьги, хIарщги хъублъиги бокьи.

Я Адамил лъимер, нуж данделъани – нужер цере аралги нужер хадур рачIине ругелги, нужер женалги, нужер гIадамалги, нужер гIатIгоябгун нужер бакъварабщинаб, ункъабго зобалда тIад бугеб «ГIаршу РрахIманалдасан» байбихьун, ункъабго ракьалде гъоркье щвезегIан гьоркьоб бугебщинаб жоги данде бачун – Дун нужеда гурхIани гурони, нужер хIал кIвеларо ракьалдасан цохIо мугь, я цо горо пихъилниги, цо тIамах гъветIалда бижизе гьабизениги, я цо тIири лъадал зодосан тIинкIизе гьабизениги. Аллагьас абуна: кинабго боцIи – Дир боцIи буго. Дирго буго Алжанги, пакъирзабиги Дирго хъизан буго, нужеца Дидасан бичун босе, Дирго пакъирзабазе кьун Дирго боцIухъ бичун босараб Алжаналдасан нужее хайир ккани, нужейго буго хайир гьелдасан, зарал ккани, гьеб зарал Дие букIине ккола, щай абуни, гьелъухъ кьураб боцIи Дирго бугелъул, зарал боцIул бетIергьанаселъидал букIунеб.

Я Адамил лъимер, тIадагьаб гьир дур мугъалъе баччизе бигьаяб буго бакIаб гьиралдаса, дагьаб боцIиги дуе хIисабалъе бигьаяб буго гIемераб боцIиялдаса.

Я Адам аварагасул вас, дуца гIелму тIалаб гьабе, жиндир гIелму гьечIев чиясда гIакълуги букIунаро, жиндир гIакълу гьечIев чиясул динги букIунаро, жиндир дин гьечIев чиясе ахираталда алжанги букIунаро.

Я Адам аварагасул вас, дуца дунялалъул боцIи данде бакIарана цIакъ хIаракат бахъун, гIемер захIмат бихьун, мунги лъугьана гьеб тIалаб гьабиялъулъе ва дуда, дунялалъул ургъалида вукIун, ахиратги кIочон тана, дунялалъул ургъалидаса кида мун регIарав ахираталъе гIамалал гьаризе, хвелги бугелъул дуда цебе. ЦинтIаго гьеб хвелалъ мун кквела.

Я Адам аварагасул вас, кидаллъизегIан дуца мунагьаздасан тавбу гьабулеб, нахъойги мун долго мунагьазде тIадвуссунев, цин тавбу гьабун, нахъойги мунагьал гьарун, хадубги тавбу гьабун, гьедин кидаллъизегIан вукIинев? Дур къуват-гуч батани, мун Дир гIазабалдаса нахъе чIвалеб, мун дуе бокьараб куцалда гIассилъе, амма Дир гIазаб нахъчIвазе дур кутак батичIони, мун гурхIа дурго загIипаб черхалда, мунго хун хадуб, кив, щал гIамалаздасан тавбу гьабун хадуса тIокIал мунагьалги гьаричIого Дида дандчIвалелде цебе.

Я, Адамил лъимер, Аллагь разилъиялъе гIоло дуца дурго ракI гьабе дур мацIалда рекъараблъун, ва дур мацIги гьабе дур гIамалгун цадахъ рекъараблъун, ва дуца дур гIамалги гьабе лъикIаблъун. ХIакъикъаталда мунафикъасул ракI мацIалъ абулеб жоялъулгун хилафалда букIуна, гьесул гIамалги, Аллагьасе гуреб, цойгидаб жоялъе гIоло букIуна.

Я, Адамил лъимер, алжаналъул ракьалдасан цо хъат цIураб жо бакъ баккуда тIибитIун бугони, гьелъул махI бакъ тIерхьуда бугеб агьлуялде щун батилаан, цо гел цIун цо бакIалде тIуни, жужахIалъул агьлуялдасан чвахараб бигин хьвердалъул бухIиялъул кутакалъ анкьабилеб ракь, бихъун, бутIа-бутIа гьабун, щущан инаан. ЖужахIалъул рахасалдасан цо кIиликI дунялалъул мугIруздасан цо мегIералъул бетIералда лъун бугебани, гьеб, цIадаб тIухьи биунеб гIадин, биинаан. ЖужахIалъул цIадав чIезе дуда хIал кIвеладай?

Я, Адамил лъимер, цо калимаялдалъун мун кIалъаларо, цо бербалагьиялдалъун мун балагьизеги балагьиларо, цохIо галиги дуца босиларо, дуца абурал рагIаби, гьарурал гIамалал хъвалел кIиго малаик дуда цадахъ вукIун гурони. Чан чи вугев жиндир черхалда къуватги бугев, Дие тIагIат гьабизе жив загIипав, ва алжаналъул рохел буго жиндир къуват Дие тIагIаталъе хIалтIизабурав чиясе ва жужахIалдасан цо кIкIал буго жиндир къуват Диде гIассиял гIамалал гьариялъе хIалтIизабурав чиясе.

Я, Адам аварагасул вас, лазатал квенал кванарал чагIи кире арал, чорхое рокьарал жал гьаруралги кире арал, месед данде гьабурал чагIиги кире арал, жидер чурхдузе бокьарабги гьабун, рохалида гIодор чIун, рахIат гьабулел чагIиги кире арал? Гьел гIадамал дунялалдасан рахьун цIакъ пашманго ана жал ругеб бакIалде, ракI гъезе жо гьечIого янгъизго рукIунеб ракьалда жанире.

Я, Адамил лъимер, вачIарав гьобол дуца рокъове ваче, пакъирасе боцIудалъун, гурхIун, кумекги гьабе, гIагарал чагIазулъ гIагарлъиялъул бухьенги цIуне, жинде балагь щварав чиясда гурхIизеги гурхIа, бесдал лъимерги кIодо гьабе дуца, мун дов бесдал лъималазеги цIакъ гурхIарав эмен гIадин вукIа, мун вукIа рос хун хутIарал къорол руччабазеги гурхIарав рос гIадин. Щив чи гьаб сипаталда вугониги, гьес Диде ахIизеги ахIани, Дица гьесул ахIиялъе жаваб гьабила, гьес Дида гьаризеги гьарани, гьеб гьарараб жоги Дица гьесие кьела».

*(Гьаб хъварасул цIаларасде дугIаялъул васият буго).*

***ГIуриса ГIалил МУХIАМАД-ХIАЖИ.***



Чlарада районалъул Гьочоб росу

Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

